Ө. ӘЛЕЎОВ, Т. ӨТЕБАЕВ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ПЕДАГОГИКА ИЛИМИНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ ҲӘМ РАЎАЖЛАНЫЎЫ





ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТИРЛИГИ

Ө. ӘЛЕЎОВ, Т. ӨТЕБАЕВ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ПЕДАГОГИКА ИЛИМИНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ ҲӘМ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

(Оқыў қолланба)

NAMANGAN DAVLAT UNIVERSITETI Ahborot-resurs markazi 1 1576

Ташкент – 2007

**Ө.Әлеўов, Т.Өтебаев.** Қарақалпақстанда педагогика илиминиң кәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Т., « Fan va texnologiya», 2007 ж., 128 бет.

Қолланбада Қарақалпақстандағы педагогика илиминиң илим сыпатындағы кәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы тарийхы, 30-жыллардағы дәслепки илимий мекемелердиң жүзеге келиў жағдайлары, соңғы дәўирдеги педагогика илимин раўажландырыўда жетекшилик қылған көрнекли педагог-алымлардың тутқан орны, ғәрезсизлик жылларындағы бул илим саласының өзине тән изертлениў жагдайлары ҳәм оны жетилистириўге үлес қосқан педагог алымлардың өмири ҳәм хызметлери сөз етиледи.

**Жуўаплы редакторы:** Филология илимлериниң докторы, проф. **М.Кудайбергенов**

**Пикир билдириўшилер**: Педагогика илимлериниң кандидаты, доц. **И. Алланиязов;** Педагогика илимлериниң кандидаты, доц. **А. Тилегенов;** Педагогика илимлериниң кандидаты, доц. **П.Абдимуратов**

**ISBN** 978–9943–10–042–8

**© «Fan va texnologiya» nashriyoti, 2007 y.**

## Қарақалпақстанда педагогика илиминиң илим сыпатында қәлиплесе баслаўы (1920-1930 жж.)

ХХ әсирдиң 20-жылларында жадидшилик ҳәрекети тәсиринде жергиликли зыялы қәўимниң басламасы ҳәм талап етиўи нәтийжесинде Қарақалпақстанда мәдений қурылыс ислери әдеўир көлемде жүргизиле баслады. Әсиресе, халықты билимлендириў исине, мектеп тараўына айрықша дыққат аўдарылды. Мектепти раўажландырыў саласы көплеген муғаллим кадрларды зәрүр етти. Муғаллим кадрларды жетилистириў мәмлекетлик истиң бир шақабы болып, алдына үлкен ўазыйпалар қойылды. Усы мақсетте елимизде ири-ири ислер жүзеге асырыла баслады. 1918 жылы Әмиўдарья бөлиминиң областлық халық тәлими шақабы дүзилди. ВКП(б) ОК 1919 жылы 20-декабрде 8-50 жас аралығында барлық саўаты жоқ, билимсиз адамлардың хат-саўатын ашыўды ўазыйпа етип қойды 1923 жылы шөлкемлестирилген «Саўатсызлықты сапластырыў жәмийети» (ОДН) областа ғана емес ал район ҳәм аўылларда өз бөлимлерине ийе болды.

Саўатсызлар менен шала саўатлылардың ҳәм жадид мектебин питкерген зиялылардың есабы алынды.

Шынында да халық билимлендириў исинде алға қойылған ўазыйпаларды әмелге асырыўда елимиздеги оқыў-тәрбия ислериниң тарийхый тәжрийбелерин изертлеў ҳәм оны үйрениў үлкен әҳмийетке ийе. Халық тәлиминиң теориялық ҳәм әмелий табысларын, көп жыллардан берли топланып келген алдыңғы тәжрийбелерди илимий көзқарастан изертлеп, муғаллимлер журтшылығына таныстырып барыў оғада зәрүр. Әсиресе тәлим-тәрбия исиниң бу-

рынғыдан да жақсыланып барыўының қолайлы усыл ҳәм жолларын өз ўақтында анықлап, көрсетпелер берип отырыў ең әҳмийетли ўазыйпалардың бири.

Елимиздиң педагог алымлары тәлим-тәрбия машқалаларын изертлеп көплеген илимий жумыслар, диссертациялар жазды. Усы бай педагогикалық теориялар менен тәжрийбелерди, ой-пикирлерди илимий көз-қарастан үйренип, таллаў жасаў ҳәзирги педагогика илиминде зәрүр мәселелердиң бири. Себеби өтмиштеги қолға киргизилген илим жетискенликлерин терең өзлестирмей турып, илимди және де раўажландырыў, оның ҳәзирги күн ушын ең зәрүр жөнелисин бағдарлаў қыйын.

XX әсир басындағы қызыл империя колониялығы дәўиринде Қарақалпақстандағы мектеп өзиниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўының дәслепки дәўиринде (1917-1930) районлық, областлық методикалық кабинетлер менен халық билимлендириў бөлимлериниң хызметкерлери басшылығында ислеп шығылған илимий педагогикалық ҳәм методикалық материалларға тийкарланып жумыс алып барды. Бул жыллары бир қатар педагогикалық мәселелер: үлке мектеплериниң типлери, оқыў жылының календарлық дүзилиси, қарақалпақ тилиндеги мектеплердиң оқыў жобалары, оқытыў формалары менен усыллары қарақалпақ тилинде ҳәрип таңлаў, оқыў багдарламаларын ислеп шығыў, оқыў қуралларын, сабақлықларды жазыў, мектепте ҳәм мектептен тыс алып барылатуғын тәрбиялық жумыслардың мазмунын анықлаў, муғаллимлердиң халық арасында сиясий-ағартыў ислерин жүргизиўи, оқытыўшы кадр таярлаў т.б. мәселелер қолға алынды.

Бул гезлерде педагогика мәселелерин изертлеў ҳәм буған улыўма илимий басшылық ислерин алып барыўды,

РСФСР халық ағартыў комиссариатының илимий мекемелеринде, сондай-ақ Орта Азиядағы оқыў орынларында жумыс ислейтуғын илимий кадрлар жүзеге асырды. Әсиресе Ташкенттеги Қазақстан мәмлекетлик баспасының күн шығыс бөлими, ондағы алымлар: М.О.Әўезов, А.Диваев ҳ.т.б. хызмети айрықша көзге түсти[1]. Олар баспадан шығарылып атырған мектеп сабақлықларының сапалы болыўын тәмийинлеўде мәсләҳәтлер берип отырған С.Мәжитовтың «Әлипбе», «Оқыў китабы» «Егделер саўаты» (Ташкент, 1925) т.б. китаплары усындай жағдайда баспадан шығарылған еди.

Амударья областының дүзилиўи менен 1920 ж. 14-октябрде областлық атқарыў комитети жанынан халық билимилендириў бөлими (ХББ) шөлкемлестирилди[2]. Буиың үш штаты: бөлим баслығы, аралап жүриўши инспектор ҳәм хаткери болды. Қарақалпақстан өз алдына автоном област болып қәлиплескеннен кейин, 1925 ж.18-декабрде областлық атқарыў комитетиндеги улыўма бөлимнен областлық халық билмилендириў бөлими ажыралып шығып, өз алдына жумыс алып баратуғын орайлық басқарыў мекемеси болып дүзилди. Бунда ислеўши хызметкерлер саны 1925 ж. дәслебинде он адамға, кейин ала губерниялық билимлендириў бөлими қағыйдасына муўапық 21 штатқа көбейтилди.[3] Усы қағыйдада көрсетилген режеге сай областлық халық билимлендириў бөлимине халықты билимлендириўден тысқары, мектеплер турмысына байланыслы илим-изертлеў жумысына, көркем өнер ҳәм әдебият сала-

---

[1] Ө.Әлеўов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис. «Билим» 1993. 470-бет.

[2] Ж.Урумбаев. Очерки истории школы в Каракалпакстане. Нукус. «Каракалапкстан» 1974. 392-стр.

[3] ЦГА КР, ф. 26,оп.1. д.145,л.1-3

рынгыдан да жақсыланып барыўының қолайлы усыл ҳәм жолларын өз ўақтында анықлап, көрсетпелер берип отырыў ең әҳмийетли ўазыйпалардың бири.

Елимиздиң педагог алымлары тәлим-тәрбия машқалаларын изертлеп көплеген илимий жумыслар, диссертациялар жазды. Усы бай педагоғикалық теориялар менен тәжрийбелерди, ой-пикирлерди илимий көз-қарастан үйренип, таллаў жасаў ҳәзирги педагогика илиминде зәрүр мәселелердиң бири. Себеби өтмиштеги қолға киргизилген илим жетискенликлерин терең өзлестирмей турып, илимди және де раўажландырыў, оның ҳәзирги күн ушын ең зәрүр жөнелисин бағдарлаў қыйын.

XX әсир басындағы қызыл империя колониялығы дәўиринде Қарақалпақстандағы мектеп өзиниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўының дәслепки дәўиринде (1917-1930) районлық, областлық методикалық кабинетлер менен халық билимлендириў бөлимлериниң хызметкерлери басшылығында ислеп шығылған илимий педагогикалық ҳәм методикалық материалларға тийкарланып жумыс алып барды. Бул жыллары бир қатар педагогикалық мәселелер: үлке мектеплериниң типлери, оқыў жылының календарлық дүзилиси, қарақалпақ тилиндеги мектеплердиң оқыў жобалары, оқытыў формалары менен усыллары қарақалпақ тилинде ҳәрип таңлаў, оқыў бағдарламаларын ислеп шығыў, оқыў қуралларын, сабақлықларды жазыў, мектепте ҳәм мектептен тыс алып барылатуғын тәрбиялық жумыслардың мазмунын анықлаў, муғаллимлердиң халық арасында сиясий-ағартыў ислерин жүргизиўи, оқытыўшы кадр таярлаў т.б. мәселелер қолға алынды.

Бул гезлерде педагогика мәселелерин изертлеў ҳәм буған улыўма илимий басшылық ислерин алып барыўды,

РСФСР халық ағартыў комиссариатының илимий мекемелеринде, сондай-ақ Орта Азиядағы оқыў орынларында жумыс ислейтуғын илимий кадрлар жүзеге асырды. Әсиресе Ташкенттеги Қазақстан мәмлекетлик баспасының күн шығыс бөлими, ондағы алымлар: М.О.Әўезов, А.Диваев х.т.б. хызмети айрықша көзге түсти[1]. Олар баспадан шығарылып атырған мектеп сабақлықларының сапалы болыўын тәмийинлеўде мәсләхәтлер берип отырған С.Мәжитовтың «Әлипбе», «Оқыў китабы» «Егделер саўаты» (Ташкент, 1925) т.б. китаплары усындай жағдайда баспадан шығарылған еди.

Амударья областының дүзилиўи менен 1920 ж. 14-октябрде областлық атқарыў комитети жанынан халық билимилендириў бөлими (ХББ) шөлкемлестирилди[2]. Бунын үш штаты: бөлим баслығы, аралап жүриўши инспектор хәм хаткери болды. Қарақалпақстан өз алдына автоном област болып қәлиплескеннен кейин, 1925 ж.18-декабрде областлық атқарыў комитетиндеги улыўма бөлимнен областлық халық билмилендириў бөлими ажыралып шығып, өз алдына жумыс алып баратуғын орайлық басқарыў мекемеси болып дүзилди. Бунда ислеўши хызметкерлер саны 1925 ж. дәслебинде он адамға, кейин ала губерниялық билимлендириў бөлими қағыйдасына муўапық 21 штатқа көбейтилди.[3] Усы қағыйдада көрсетилген режеге сай областлық халық билимлендириў бөлимине халықты билимлендириўден тысқары, мектеплер турмысына байланыслы илим-изертлеў жумысына, көркем өнер хәм әдебият сала-

---

[1] Ө.Әлеўов. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи хәм раўажланыўы. Нөкис. «Билим» 1993. 470-бет.

[2] Ж.Урумбаев. Очерки истории школы в Каракалпакстане. Нукус. «Каракалапкстан» 1974. 392-стр.

[3] ЦГА КР, ф. 26,оп.1. д.145,л.1-3

секциялар сол ўақытта педагогика ҳәм жеке пәнлерди оқытыў саласындағы машқалаларды үйренип, тәлим-тәрбия ислерин илимий жетилистириўди нәзерде тутып, режелер, планлар дүзди. Мысалы жәмийетлик тәрбия, улыўма кәсип-техникалық билим бериў секциясы 1928 жыл май-сентябрь айларында төмендеги мәселелерди көрип шыққан:

1. Аўыл мектеплерине муғаллим таярлайтуғын курслар ушын оқыў программалары менен сабақлықлар ислеп шығыў.

2. Аўыл мектеплерине тийисли оқыў программаларын қайта көрип шығыў.

3. Мектеплерде алып барылатуғын ғалаба жәмийетлик жумыслар бағдарын ҳәм оның мазмунын ислеп шығыў.

4. Мектептеги динге байланыслы мәселелерди талқылаў.

5. Мектеплердиң өзин-өзи басқарыўы ҳәм өз жумысларын уйымластырыў жағдайы, оның Қарақалпақстан шәриятына байланыслы жумысларының мазмунын анықлап, көрсетпелер бериў. Мектепке шекемги мекемелердиң жумысларын талқылаў ҳәм оны илимий тийкарда жетилистириў.

6. Муғаллимлердиң билимин жетилистириў түрлерин ислеп шығыў[5].

Көринип турғанындай сөз етип атырған бул илимий методикалық секция сол ўақыттағы Қарақалпақстан мектеплериндеги ең әҳмийетли мәселелерге дыққат аўдарған ҳәм оларды илимий тийкарда шешип бериўди нәзерде тутқан.

---

[5] ЦГА РК, ф.26,оп.1,д.248.77-78.

Илимий методикалық кеңестиң хаткери Попованың жәмийетлик тәрбия ҳәм кәсиплик билим бериў секциясы жумыслары бойынша қаралған мәселелер жөнинде 1928 ж. I-июлдағы баянламасында төмендеги мағлыўматлар орын алған: а) Оқыўшылардың өзин-өзи басқарыўы. б) ҚАО ты мектеплериниң жыллық өндирислик жобасының үлги схемасы. в) Мектеплерде балалар майданшасының дүзилиўи бойынша реже. г) Мектеплерде инструкторлық тексериў жүргизиўдиң үлги схемасы. д) мектептеги ҳәрқыйлы (илимий) клублар. е) Балалар үйиндеги жазғы тәрбиялық жумыслар. ж) Муғаллимлерди қайта таярлаў бағдарламасы, үлке таныў, математика, тәбияттаныў ҳәм педагогика мәселелери.

Секция мәжилисине таярланылған материаллар:

– мектепте революциялық күнди өткериў усыллары. Балалар үйиндеги педагогикалық жумыслардың есабы. Биринши басқышлы мектеплердеги балаларды есапқа алыў формасы ҳәм схемасы. Мектеплерде жәмийетлик пайдалы жумысларды алып барыў усыллары ҳәм т.б. мәселелер қаралған.

Усыған мегзес жумыслар илимий методикалық секция да яғный ағартыў ҳәм илимий терминология, баспахана ислери секциясында да өткерилип отырылған. Бул жумыс түрлериниң көпшилиги мектеп тәжрийбелери негизинде келип шыққан илимий бағдарлар бериў жетискенликлерине қарамастан көбирек инструкторлық көрсетпелерге ҳәм методикалық хатларға жақын еди.

Деген менен Қарақалпақстан жағдайында мектеплердеги тәлим-тәрбия ҳәм илимий-методикалық ислерге бурынғыдай мектеп-медресе оқыў бағдарындағы усыллық

көрсетпелер орнына, инструкторлық көрсетпелер берилип, методикалық хатлардың жазылыўы дыққат аўдарарлық ислер болды. Усылай етип, ОХББ жанындағы илимий методикалық секциялар тәрепинен ислеп шығылған илимий бағдардағы көрсетпелер, методикалық хатлар Қарақалпақстандағы педагогикалық илимий тәжрийбелердиң енгизиле баслаўы болып есапланды.

1928 жыл ҚАО муғаллимлери ҳәм зиялылары арасында илимий педагогикалық «Қызыл муғаллим» журналының шығарылыўы педагогика илимин, мектепте пәнлерди оқытыў усылларын муғаллимлер арасында ең жайдырыўда үлкен хызмет атқарды. Журналдың арнаўлы илимийпедагогикалық бөлими болып, ҳәр бир санында педагогика, методалогия бойынша мақалалар, сабақ өтиўдиң комплексли системасы ҳәм усыллары, жеке пәнлерди оқытыўдың мәселелри бойынша консультациялар берилип барылған. Мысалы, жаңа латынласқан қарақалпақ алфавитинде «Әлипбе» ни (1929) қалай оқытыў керек, математиканы оқытыўдың жаңа усыллары, жәмийет таныў ҳәм педагогика пәнлерин көрсетпели усылда оқытыў ҳ.т.б. машқалалар орын алған[6].

Журнал биринши мәрте ҚАО жағдайында педагогика ҳәм жеке пәнлерди оқытыў усыллары бойынша әмелий мәселелерди көтерип шығып, жәмийетшиликтиң педагогика илимине дыққатын аўдарды. Әсиресе жаслардың әдепикрамлылық тәрбиясына, оны жетилистириў машқалаларна айрықша кеўил бөлди.

Қарақалпақстанда педагогика илиминиң илим сыпатында қәлиплесип шығыўында областлық ХББ жанындағы илимий терминология секциясы үлкен хызмет атқарды.

---

[6] Журнал «Қызыл муғаллим» 1928. №1-4.

Илимий-терминологиялық секция өзиниң атының сәтли қойылмаўына қарамастан, қарақалпақ тилиндеги илимий терминлерди тәртипке салыў менен шуғалланыўдан тысқары, қарақалпақ тилиндеги сабақлықлар менен оқыў қураллары ҳәм методикалық қолланбаларды баспаға таярлаў жумысларында алып барды. Үлке таныў музейине де басшылық етип, көрсетпелер берип отырды. Әсиресе бул секция жумыслары жаңа түрк алфавити (ЖТА) комитети менен тығыз байланыслылықта ис жүргизилген.

Илимий терминологиялық секция ЖТА комитети менен биргеликте қарақалпақ тилиниң терминологиясын дүзиў жаңа алфавит ҳәм орфография қағыйдаларын ислеп шығыў илимий методикалық әдебиятларды баспаға таярлаўда тәжрийбелер топлай баслады.

Нәтийжеде областлық ХББ жанынан илимий методикалық секциясы бар илимий-методикалық кеңестиң шөлкемлести-рилиўи педагогика ҳәм халық билимлендириў саласындағы илимий методикалық изертлеўлердиң раўажлана басланыўына және де өз тәсирин тийгизди.

1930 жыл 9-15 апрелде Алма-Атыда болып өткен пүткил қазақ үлке таныў съездинде «Қарақалпақ тилин үйрениў тарийхы ҳәм областлық ХББ деги илим-изертлеў жумысларының жуўмағы» бойынша баянат тыңланды.[7] Баянат тезисинде областлық ХББ де тилди үйрениў бойынша илим-изертлеў жумыслары тийкарынан үш:

1) Терминологиялық комиссия.

2) Жаңа түрк альфавити (ЖТА).

---

[7] Ж.Урумбаев. Очерки истории школы в Каракалпакстане. Нукус, «Каракалпакстан», 1974. 396-стр.

3) Қарақалпақ тили грамматикасын изертлеў ҳәм сөзлик дүзиў бағдарында алып барылғанлығы көрсетилген.

Илимий-методикалық кеңес областлық ХББ деги барлық илимий-жумысларды бирлестирип, бағдарлап отырған. Мектеплер ушын жазылған сабақлық, оқыў қолланбаларды көрип шығып, қарақалпақ тилинде баспадан шығарыўға усыныслар берген яки қайта ислеп, толықтырыў ушын пикирлер билдирген.

Булардан тысқары 1929-жыл май айында областлық ХББ жанындағы пухаралардың инициативалық топарынан «Мәдений шөлкеми» атлы жәмийет уйымластырылды. Қарақалпақстанда педагогика илиминиң қәлиплесиўине ҳәм педагогикалық ойлардың раўажланыўына белгили дәрежеде тәсирин тийгизген бул шөлкемге идеология тараўындағы жуўаплы хызметкерлер, областлық ХББ бойынша жумысларға актив қатнасып жүрген мектеп муғаллимлери ағза болған. Олар жаңа латын алфавитин ислеп шығыўды жетилистирип, қарақалпақ тили орфографиясын, терминлерин ҳәм бул тилдеги мектеп сабақлықларын таярлап, областағы мектеп муғаллимлери арасында жеке пәнлерди оқытыў методикасы жумысларын шөлкемлестириў ислерине қатнасып отырған.

Сөз етип отырған дәўирде областлық ХББ деги жәмийетлик тәрбия секциясы жанындағы оқыў-методикалық бюро да белгили дәрежеде илимди раўажландырыўшы жумыслар алып барды. Бюроның басламасы менен системалы түрде Қарақалпақстан мектеплеринде оқытыў усылларын ҳәм тәрбия жумысларын жетилистириўди нәзерде тутқан муғаллимлер конференциялары менен семинарлары шөлкемлестирилип отырылды. 1928 жылдан баслап ҚАО барлық районлары орайларында метөдикалық бюро ҳәм

районлық сүйениш мектеплери (РСМ) дүзилди. Мысалы, 1928 ж. Шымбайда районлық методикалық бюро уйымластырылып, бунық қала ҳәм аўылдан таңлап алынған ең тәжрийбели қәнийге муғаллимлерден төрт ағзасы болған. Булардан тысқары, ири аўыллық мектеплер жанында методикалық бирлеспелер шөлкемлестирилип, булар алдыңғы педагогикалық тәжрийбелерди улыўмаластырып, оқыў-тәрбия жумысларының қәўендирликке бекитилген мектеплеринде жақсыланыўына жол-жоба берип отырған. ҚАО да бул дәўирде билим ҳәм мәдениятты, илимий-педагогикалық тәжрийбелерди ен жайдырыўға, алдыңғы оқытыў усылларын жетилистириўге әдеўир дыққат аўдарылып, 1927-28 оқыў-жылында 4022500, ал 1928-29 жыллары 9977500 сум қаржы жумсалған.

Педагогика илимини илим сыпатында қәлиплесиўинде Қарақалпақ жасларын ғалабалық түрде орайлық қалаларға билим алыў ушын жибериў ислери де үлкен тәсирин тийгизди. Араб алфавитинен латын алфавитине өтиў жүзеге асырылды. Мектеплерде оқыў ана тилинде жүргизилди. қарақалпақ баспаханасы уйымластырылып, сабақлықлар ҳәм оқыў қолланбаларын шығарыў иске түсти. Муғаллим таярлайтуғын қысқа курслар шөлкемлестирилди. Бириншн орта арнаўлы оқыў орны педагогикалық техникум (1934) ашылды.[8] Бул ислерде қарақалпақ халқының ағартыўшы шайыры, педагог-алым, дәслепки «Әлипбе» сабақлығының (1925) авторы, Қарақалпақ әлипбесин оқыў бойынша туңғыш илимий мийнет, әлипбеге дидактикалық көрсетпелер жазған С.Мажитов, қарақалпақ тили бойынша дәслепки муғаллимлердиң бири, бир неше сабақлықлардың авто-

---

[8] У.Алеуов. Каракалпакия. // Российская педагогическая энциклопидия. Том 1. М., «Большая Российская энциклопедия».1993. 418-стр.

ры. ҚАО ның областлық ХББ биринши баслығы, жаңа алфавит бойынша комитет баслығы, шайыр-ағартыўшы Қ.Әўезовтың, сондай-ақ қарақалпақстанда педагогикалық техникумды уйымластырыўшылар қатарынан орын алыўшы Қарақалпақ филологиясы бойынша дәслепки қәнигелердиң бири Х.Баймағанбетовлардың хызмети айрықша салмақлы болды.

ВКП (б) Окниң 1931 жыл 5-сентябрдеги Баслаўыш ҳәм орта мектеп ҳаққында ғы қарары, сондай-ақ ВКП (б) ОК ниң 1932-жыл 5-августағы «Баслаўыш ҳәм орта мектеплердиң оқыў программасы ҳәм режелери ҳаққында» гы қарарларына муўапық мектеплердеги методикалық жумысларды илимий тийкарда қайтадан қарап шығыў зәрүр болды. Бул қарарға шекем Қарақалпақстан мектеплери үлкен излениўшилик жолларды басынан кеширип, бул мәселеде жетисkенликлерге ерисиў менен кемшиликлерге де жол қойылды. Жоқарыда айтып өткен қарарлар орын алған кемшиликлерди сапластырып, оқыў ислерин қайта жанландырып, оны илимий-методикалық тәрептен жетилистириў зәрүрликлерин нәзерде тутты. Сөз етип отырған кемшиликлердиң бири 1930 жылы пайда болған билимлендириў системасындағы "проектлеў методы" (методы проектов) атлы усыл болып, бунда муғаллимлер тийкарынан программаны бағдарда услады. Бул "проектлеў методы" билим бериў тәртибин бузды. Сабақ ҳәм турақлы сабақ кестесин сапластырып, мектептеги билим бериў орайында "жәмийетлик пайдалы" жумыслар баслы орынды ийеледи. Бунда тийкарғы жетекши ўазыйпаны: "не ислеў керек", "бул ушын нени билиў керек" деген сораўлар менен алып барыў нәзерде тутылды.

Қарақалпақстан жағдайында “проектлеў методы” дәстүрий билим бериў усылларына сай келмегенликтен ҳәм зыялы жәдидшилердиң қарсы болыўына байланыслы мектеплерде галаба әмелиятта иске асырылмады, айрым мектеплерде ғана буны қолланыў орын алды. Бирақ бул метод мектептеги билим сапасына ҳәм тәлим тәрбиялық жумысларға унамсыз тәсирин тийгизди.[9]

ҚАО ХББ тәрепинен 1933 жыл үлкедеги жети район мектеплери тексерилип көрилгенде, оқыўшыларды аўыл-хожалығы жумысларына жумсаўға байланыслы оқыў еки айға кеш басланған. Оқыў 1-июнда тамамланыў орнына егис мапазына байланыслы апрельде тоқтатылған. 1933-34 оқыў жылында бул тексерилген жети район мектеплериниң биреўинде де оқыў программасы орынланбаған. Бул жағдайлар муғаллимлердиң дөретиўшилик пенен жумыс алып барыўларына унамсыз тәсирин тийгизген. Мысалы, Хожели районындағы тексерилиўлер нәтийжесине қарағанда муғаллимлер педагогикалық жумысларын үзилиске түсирип, түрли жәмийетлик жумысларға жиберилген. Нәтийжеде жыл даўамында оқыўшылар билимди талапқа сай өзлестирмеген, гейде үсти-үстине асығыс оқыўға мәжбүр болған. Ақыбетинде муғаллимлердиң сабақта зәрүр методикалық шеберликлерди пайдаланыўы ушын мүмкиншилиги аз болған. Сабаққа таярлықсыз келген, «проектлеў методын» ҳәр муғаллим өзинше түсинип, көпшилиги сырттан бақлаўшы сыпатында қатнаста болған.

Мектеплерде оқыўшыларға көпшилик ўақытта тапсырмалар өз бетинше жумыс түринде топары менен берилген. Гейде бул тапсырмалар үйренген пәниниң мазмунына

[9] Ж.А.Урумбаев. Очерки истории школы Каракалпакстана. Нукус. «Каракалпакстан» 1974.435-стр.

сәйкес келмеген. Мектептеги сабаққа ҳәм ондағы билим сапасына муғаллимлер тәрепинен бундай жуўапкершиликсиз қатнас, сондай-ақ муғаллимлердиң өз билим тәжрийбесин оқытыў усылларын жетилистириўге ықлассызлығы, мектептеги тәлим-тәрбия мазмунына, ондағы оқытыўдың жаңа усыллары жәрдеминде ҳәм илимий излениўшилик пенен алып барылыўына зыянын тийгизди, нәтийжеде жаслар арасынан миллий кадр таярлаў сапасының әззилениўи жүз бере баслады.

Жоқарыда айтып өтилген ВКП(б) ОК ниң 1931 ж. сентябрдеги қарары Қарақалпақстан мектеплеринде тәлим-тәрбиялық жумыслардың, әсиресе мектептеги илимий-методикалық бирлеспелердиң ис мазмунына жаңа ўазыйпалар жүклеп, 1925 жыллары С.Мажитовтов қоллап-қуўатлаған билим бериўдиң илимий болыўы принциплерин[10] жанландырды. Билим бериў сапасы, оқыўшылардың пәнди ҳақыйқый өзлестириўи, олардың улыўма раўажланыўы дәрежеси мәдений ҳәм сиясий өсиўи нәзерде тутылды. ВКП(б) ОК 1932 ж. 25-августта «Баслаўыш ҳәм орта мектеплердиң оқыў программасы ҳәм режелери ҳаққында» және бир әҳмийетли қарар қабыл қылды. Бул қарарда оқыў материалларының ҳәдден тыс жүклемелерге ийе екенлиги, бир-бирине жақын пәнлердиң өзара байланысы сақланыўы нәзерде тутылмағанлығы, оқыў программаларында базы бир кемшиликлердиң орын алып, физика курсында Ньютон нызамы жөниндеги, биологияда клеткалар ҳаққындағы материалларда илимий теориялық қәтелердиң орын алғанлығы ҳәм программаларда жәмийетлик пәнлерге тарийхый

[10] Қ.Сейтмуратов. Сейфулғабид Мажидовнинг «маърифий-жадидшилик фаолияти ва таълим-тарбиявий қарашлари». Канд. дисс. автореферати. Ташкент, 2007, 11-бет.

көз-қарастан қатнаста болыў талап етилмегенлиги атап көрсетилди.

Булардан тысқары, мектеплердеги оқытыў методларының илимий тийкарда болыўы жетилистирилмей, еле-де мектеп тәлиминде лабораториялық бригадалық методтың орын алып киятырғанлығы, бул методтың оқытыўдың илимий тийкарда жүргизилиўине кесент беретуғынлығы ескертилип, баслаўыш ҳәм орта мектепте тийкарғы оқытыў формасы талап етилип, тәртипли түрде оқыў кестеси ҳәм тураклы оқыўшылар саны сақланып алып барылыўы көрсетилген. Булар менен қатар ВКП(б) Оки оқытыў исин жақсылаў бойынша ҳәр-қыйлы илажлар көриўди мақул деп таўып, муғаллимлердиң мектептеги оқыў-тәрбия исиндеги басшылығын күшейтиўди, оқыўшылардың пәнлерден үлгериўин есапқа алып, системалы қадағалап барыўды, тәртипти қатаң сақлаўды, оқытыў усылларын илимий тийкарда жетилистириўди ҳ.т.б ўазыйпа етип қойды.

ВКП(б) ОК ниң 1932 ж. 25-августтағы қарарын әмелге асырыў мақсетинде ВКП(б) Қарақалпақстан областлық партия шөлкеми 1932 ж. 17-сентябрде арнаўлы қарар қабыл етти. Бул қарар Республика жәмийетшилигин ҳәм областлық ХББ ның барлық шөлкемлерин көрсетилген кемшиликлерди сапластырыўға миннетлеп, мектеплердеги жумыслардың барысын көрип шығыўды, олардағы оқыў-тәрбия жумысларының мазмунын жақсылаўды ўазыйпа етти. Жоқарыда ВКП(б) Қарақалпақстан обкомының 1932 ж. 17-сентябрдеги қарары тийкарында Қарақалпақстан АССР орайлық атқарыў комитети усы жылдың 23-сентябринде мектептеги оқыў мазмунын жақсылаў, қарақалпақ тилинде жаңа оқыў программаларын, муғаллимлер ушын оқыў қолланбаларын шығарыў ҳәм мектеп жумысларына илимий-



NAMANGAN DAVLAT UNIVERSITETI ...rkazi

методикалық басшылықты жақсылаў ушын оны қайта қурыў ўазыйпаларын жүклеп көрсетпелер берди.[11]

Бул қарар ҳәм көрсетпелерде бригадалық оқытыўды ҳәм билимди бригадалық усылда есапқа алыўды бийкарлап, бунын орнына әмелиятқа ҳәр бир оқыўшының өзине тән жеке үлгериўин есапқа алып билимин баҳалаўды енгизиў усыныс етилди. Усы қарар ҳәм көрсетпелер тийкарында Қарақалпақстан халық ағартыў комиссариатында Республика мектеплериндеги тәлим-тәрбиялық жумысларды жақсылаў қарастырылып, бир қатар илажлар ислеп шығылды. Қалалық ҳәм районлық халық билимлендириў бөлиминде педагогикалық кабинетлер дүзилди. Айрым жети жыллық ҳәм орта мектеплер жанынан методикалық бирлеспелер ҳәм пән комиссиялары шөлкемлестирилди. Илимий-методикалық бағдардағы бул жумыслар барлық мектеплерде оқытыў методларын жетилистириўди тәртипке салып, дөретиўшилик излениўлер нәтийжесинде топланған алдыңғы педагогикалық тәжрийбелерди мектеплерге ең жайдырыўға жәрдем берди.

Сол дәўирдеги қатағанлық ҳәрекетлерине қарамастан, жадидшилик ҳәрекетлерин даўам еттириўши зиялылар қәўими тәрепинен мектеплерде оқытыў, билим бериў ислерин илимий ҳәм әмелий жақтан жетилистириў мақсетинде ВКП(б) Қарақалпақстан обкомы 1935 ж. 5-июльда обласлық халық билимлендириў комиссариатына усыныс жасап қарар шығарды.

Бул усыныста 1936 ж. 1-мартқа шекем ҳәр бир районда бир-бирден үлги болатуғын сүйениш мектебин шөлкемлестириў көрсетилип, буған ең тәжрийбели ҳәм билимли муғаллимлер жәмәтин топлаў, усының менен қатар бул

---

[11] «Қызыл Қарақалпақстан» газ. 1932 ж. 17-сентябрь.

мектеплерде жаңа оқытыў усылларын изленип, ислеп шығыў, оны үлги сыпатында басқа мектеплерге ең жайдырып, методикалық жәрдем бериў нәзерде тутылды. Бул үлги, сүйениш мектеплеринде алдыңғы тәжрийбеге негизленген тәлим-тәрбиялық жумыслар жийи-жийи өткерилип, ашық сабақлар, дөретиўшилик сабақлар шөлкемлестирилип, буны жәмәдтлесип анализлеген. Әсиресе, жас ҳәм тәжрийбеси аз муғаллимлерге оқытыўды жетилискен усыллар менен алып барыў бойынша мәсләҳәтлер уйымластырылған.

Айрым мектеплердиң ең жақсы оқытыў усыллары ҳәм жоллары методикалық бирлеспе ҳәм пәнлер комиссиясы мәжилисинде талқыланып, бул табыслар барлық мектеплерде қолланыў ушын ең жайдырылған. Бул сабақлардың жобасы, қол жазба мәтини қалалық ҳәм районлық халық билимилендириў бөлиминдеги педагогикалық кабинетлерге экспонат сыпатында қойылып, басқа мектеп муғаллимлериниң оны үйренип, әмелиятта қолланыўы жүзеге асырылған.

Халық билимлендириў бөлими жанындағы педагогика кабинетлеринде ҳәм үлги, сүйениш мектеплери жанында «Муғаллим» атлы диййўалы газеталар шығарылып, буларда мектеп муғаллимлерниң сабақты методикалық тәрептен шебер өтиў жетискенликлери жас устазларға үлги сыпатында тәжрийбе топлаўы ушын усынылып отырылған. Бул дәўирде оқытыў усылларын излениўшилик пенен жетилистириўде Төрткүлдеги А.В.Луначарский атындағы орта мектеп, Шымбайдағы А.С.Бубнова, Хожелидеги қалалық толық емес орта мектеплер муғаллимлер ушын методикалық өрнек, сүйениш орайы болды.

Усылай етип, Республика мектеплерниң айрымларында жас муғаллимлерге ҳәм жаңа заман мектеп системасын жетик өзлестирип үлгермеген ески муғаллимлерге жеке пәнлерди оқытыў бойынша жәрдемлер беретуғын мектеплер жанындағы методикалық бирлеспелерде, пән комиссияларында оқытыў усылларын илимий тийкарда жетилистириў жумысларын алып барыў қәлиплесип барды ҳәм әстелик пенен раўажлана баслады.

Педагогикалық кабинетлер ҳәм үлги, сүйениш мектеплери тек қалалық мектеплерде ғана емес, ал аўыллық мектеплердеги оқытыўды жақсылаўға, методикалық жумыслардың мазмунласыўына унамлы тәсирин тийгизип отырды. Бул дәўирде үлги, сүйениш мектеплерине алыста жайласқан аўыллық мектеплерди қәўендирликке бериў, бул мектеплердиң олардағы оқыў-тәрбия ислерине методикалық жәрдем көрсетип барыў тәжрийбелери ен жайдырылған еди. Усындай илажлар арқалы да мектеплерде оқытыў усылларының илимий-педагогикалық тийкарлары шөлкемлестириле баслады.

Усы жыллары Қарақалпақстан мектеплериндеги тәлим-тәрбия ҳәм оқытыў усылларының жағдайын үйрениў мақсетинде РСФСР билимлендириў министирлиги жанындағы педагогика илим-изертлеў институты шөлкемлестирген проф. В.И.Филоненко басшылығындағы илимий-педагогикалық экспедиция (Бул экспедицияның қурамында кейиншелик педагогика илимлерниң докторы дәрежесине ерискен Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери, белгили алым проф. Ж.А.Орынбаев ҳәм доц. Богданова, сондай-ақ, Кусеевлар бар еди) Шымбай районындағы «Қаңлы», Хожели

районы дәрья жағысындағы Н.К.Крупская атындағы мектеплерди үйренип шығып, мынадай жуўмаққа келген еди: ''Бул мектеплердиң муғаллимлериниң пәнди өтиўди жобаластырған тематикалық планы, оқытыў бойынша қолланатуғын усыллары, улыўма класс жәмәти менен алып барылатуғын жумыслары толығы менен жобаластырылған. Сабақ өз ўақтында басланды. Сабақ басланыўдан алдын оқыўшылардың керекли оқыў қураллары: дәптер, ручкасы, китаплары тайынланылып, бәри шаўқымсыз, тым-тырыс, тез исленилди. Бир сөзбенен айтқанда бул мектеплерде сабақ ҳақыйқый оқыў сыпатында алып барылды".[11]

Бундай сүйениш мектеплериниң оқытыў усыллары алдыңғы педагогикалық тәжрийбелер сол ўақыттағы илимий кадрлардың азлығына қарамастан илимий тәрептен улыўмаластырып, жуўмақ жасаў белгили дәрежеде әмелге асырылып отырылды. Жергиликли ҳәм Республикалық газеталарда методикалық темада мақалалар жәриялана баслады. Усындайдың бири сол ўақыттағы жас жазыўшы Ж.Хожахметовтың «Мийнеткеш қарақалпақ» газётасында жәриялаған мақаласы болды. Ол өз мақаласында мектеплердеги оқытыў усылларының биргелкили болыўын сынға алды ҳәм оқытыў усылларының ҳәр қыйлы жоллар менен алып барылыўын, оқытыўды активлестириў зәрүрлигин, сапалы билим бериў оқытыў усылына байланыслығын, т.б. көтерип шықты. Бул ушын қалалық ҳәм аўыллық мектеплердеги ең тәжрийбели муғаллимлер қурамынан методикалық комиссия дүзиў зәрүрлигин ҳәм муғаллимлерди кең көлемде қатнастырып, методикалық мәжилис (семинар) өткерип турыўды әмелге асырыў кереклигин, бул ислер

---

[11] Ж.А.Урумбаев. Очерки истории школы в Каракалпакстане. Нукус. «Каракалпакстан» 1974. 439-стр.

алдыңғы оқыў тәжрийбелерин кең көлемде мектеплерге ең жайдырыўда үлкен әҳмийетке ийе екенлигин баянлаған.

Усының менен бирге Ж.Хожахметов өз мақаласында Республикадағы барлық муғаллимлерди жаңа алдыңғы қатардағы сабақ оқытыў усылларын ийелеўге шақырған[12]. Автор бул мақаласында сол ўақыттағы сөз болып атырған оқытыўдың комплексли методы жөнинде гәп қозғамаўына қарамастан, муғаллимлер ушын ҳәм Республикадағы халық билимлендириў саласында илимий-методикалық жумыслардың жақсыланыўы ушын мазмунлы бағдарлар болды.

Кейин ала айрым методист-муғаллимлер Қарақалпақстан халық ағартыў комиссариатындағы жуўапкерли хызметкерлер оқытыў усылларын илимий тәрептен жетилистириў бағдарында иске кирисиўди жеделлестире баслады. Усындайдың бири В.И.Вертеков есапланып, ол РСФСР халық ағартыў комиссариаты тәрепинен 1932 ж. Қарақалпақстан халық ағартыў комиссариатындағы илимий методикалық жумысларды жетилистириў мақсетинде жиберилип, халық билимлендириў комиссариатының мектеплер бөлимине басшы етип тайынланды[13]. Ол 1934 жылы Қарақалпақстан мектеплериндеги тәлим-тәрбия жағдайларын улыўмаластырып, «Мектеп жумысларын қалай шөлкемлестириў керек» (муғаллимлер ушын әмелий қолланба) атлы китапша жазды.[14] Бул қолланба ВКП(б) ОК ниң 1932 ж. 25-августағы «Баслаўыш ҳәм орта мектеплердиң оқыў программасы ҳәм режеси» атлы қарарының Қарақалпақстанда

---

[12] Ж.Хожахметов. Оқытыў усыллары ҳаққында. «Мийнеткеш Қарақалпақ» 1938 ж. 22-октябрь.

[13] Ж.А.Урумбаев. Очерки.... 439-стр.

[14] Бул китапша қол жазбасы Нөкистеги үлке таныў музейи архивинде сақлаўлы.

жүзеге асырылыўы мəселелерин нəзерде тутқан еди. Қолланбада муғаллимлер ушын əмелий мəслəҳəтлер берилген. Бунда: мектеп жумысларын қалай шөлкемлестириў керек:, мектеп программасы ҳəм оның əҳмийети; оқыў планы ҳəм саатлардың оқыў сеткасы, сабақ кестеси; оқыў жылын шөлкемлестириў; классларды комплектациялаў; мектеп режими; мектептеги методикалық жумыслар; Қарақалпақстан мектеплериниң тийкарғы ўазыйпалары ҳ.т.б. орын алған. Сөз етип отырған китапша баспадан китап секилинде шығарылмасада, буны областлық халық билимлендириў бөлими ҳəм оның қала жəне районлардағы шақаплары инструкциялық бағдар бериўши көрсетпе сыпатында қол жазбадан оқып кең көлемде пайдаланып отырған.

Усы дəўирлерде қарақалпақ тилинде түп нусқада ҳəм аўдарма түринде илимий-методикалық оқыў қолланбаларын баспадан шығарыў қолға алына баслады. Усындай қарақалпақ тилиндеги оқыў қолланбаларының бири Гали Бегалиевтың 1934 ж. Москвадан шыққан «Қарақлпақ тилин оқытыў методикасы» атлы китабы болды.[15] Бул қолланба С.Мажитовтың 1925 жылы «Əлиппе» жазған илимий-методикалық көрсетпесинен кейинги Қарақалпақ тилин оқытыў усылларының қəлиплесип раўажланыўында үлкен əҳмийетке ийе болды.

Сондай-ақ Қарақалпақстан комплексли илимий изертлеў институтының проф. В.И. Филоненко басқарған педагогика секторының да илимий методикалық жумысларды алып барыўдағы хызмети үлкен еди. В.И. Филоненко 1934 ж. илим-изертлеў институтының басқада хызметкерлери менен биргеликте Қарақалпақстанның арқа районындағы

---

[15] Г.Бегалиев. Қарақалпақ тилинде оқытыў методикасы М.,1934.

мектеплерине илимий экспедиция шөлкемлестирди. Бул экспедиция материаллары улыўмаластырылып, илимий мийнет секилинде: "ҚҚАССР қалалық ҳәм аўыллық мектеплери, олардағы жетиспеўшиликлер ҳәм оны жақсылаўдың шаралары" деп аталды. Бунда Қарақалпақстанның арқа районларындағы мектеплердиң қарақалпақ ҳәм рус тилин оқыўдағы педагогикалық тәжрийбелери анализ жасалып, жуўмақластырылған. Сөз етип отырған қолланбада мектеплердеги тәлим-тәрбия жумысларын, усының ишинде оқытыў усылларын жетилистириў мәселелери бойынша илим-изертлеў нәтийжелери сыпатында муғаллимлер ушын методикалық усынıслар, көрсетпелер берилген.

Китап жөнинде РСФСР халық ағартыў комиссариатының "Рус емес мектеплердеги 1934-1935 оқыў жылындағы жумыслардың жуўмағы ҳаққында" атлы буйрығында айтылып өтилген. Китаптың қол жазбасы сол ўақыттағы РСФСР халық ағартыў комиссариаты архивинде сақланған.[16]

Алдыңғы педагогикалық тәжрийбелерди, муғаллимлердиң кәсиплик шеберлигин илимий тәрептен улыўмаластырып, Республикадағы барлық мектеплерде қолланыўды әмелге асырыў ушын кең көлемдеги халық билимлендириў саласында арнаўлы баспа сөз орнының зәрүрлиги сезиле баслады.

Усындай жағдайлар 1935 ж. басында Республика муғаллимлериниң арнаўлы газетасы: «Кеңес оқытыўшысы» ның шығарылыўын әмелге асырды. Бул газета мектеп оқыўшыларының тәлим-тәрбиялық ислерин шөлкемлестириў ҳәм муғаллимлердиң жеке тәжрийбелерин, оқытыў

[16] Ж.А.Урумбаев. Очерки истории школы в Каракалпакстане. Нукус. «Каракалпакстан», 1974. 442-стр.

усылларын мектеплерге жеткерип бериўде үлкен хызмет атқарды. Тез арада бул муғаллимлер газетасы өз бетинде оғада әҳмийетли машқалаларды көтерип шықты. Педагогика илиминиң ҳәм жеке пәнлерди оқытыў усылларының айрым тәреплерин өз алдына мәселе етип қойды. Усындай жағдайлар ҳәм жергиликли зиялылардың талап етиўи менен 1937 жылы Қарақалпақстан халық ағартыў комиссариаты жанынан "Орайлық педагогикалық кабинет"тиң шөлкемлестирилиўи әмелге асты. Буған РСФСР халық ағартыў комиссариаты тәрепинен Қарақалпақстанға жиберилген методист-педагог В.Власов басшылық етти.

Илимий методикалық орай тахилеттеги бул кабинет тийкарынан жергиликли мектеплердеги ҳәр қыйлы машқалаларды илимий тәрептен үйренип, буларды сапластырыў жолларын анықлап, оқыў мазмунын методикалық жақтан жетилистириўди ҳәм барлық районлық педагогикалық кабинетлерге басшылық етип, илимий-методикалық көрсетпелер берип, алдыңғы педагогикалық тәжрийбелерди Республика мектеплерине ең жайдырыўды әмелге асырып отырған.

Сөз етип отырған областлық ХББ жанындағы орайлық педагогика кабинетинде: педагогика, мектепке шекемги тәрбия, жеке пәнлерди оқытыў методикасы секторлары болған. Секторлар өз тараўына тийисли илимий машқалалар менен шуғулланып, толық емес орта мектеплер және орта мектеплердиң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты программаларын дүзиўди әмелге асырып, пәнлер бойынша оқыў қуралларын, сабақ ушын көрсетпели қуралларды таярлаў менен шуғылланған.

Сондай-ақ орайлық педагогика кабинети хызметкерлери қарақалпақ мектеплеринде рус тилин үйрениў усылла-

рын изертлеп, бул тәжрийбелерди улыўмаластырған. Булардан тысқары кабинет Республика халық билимилендириў комиссариатына жоқарыдан келген көрсетпелер менен басшылыққа алыныўы тийис ҳүжжетлерди, методикалық хатларды үйренип, ондағы ўазыйпаларды талқылап, түсиндирмелер берип отырған. Мектеп уставын, педагогикалық кабинет ҳаққындағы қағыйдаларды ҳәм қарақалпақ халқының миллий өзине тәнлилигин есапқа алып педагогика теориясы ҳәм тарийхы машқалаларын әмелге асырыўда ислеп шығыў менен шуғылланған.

Республикалық орайлық педагогикалық кабинет Қарақалпақстандағы илимий-методикалық ҳәм педагогикалық машқалаларды изертлеўши тунғыш илимий мекемениң ўазыйпасын атқарды.

Районларда педагогикалық кабинетлердиң ашылыўы, сүйениш мектеплериниң дүзилиўи, мектеплерде методикалық бирлеспе ҳәм пәнлер комиссиясының жумыс ислеўи, муғаллимлер ушын дәслепки "Қызыл муғаллим" журналы ҳәм педагогикалық газета "Кеңес оқытыўшысы" ның шығарылыўы, ҚҚАССР халық билимлендириў комиссариаты жанынан орайлық педагогикалық кабинеттиң шөлкемлестирилиўи ҳ.т.б. Қарақалпақстан мектеплеринде илимий-методикалық жумыслардың жақсыланыўына, мектеплердеги тәлим-тәрбия ислериниң сапасының артыўына алып келди.

Усылар менен биргеликте мектепти басқарыў, мектепке тийисли ҳүжжетлерди дүзиў сапасы артты. Муғаллимлер басшылыққа алыўы тийисли болған оқыў жобасы менен бағдарламаларының жыллық календарлық ҳәм ис жобасына сәйкес келиўи әмелге асты.

Нәтийжеде мектеплерде сабақлар шөлкемлескен түрде мазмунлы алып барылып, илимий тийкарда ислеп

шығылған көрсетпели қураллардан, методикалық қолланбалардан пайдаланыў жетилисе баслады. Жергиликли үлке материалларынан утымлы пайдаланыў әмелге асырылды. Муғаллимлер оқыўшылардың программаға сай саўат ийелеп шығыўына тырысты. Сабақтан үлгермеўшилердиң ҳәм бир класста еки жыл оқыйтуғын оқыўшылардың саны көзге көринерли дәрежеде кемейди. Мектеп жумыслары тәртипке түсти, баслаўыш класстан толық емес орта мектепке, буннан орта мектепке барып оқыйтуғын балалардың оқыўды қойып кетиўи азайды. Усындай орын алған илимий-педагогикалық ҳәм методикалық тийкарда мектеплерде тәлим-тәрбия ислерин алып барыў ақыбетинде Қарақалпақстанда мийнетли түрде ғалаба билим бериўге ерисиў ислери табыслы әмелге асырылып отырды.

Усылай етип Қарақалпақстанда халықтың бала тәрбиялаў дәстүрлери, халық педагогикасы шайыр-ойшыллардың жаслар тәрбиясы жөниндеги ой-пикирлери, көз-қараслары сыпатында даўам етип келген тәлим-тәрбия мәселелери XX әсирдиң 30-жылларына келип арнаўлы илим сыпатында қәлиплесип шықты ҳәм өз раўажланыўын таба баслады.

## Жумек Орынбаев



Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасында хызмет көрсеткен илим ғайраткери, педагогика илимлериниң докторы проф. Жумек Орынбаев ғәрезсиз еллер көлеминде кең танылған алымлардың бири. Ж.Орынбаев қарақалпақ халқының 1810 жыллардан 1970 жылға дейин-

ги 160 жылдан артық билим-лендириў тарийхының раўажланыўын изертлеген алым. Оның илимий мийнетлери Қарақалпақстанда ғана емес ал Орта Азия халықларының мадениятыы ҳәм билимлендириўи тарийхында өзиниң мазмунлылығы менен жоқары дәрежеде турады.

Жумек Орынбаев 1906 жылы Қарақалпақстан Республикасының Шымбай районында Усман Юсупов совхозында Майлы балта аўылында орта дийхан шаңарағында туўылды. Аўылында баслаўыш билим алған Жумек Асқар улы 1924 ж. алты айлық қысқа муғаллимлик курсты питкергеннен кейин, Халқабаттағы еки класслы баслаўыш мектепке муғаллим болып келеди. Ол гезлерде мектепте оқыйтуғын балалар аз ҳәм оларға керекли оқыў қураллары пүткиллей кем еди. Сонлықтан да жас муғаллим мектепке мүмкиншилиги болғанынша көп бала тартыўды өз алдына мақсет етип қойды. Ол ушын мийнеткешлер арасында үгит-нәсият жумысларын жүргизди. Оқып билим алыўдың әҳмийети үлкен екенлигин турмысымызда саўатлы адамлардың зәрүрлигин ҳәр тәреплеме түсиндирди.

Жумек Орынбаев өзиниң теориялық билимин көтериў мақсетинде 1925 жылы Төрткүлдеги алты айлық педагогикалық курста оқыды ҳәм оны питкергеннен кейин Шымбай қаласындағы интернатқа баслық,кейин ала «Коммуна» мектебине директор болды.

Елде саўатсызлықты сапластырыў ислерине белсене қатнаса отырып, Жумек Орынбаев 1930 жылы Ташкенттеги САХИПИ диң рабфагине оқыўға киреди. Бунда ол билим алыў менен қатар саўатсызлықты сапластырыў штабының баслығы болды. Студент сыпатында оқыўдан бос ўақытларында завод, фабрика жумысшылары арасына барып оқыў, жазыў ислерин үйретти.

Рабфакты табыслы тамамлағаннан соң жақсы питкергенлердиң қатарында оған аспирантураға жоллама берилди. 1933-34 жыллары Москва қаласындағы ВАИПИН аспирантурасының еки жыллық таярлаў бөлиминде билим алды. Усы жыллары болажақ илимпаз Н.К.Крупская менен ушырасыўға миясар болды.

Аспирантураның таярлық курсын табыслы питкергеннен соң Қарақалпақстанға әмелий жумыс ислеўге келип, Төрткүлдеги педтехникумның директоры ҳәм оқытыўшысы болып бекитиледи.

Илимге қызыққан жас устаз Жумек Асқар улы көп узамай Москваға қайтадан барып, ВАИПИН аспирантурасының тийкарғы курсында оқыўын даўам етти. 1939-41 жыллар аралығында Москвада РСФСР билимлендириў министрлигиниң оқыў-педагогикалық баспасында қарақалпақ мектеплери ушын сабақлықлар шығарыў бойынша редактор болып иследи.

Жумек аға Орынбаев 1941 жылы урыстың аўыр гезлеринде бирлестирилген Қарақалпақ мәмлекетлик оқытыўшылар институты ҳәм педагогикалық институтының директоры болып хызмет атқарып, өзиниң барлық күш жигерин жоқары қәнигели, сиясий жетик муғаллим кадрлар таярлап жетистириўге бағышлады.

Жумек аға Орынбаев илимге деген қызығыўшылығын ҳеш пәсейтпеди. Илим-изертлеў жумысына байланыслы Казань, Алматы, Ташкент, Санкт-Петербург, Москва қалаларының китапханаларында айлап, жыллап китап ашып, архивлерден өзине керекли материалларды топлады. Оның бул мийнетлери босқа кетпеди. Нәтийжеде 1950 жылы Москвада «Қарақалпақ мектеплериниң революцияға шекемги тарийхының очерклери» деген темада кандидатлық диссертация-

сын табыслы жақлап, педагогика илимлериниң кандидаты деген илимий атаққа миясар болды.

Талантлы илимпаз буннан кейин Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының педагогика кафедрасында аға оқытыўшы ҳәм жақсы шөлкемлестириўшилиги арқасында педагогика кафедрасының баслығы болды.

Жумек аға Орынбаев кандидатлық илим дәрежеси менен қанатланып қалған жоқ,ол илим изертлеў жумысларын тағыда даўам еттирди. Өзи менен бирге жасап, бирге өскен өзи тиккелей араласып, өз қолы менен дүзискен кеңес мектебиниң өсиў жолларын, раўажланыўының дәслепки қыйыншылықларын, оны жеңиў жолларын, дәслепки оқыў ағартыў хызметкерлериниң ислерин, халықты билимлендириўге ҳүкимет басшыларының ғамхорлығын ҳәр тәреплеме изертлеп, илимий мийнет жазыўды қолға алды. Тағыда архив, китапхана, излеўши алымлар менен мәсләҳәтлесиўлер басланды. Жумек аға бул жумысын да нәтийжели питкерип «Қарақалпақ кеңес мектебиниң тарийхы» (1917-1930) деген ат пенен үлкен монографиялық мийнетти баспадан шығарады (1966ж.) ҳәм Жумек Асқар улы усы мийнети менен педагогика илиминиң докторы атағын алыўға (1967ж.) миясар болды. Нәтийжеде қарақалпақ халқы Жумек аға Орынбаевтың аты менен тунғыш педагогика илимлериниң докторына ийе болды.

Устаз-алым автономиялы Республикамызда педагогилимпаз кадрлардың көплеп жетилисиўине бәрқулла қызықсынды. Тиккелей проф. Жумек Орынбаевтың басламасы ҳәм басқарыўында 1967-жылы Нөкисте Өзбекстан педагогика илим-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалы ашылды ҳәм бул филиалдың биринши директоры болып тайынланды.

Республикамыздағы ең үлкен билим орайы болған Қарақалпақ мәмлекетлик пединституты талантлы жасларды барқулла өзине тартты ҳәм 1969 жылдан баслап өмириниң ақырына шекем Жумек аға усы оқыў орнының баслаўыш билим бериў методикасы кафедрасының басқарыўшысы болды.

Илимпаз қайда ислеседе педагогика илиминиң ең әҳмийетли мәселелерине қызығын араласып,илимий пикирлери менен ортақласып Республикамызда халық билимлендириўи тарийхы бойынша илимий жумысларын алып барды. Усы мәселелер бойынша оның алпыстан аслам оғада мазмунлы мийнетлери жарық көрди. Әсиресе, Жумек Орынбаевтың дүнья алымларына өрнек боларлық «Очерки истории школы в Каракалпакстане» (Нукус, « Каракалпакстан» , 1974. 584 стр) китабы оның ҳақыйқый алым екенлигин дәлийллеп бериўши мийнети есапланды. Алымның булардан тысқары: «Ҳамзаның Хожели интернатындағы педагогикалық хызмети» (Ташкент, 1969, Очерки по народному образованию в Каракалпакии.. (Нукус, 1959), революцияға шекемги Қарақалпақстан территориясындағы мектеплердиң қысқаша тарийхы (Нөкис, 1964), т.б. онлаған монографиялары бар.

Проф. Ж.Орынбаев өзиниң илимий жумыслары менен Республикамызда педагогика илиминиң раўажланыўына үлкен үлес қосты ҳәм педагогика илимине кең жол ашып берди. Сонлықтан да оған илимдеги көп жыллық мийнетлери ушын Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан ҳүкимети қарары менен көпғана ҳүрметли атақлар берилди. Ол 1960 ж. “Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери” деген ҳүрметли атаққа ийе болды. Ал 1967 жылы «Өзбекстанға хызмет көрсеткен илим ғайраткери» атағын алыўға миясар болды.

1973 жылы 30-мартта Қарақалпақстанда педагогика илимин кеңнен раўажландырыўдағы табыслары ушын профессор Ж.А.Орынбаев Н.К.Крупская медалы менен сыйлықланды.

Шәкиртсиз илимпазды халқымыз мийўасыз ағашқа мегзетеди. Жумек аға Орынбаев Республикамызда илимий кадрлар таярлаўда да көп хызмет етти.Оның илимий басшылығында педагогика илимлериниң кандидатлары: Шүкиржан Непесова, Өсербай Әлеўов, Омар Хожаниязовлар кандидатлық диссертацияларын табыслы жақлап шықты. Ҳәзирги ўақытта шәкирти Ө. Өлеуов педагогика илимлериниң докторы, профессор, халықаралық «Әйемги дүнья» илимлер академиясының академиги дәрежесине ийе.

Ж.Орынбаев академиклар: С.Р.Раджабов, А.Э.Измайлов, Ғ.Н.Непесовалар менен, сондай-ақ белгили алымлар И.Қ.Қодиров, А. Р.Сейдов, А.Н.Сембаев, Т.Б.Бердиевлар менен илимий байланыста, дослық қатнаста жасады ҳәм илимдеги көпғана машқалалы мәселелерди ойласып, бергеликте шешип отырды.

Проф. Ж.Орынбаевтың мийнетин халқымыз жоқары баҳалап, өзи дүзген ҳәм ислеген Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалы ҳәм Нөкис қаласындағы көше оның атына қойылды.

Жумек Орынбаевтың усынша дәрежеде атақлы алым болып жетилисиўинде оның зайыбы Зинаида (Зийнеп апа) Ибрагимованың хызмети айрықша болды. Зийнеп апа Қарақалпақстанға жоллама менен келген рус тили муғаллими болып,өмириниң ақырына шекем (1997) билимлендириў тараўында хызмет етти. Алымның қызы Зера Жумековна ҚҚМПИ да, баласы Ерназар ҚМУ да оқытыўшы болып ис-

лемекте. Ақлық шаўлықлары (Марат,Азамат,Анжим т.б.) ел хызметинде.

**Нағмет Орынбаев**



Педагогика илимлериниң докторы, профессор Нағмет Асқар улы Орынбаев Қарақалпақстандағы көрнекли алым ҳәм халық билимлендириўи тараўының белгили хызметкери есапланады. Ол профессор Ж.Орынбаевтың туўысқан иниси.

Ол өзиниң мийнет жолын аўыллық мектепте муғаллимшиликтен баслап, рус тилин оқытыўдың методикасы тараўындағы үлкен алым болыў дәрежесине шекем алып барды.

1921 жылы туўылған, Н.А.Орынбаев Ташкент қаласындағы Орта Азия университетиниң филология факультетине (рус бөлимине) оқыўға кирип, оны 1948 ж. табыслы тамамлайды. Болажақ алым студентлик жылларының өзинде-ақ проф. А.В.Миртова басшылығында илим-изертлеў жумыслары менен шуғылланып, «Н.А.Добролюбов түсинигиндеги халық шайыры» деген темада дипломлық жумысын жазды. Ол 1948 жылдан 1953 жыллар аралығында Т.Г.Шевченко атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты кафедрасында аға оқытыўшы болып иследи. Илим менен шуғылланды. Оның дәслепки мийнетлери рус мектеплериниң 3-ҳәм 4-класслары ушын жазылған «Қарақалпақ тили» оқыўлығы ҳәм қарақалпақ мектеплериниң 2-класслары ушын рус тили бойынша жазылған «Әлипбеси» 1951 жылда баслап баспадан шықты.

Н.А.Орынбаев 1953 жылы Москвадағы РСФСР илимлер академиясы миллий мектеплер илим изертлеў иниститутына аспирантураға тапсырып, «Қарақалпақ мектеплеринде оқыўшылардың ана тилин есапқа алған ҳалда 3-ҳәм 4-классларға рус тилин оқытыў усыллары'» деген темада проф. В.М. Чистияков басшылығында кандидатлық диссертация жазып, оны 1959 жылы табыслы жақлаўға миясар болды. Бул изертлеўинде ол қарақалпақ баслаўыш мектеплеринде рус тилин үйрениўдиң илимий ҳәм әмелий методикасын ислеп шықты.

Н.А.Орынбаев 4 жылдан көбирек Өзбекстан Республикасы ИА Қарақалпақстан филиалының тарийх, тил ҳәм әдебият институтының терминология (сөзликлер) секторның баслығы болып иследи. Ол биринши қарақалпақшарусша ҳәм қарақалпақша сөзликти дүзиўде, ҳәм редакторлаўда белсенди қатнасты.

Илимпаз бул жыллары қарақалпақ ҳәм рус тиллерин салыстырмалы түрде үйрениўге айрықша кеўил бөлди. Оның «Қарақалпақ ҳәм рус тиллериниң салыстырмалы грамматикасы» (Нөкис, 1960) атлы монографиясы қарақалпақ мектеплеринде рус тилин оқытыў методикасын жаратыўдағы өзине тән баҳалы илимий изертлеў болып табылды.

Китапта қарақалпақ тилиндеги мектеп оқыўшыларының рус грамматикасының түрлерин ҳәм басқышларын билип алыў жағдайлары түсиндирилди. Әсиресе, қарақалпақ мектеплеринде рус тилин граматикалық қабыл етиўдеги тийкарғы қыйыншылықларға ҳәм қарақалпақ оқыўшыларының аўызша, жазба сөздеги жибериўи мүмкин болған қәтеликлерге айрықша тоқтаған.

1963 жылы Н.А.Орынбаевтың «Қарақалпақ мектеплеринде рус тилиндеги атлықлардың түрлерин үйрениў» ат-

лы китабы баспадан шықты. Онда қарақалпақ оқыўшылары ушын рус грамматикасының ең қыйын бөлимлерин аңсат өзлестириў сәўлеленген. 1964 жылы оның «Қарақалпақ мектеплериниң баслаўыш классларында рус тилин оқытыў методикасы мәселелери» атлы китабы жарық көрди. Бунда қарақалпақ мектеплериниң баслаўыш классларында рус грамматикасы элементлерин үйрениў методикасы изертленилген. 1969 жылы илимпаздың оқыўшылардың русша сөйлеў уқыбын раўажландырыў бойынша баслаўыш класс муғаллимлерине арналған методикалық қолланбасы жәрияланды.

Соңғы жылларда Н.А.Орынбаев қарақалпақ орта мектеплеринде рус тилин оқытыў методикасының илимий тийкарлары ҳаққындағы мәселелерди изертлей баслады. Оның 1969 жылы «Қарақалпақ мектеплеринде рус тилин оқытыў усылларының тийкары» деген фундаментал изертлеуи жәрияланды. Бул китап муғаллимлер ушын қолынан түсирмейтуғын қолланба болды.

Илимпаздың бул монографиясында революцияға шекемги ҳәм совет дәўириндеги рус ҳәм миллий мектеплерде оқытыў усыллары ҳаққындағы ойлардың раўажланыў жоллары, қарақалпақ мектеплеринде рус тилин үйрениўдиң мазмуны менен байланыслы мәселелер, қарақалпақ оқыўшыларына рус тилин оқытыў усылларының лингвистикалық, психологиялық ҳәм педагогикалық тийкарлары избе-из үйрениледи.

Мийнетлерде миллий мектеплерде рус тилин оқытыўдағы автордың бай тәжрийбелеринен келип шыққан жуўмақларға ийе баҳалы илимий концепциялар берилген. Сөз етип отырған Н.А.Орынбаевтың «Қарақалпақ мектеплеринде рус тилин оқытыў усылларының тийкары» атлы

монографиясы тек қарақалпақ алымлары ушын ғана емес, ал сол гездеги союзлық көлемдеги оқытыў уеылары тараўындағы ири мийнет есапланып, көп ғана алымлар оннан методологиялық изертлеў үлгиси сыпатында пайдаланыўға еристи.

1973 жылдан баслап Н.А.Орынбаев пидинститутта рус тили ҳәм әдебиятын оқытыў методикасы кафедрасының меңгериўшиси болып ислеп илимий ҳәм педагогикалық хызметин алып барды.

1973 жылы май айында Н.А.Орынбаев СССР педагогикалық илимлер академиясының илимий кеңесинде «Қарақалпақ мектеплеринде рус тили морфологиясын оқытыў методикасының илимий тийкарлары» деген темада докторлық диссертациясын жақлады. Бул изертлеўлеринде ол қарақалпақ мектеплеринде рус тилин оқытыўдың өзине тән айырмашылықларын көрсетип, оқыўшылардың рус тилин үйрениў методларын ҳәм мазмунын жетилистириўдиң рационал жолларын анықлап берди.

Оның мийнетлери Республикамыз ҳүкимети тәрепинен есапқа алынып, «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен илим ғайраткери» (1981) атағы берилди. Бирнеше орден ҳәм медаллар менен сыйлықланды.

Ул-қызлары ата исин даўам еттирип,қызлары Айгул,Азиз,Гулайым, Лала илим кандидатлары дәрежесин алыўға еристи.

## Өсербай Әлеўов



"XXI әсирдиң белгили алымы", (Лондон, 2001) Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери, педагогика илимлериниң докторы, профессор, халық аралық «Antique World» илимлер академиясының академиги. Өсербай Әлеўов Орайлық Азия халықларының әйемги дәўирдеги жәмийетлик-философиялық ҳәм педагогикалық ой-пикирлери тарийхын изертлеў менен шуғылланыўшы жетекши алымлардың бири.

Болажақ алым 1945 жылы 27-майда Қарақалпақстандағы Кегейли районының ҳәзирги «Дәрўаза қум» хожалығына қараслы «Тентек жап» бойындағы «Өйтеке» аўылында туўылған. Әкеси Әлеў (Әлеўатдин мақсым) Қәлийла улы Хийўа медресесинде тәлим алған, аўылдың улама ақсақалларының бири еди. Ол ўақытлары диний саўатлылықтың әҳмийети жоқлығынан колхоздағы ҳәр қыйлы жумысларға басшылық етип жүрген. Турмыс гәрдиши менен болажақ алымның шаңарағы 1953 жылда Хожели районындағы ҳәзирги «Ақ алтын» хожалығындағы Сарышүңгил аўылына көшип барады.

Ө.Әлеўов 1963 жылы Хожелидеги Свердлов атындағы орта мектепти айрықша баҳалар менен питкерип, сол жылы Нөкистеги Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх-филология факультетиниң қарақалпақ филологиясы бөлимине оқыўға киреди. Студент ўақтынан-ақ болажақ алым әдебият, философия ҳәм педагоги-

ка дөгереклерине, пәнлер бойынша студентлер арасында өткерилген олимпиядаларға белсинди қатнасып, Республикалық газета ҳәм журналларда мақалалар жәриялай баслады. Студентлер менен жас алымлар арасында өткерилген илимий-теориялық конференцияларда баянатлар жасады. Бул ҳәрекетлер болажақ алымның илим тарауынан өзине орын излеўиниң басланған дәўирлери еди.

Ол бул жоқары оқыў орнын 1967 жылы қәнигелиги бойынша терең билим ийелеў менен тамамлады. Соң өзи баслаўыш класста оқыған Хожели районындағы Нариманов атындағы сегиз жыллық мектепте оқытыўшы ҳәм оқыў ислери бойынша директор орынбасары лаўазымында жумыс баслады. Студентлик дәўиринен-ақ илимге қумар Ө. Әлеўов бәрқулла өз билимин арттырыў мақсетинде жүрди. Илимге қызығыўшы жас жигиттиң бул нийети 1970жылы жүзеге асты. Ол сол жылы Өзбекстан педагогика илимин изертлеў институтына педагогика теориясы ҳәм тарийхы қәнийгелиги бойынша аспирантураға кирди. Оған белгили алым, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасына мийнети синген илим ғайраткери,педагогика илимлериниң докторы, профессор Ж.А. Орынбаев илимий басшы болып, «Бердақтың педагогикалық көз қараслары» деген темада изертлеў жумысын алып барды. Бердақтың жәмийетлик-педагогикалық ой-пикирлериниң тарийхый экономикалық ҳәм идеялық дереклери, дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўи және жаслардың кәмалға келиўине тәсир етиўши тәрбиялық факторлар, сондай-ақ жасларды билимге, әдеп-икрамлылыққа, эстетикалық жақтан тәрбиялаўға байланыслы айтылған пикирлери илимий таллаў жасалған кандидатлық диссертациясын 1974 жылы Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик пединститутының Қәнигелестирил-

ген илимий кеңесинде академик С.Р. Раджапов ҳәм доцент О. Әлиевлардың оппонентлигинде табыслы қорғады.

Алым 1970 жылдан 1983 жылға шекем Өзбекстан педагогика илимин изертлеў институтының Қарақалпақстандағы филиалында илимий хызметкер, илимий хаткер лаўазымында иследи. 1983 жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң педагогика ҳәм психология кафедрасында үлкен оқытыўшы хызметине өтеди. Оған 1988 жылы доцент илимий атағы берилди.

Университет қурамында педагогика ҳәм баслаўыш тәлим методикасы факультетиниң ашылыўына байланыслы 1989 жылы университеттеги баслаўыш тәлим педагогикасы ҳәм психологиясы кафедрасының дәслепки шөлкемлестириўшиси ҳәм кафедра баслығы болып тайынланды. 1990 жылы университет қурамынан жаңадан Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты ашылғаннан кейин ол қайтадан шөлкемлестирилген techинститутта усы кафедраға басшылық жумысын даўам еттирди. Алым 1992-1995 жыллары институттың мектепке шекемги тәрбия факультети деканы болып иследи. Факультетте үлкен шөлкемлестириў жумысларын алып барып, ол басқарған дәўирде факультет институттағы ең үлгили факультетлердиң бири болды. Әсиресе факультет оқытыўшыларының илим-изертлеў жумысларын алып барыўына айрықша жағдай жасады. Талапшаң алым 1995-1997 жыллары улыўма институтлық педагогика ҳәм психология кафедрасына басшылық қылып, студентлерге тийкарынан педагогика теориясы ҳәм тарийхы бойынша лекциялар оқыды. Оның усынысы менен киргизилген «Маверенахр халықлары педагогикасы» (1994), сондайақ «Қарақалпақ халық педаго-

гикасы» темасындағы арнаўлы курслары студентлер тәрепинен айрықша қызығыўшылық пенен үйренилди.

Ө.Әлеўов тек Қарақалпақстан ушын емес, ал узақ ҳәм жақын шет еллердеги илимпазлар ушын да қызықлы болған Орайлық Азия халықларының педагогикалық ойлары тарийхын терең изертлеген жигирмаға жақын китаптың, 200 ден аслам илимий мақалалардың авторы. Ол дүнья жүзи алымлары өз пикирлерин билдирген халықаралық симпозиумлар менен конференцияларда (Нью-Йорк- 1991, Термиз-1995, Ташкент-1996, Москва-2002) илимий усынысларын айта алған, Орайлық Азия халықларының тәлим-тәрбиялық ой-пикирлерине, тәрбиялық дәстүрлерине дүнья жүзи халықлары алымларының дыққатын қарата билген илимпаз. Оның «Россия педагогикасы энциклопедиясында» (1993. том 1) «Қарақалпақстан» атлы мақаласының басылып шығыўы қарақалпақ халқының мәденияты, халық билимлендириўи тарийхы бойынша дүнья зыялыларына мағлыўмат бериўи менен көзге түскен еди. Алымның «Бердақтың жәмийетлик-педагогикалық көз қараслары» (Нөкис, 1978), «Әжинияздың ағартыўшылық ойлары» (Нөкис, 1983), «Әйемги Орта Азия халықларының педагогикалық ойлары» (Нөкис, 1987), «Ертедеги түрк жазыўларындағы тәлим-тәрбиялық көз қараслар» (Нөкис, 1989), «XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятындағы ағартыўшылық пикирлер» (Нөкис, 1992), «Муҳаммәд Пайғамбар әлийҳиссаламның тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери» (Нөкис, 1992), «Қарақал-пақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплеси-ўи ҳәм раўажланыўы» (Әйемги дәўирден баслап XX әсирдиң 30-жылларына шекем) (Нөкис, 1993,1996), «Амир Темурдың жәмийетлик философиялық

ҳәм тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери» (Нөкис, 1997), «Күнхожа ҳәм оның пикир дүньясы» (Нөкис, 1997) т.б. монографияларында әйемги дәўирдеги Орайлық Азия халықларындағы тәлим-тәрбияның пайда болыўы мәселелери, «Авесто» дағы, ертедеги түрк руналық жазыўларындағы жәмийетлик, тәлим-тәрбиялық көз қараслар, сондай-ақ Шығыстың уллы ойшылы Пайғамбарымыз Муҳәммед Ибн Абдулланың өз ҳәдислеринде баянлаған педагогикалық пикирлери, Имом Бухарий, ат Термизий, Абу Абдулла Рудаки, Әл-Фарабий, Әл Беруний, Ибн Сина, Юсуф Хас Хажиб, Аҳмед Югнакий, Хожа Аҳмед Яссаўий, Сулайман Бақырғаний усаған алым-уламалардың, Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Жийренше шешен. Доспамбет, Жиен жыраў, Кунхожа, Ажинияз, Бердақ, Өтеш, Омар, Аяпберген, Сейфулғабийт, Әбдиқәдир ҳәм басқа да онлаған шайыр-ойшылллардың жәмийетлик-ағартыўшылық пикирлериниң изертлениўи Орайлық Азия халықларының тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери тарийхын үйрениўдеги үлкен үлес болды. Ол жаратқан «Мавераннаҳр халықлары педагогикасы» (Өзбек халқының педагогикасы тарийхы) бағдарлама-концепциясы ғәрезсиз мәмлекетлер аўқамы көлеминдеги педагог-алымлар арасында 1992 жыл Москвадағы Мәдeният ҳәм халық қәдириятлары Академиясы жәнe Өзбекистан халық билимлендириў министрлиги тәрепинен өткерилген конкурста биринши орынды жеңип алып, оқыўлық программасы түринде пүткил Өзбекстан пединститутларында үйрениў ушын енгизилди. (Ташкент, 1994ж). Сондай-ақ алым Қарақалпақстанның жаңа тарийхын (2000 ж.) жаратыўға да белсенди қатнасып, оның авторлығында «XIX әсир ақыры XX әсир басындағы Қарақалпақстандағы жәмийетлик ой-пикирлер» бөлими жазылды.

Орайлық Азия халықларының жәмийетлик-педагоғикалық ой-пикирлерин изертлеў тараўында айрықша жетискенликлерге ийе болған алым 1995 жылы Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық институтының докторлық илимий дәреже бериўши Қәнигелестирилген кеңесинде академик С.Шермуҳамедов басшылығында, сондай-ақ академик Б.О.Қодиров ҳәм проф. А.Мунавваровлардың оппонентлигинде «Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы» (Ең әйемги дәўирден XX әсирдиң 30-жылларына шекемги аралық) деген темадағы монографиясы тийкарында( Нөкис, «Билим», 1993. Көлеми 35,7 б.т.) педагогика бойынша докторлық диссертация жақлаўға еристи.

Алымның монография-диссертациясы алдына қойған мақсети бойынша тарийхый-археологиялық, ески жазба мийраслар ҳәм архив мағлыўматлары тийкарында, сондай-ақ алымлар менен шайыр-ойшыллардың жаслар тәрбиясы ҳаққындағы көз қараслары негизинде, Қарақалпақстанда әйемги дәўирден баслап XXәсирдиң 30-жылларына шекемги болған тәлим-тәрбиялық ой пикирлердиң қәлиплесиўиниң өзине тән жоллары менен раўажланыўын илимий жақтан изертлеўди әмелге асырған.

Ҳәр бир халықтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлериниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўының өзине тән тарийхый басқышлары, дүзилиси, этникалық жақтан келип шығыўы менен байланысқа ийе өзгешеликлери болады. Ө.Әлеўовтың бул монография-диссертациясы усы бағдарды нәзерде тутып, бай илимий педагогикалық тәжирийбелер арқалы универси-

тет ҳәм пединститут студентлериниң, мектеп оқытыўшылары менен ата-аналардың ҳәзирги ўақыттағы тәрбия мазмунын терең түсинип алыўына, тәрбиялық жумысларды нәтийжели жүргизиўине, өз халқына өтмиште нелер тийисли болғанын аңлаўына ҳәм өзлериниң бай мәдений мийрасларды жаратқан халықтың әўладлары екенлигин түсинип жасаўына, буны жәнеде раўажландырыўға умтылып өмир сүриўине жәрдемлесетуғын оғада қымбатлы мийнет қатарына кирди. Соңғы жылларда бундай дәрежеде фундаментал китап жазыў Орайлық Азия педагог алымлары арасында проф. Ө. Әлеўовқа ғана миясар болғанлығы мәлим. Ол биринши мәрте Орайлық Азия алымлары арасында комплексли ҳәм толық көлемде әйемги дәўирдеги қәўимлик жәмийеттен баслап XX әсирдиң 30-жылларына шекемги (қарақалпақ халқы мысалында) тәлим-тәрбиялық ой-пикирлердиң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы концепциясын жаратқан. Алым бул проблеманы шешиўде үлкен мәселе Орайлық Азия халықларының педагогикалық ойларының қәлиплесиўи дереклерин бир дизимге салып, бул үлке халықлары педагогикасы тарийхын жаңа мағлыўматлар менен байытыўға еристи ҳәм педагогика тарийхын изертлеўдиң баҳалы методологиялық үлгисин жүзеге келтирди.

Сөз етип отырған мийнетте қарақалпақ халқының тәлим-тәрбиялық ой-пикирлериниң қәлиплесиўиниң бай идеялық дереклерге ийе екенлиги ҳәм раўажланыў этапларының басқышпа-басқыш өзине тән тарийхы жаратылып, өтмиштеги ойшыллардың бай тәжирийбелерге ийе тәлим тәрбиялық көз-қарасларынан пайдалана отырып, ҳәзирги тәлим-тәрбия мазмунын миллий қадириятлар тийкарында шөлкемлстириў зәрүрлиги көрсетилген.

Проф. Ө. Әлеўов 1994-1997 жыллары Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты қасынан «Қарақалпақ халқының этнопедагогикасы» атлы илимий лабороториа шөлкемлестирип, бунда өз шәкиртлери менен Қарақалпақ халқының этнопедогогикасының өзине тән өзгешеликлерине бағышланған илимий-изертлеў жумысларын да алып барды. Лабороториядағы жумыслардың нәтийжеси сыпатында илимий мақалалар топламын («Қарақалпақ халқының этнопедагогикасы». Жуўаплы редакторы: проф. Ө.Әлеўов, Нөкис-1995) шығарыўға еристи. Буннан тысқары, алымның жуўаплы редакторлығында ҳәм баспаға таярлаўында «Қарақалпақ халқының педагогикалық ой-пикирлери тарийхынан» (Ташкент, 1983) «Қарақалпақ халқының мектеп ҳәм педагогикалық ойлары тарийхы» (Нөкис, 1990) т.б. онлаған монографиялар, мақалалар топламы басылып шықты. Ол Қарақалпақстан Республикасының тунғыш мектепке шекемги тәрбия концепциясын дөреткен (Нөкис, 1994) авторлардың бири. Алымның орта арнаўлы педагогикалық оқыў орынлары ушын биринши рет «Қарақалпақ балалар әдебияты» (Нөкис, 1984) бағдарламасын жазып шығыўға ерискенлигин де айтып өтиў орынлы. Илимпаз илимий педагогикалық китапларды,мектеп сабақлықларын қарақалпақ тилине аўдарыў жумыслары менен де шуғылланды. Оның өзбек тилиндеги 5- ҳәм 9-классларға арналған «Одобнома» китапларын қарақалпақ тилине аўдарыўы (Нөкис, «Билим» 1998), мектеп оқыўшыларын өз ўақтында сабақлықлар менен тәмийинлеў тараўындағы хызмети болды.

Проф. Ө.Әлеўов 1997 жылдан баслап Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң «Педагогика

ҳәм психология» кафедрасының баслығы болып тайынланды. Оның илимий басшылығында бир неше илим кандидатлары: П.Абдимуратов, П.Палўаниязов,М.Хажиева, А.Жумабеков, Т.Жиемуратов, Қ.Сейтмуратов т.б. жетилисип шықты. Проф. Ө. Әлеўов билимлендириў хызметкерлериниң сүйип оқыйтуғын «Халық тәлими», "Өзбекстан И. А. Қарақалпақстан бөлиминиң хабаршысы", "Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў", "Билим ҳәм өндирис" журналларының редколлегия ағзасы сыпатында жаңа педагогикалық технология мәселелерин ен жайдырыўға да белсендилик пенен қатнаспақта.

Сондай-ақ алым Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық университети жанындағы педагогика теориясы ҳәм тәрбия усыллары бойынша Қәнигелестирилген илимий кеңестиң, Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогика илим изертлеў институты жанындағы педагогика теориясы ҳәм тарийхы бойынша Қәнигелестирилген илимий кеңестиң, Өзбекстан Республикасы илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминдеги Ўатан тарийхы бойынша Қәнигелестирилген Илимий Кеңестиң ағзасы сыпатында да илим изертлеў жумысларының, жақланып атырған диссертациялардың сапалы болыўына өзиниң үлесин қоспақта. Талантлы алымға студентлерге сапалы лекциялар оқығанлығын есапқа алып, 1998 ж. профессор илимий атағы берилди. 2006 жыл Халық аралык Antique World илимлер академиясының академиги болды.

Проф. Ө. Әлеўовтың илим саласындағы, кадр таярлаў исиндеги хызметлери ел басшылары тәрепинен елеўсиз қалдырылмады. Оған 1979 жылы илимдеги жетискенликлери ушын «СССР билимлендириў айрықшасы» атағы берилди. Сондай-ақ көп жыллық илимий жумыслардағы та-

быслары инабатқа алынып еки мәрте Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңеси Президумының (1977, 1994) ҳүрмет жарлығын алыўға миясар болды. Илимпаз өмиринде «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери» атағының берилиўи (2001 жыл) үлкен ўақыя болып, бул пидакер перзентине халқының әдил баҳасы есапланды.

Алымның өмири ҳәм творчествосына «Өзбек педагогикасы антологиясы» нан орын берилиўи ( Ташкент-1999 ) оның илимдеги жетискенликлери жоқары дәрежеде болғанлығының, үлкен алымлар қатарынан орын алғанлығының арқасында еди.

Әсиресе жер жүзиндеги ең уллы жоқарғы оқыў орны, Англиядағы Кембридж университети жанындағы халық аралық Биографиялық Орайының проф. Ө. Әлеўовқа педагогика тарийхы илимин изертлеўдеги қосқан үлеслерин есапқа алып «XXI әсирдиң белгили алымы» атағын бериўи ( Лондон, 2001 ж. ) ҳәм «XXI әсирдиң белгили адамлары» деген энциклопедияға өмир баяны, дөретиўшилиги ҳаққындағы мағлыўматлардың енгизилиўи, оның әсиримиздеги көрнекли алымлардың бири болғанлығына айқын гуўалық береди.

Шешкен машқалаларының мазмунлылығы ҳәм кеңлиги тәрепинен Орайлық Азия халықларының жәмийетлик-философиялық ҳәм педагогикалық ойлары тарийхын изертлеў бойынша әсиримиздеги атақлы алымлардың бири есапланған Өсербай Әлеўов ҳәзирги ўақытта Шығыс халықларының жәмийетлик-педагогикалық ойлары тарийхын, сондай-ақ халық педагогикасы машқалаларын изертлеў жумыслары менен шуғылланыўын даўам еттирип атыр.

Академик Ө.Әлеўов зайыбы Зинахан Қутлымуратова менен (врач) биргеликте үш қызды тәрбиялап ержеттириўде. Қызлары: Гүлистан ҳәм Гулжахан ҳуқуқ тараўы қәнийгелери, генже қызы Раўшан мектепте билим алмақта.

## Алғазы Бекбасов



Алғазы Бекбасов Республикамыздағы белгили устазларымыздың бири есапланады. Оның бала тәрбиясы ҳаққындағы пикирлери, психологиялық изертлеўлери муғал-лимлер жәмийетшилигине кеңнен таныс. Әлбетте, Алғазы бул абыройға бирден ерисе алған жоқ. Ол буған жетимликтен жетилип, көп қыйыншылықларды бастан кеширип, дөретиўшилик пенен излениўлериниң нәтийжесинде еристи.

Әкесинен жаслай қалған Алғазы дәслепки тәрбияны балалар үйинен алды. Оның маңлайынан сыйпап, өмиринде өшпес из қалдырған әдиўли устазлары Төремурат аға Айдынов, Сапарбай аға Арысланов,Жолай аға Ермекбаев сыяқлы үлгили оқытыўшылар болды. Олардың минез қулқы, жүрис турысы, ақыл кеңеслери жас шәкирттиң устазлық кәсипти таңлап алыўына үлкен тәсирин тийгизди.

Институтта оқып жүргенинде педагогикалық кәсипке, педагогика илимине қызығыўына профессор Жумек Орынбаев, доцент Рабиға Тимашевалар себеп болды.

Усындай тәсирлер нәтийжесинде Алғазы аға 1953 жылы сол ўақыттағы СССР педагогикалық илимлер академиясының Мийнет қызыл байрақ орденли психология институтының аспирантурасына кирип, оны 1956 жылы табыслы тамамлап, психология илими бойынша кандидатлық диссертация жақлады. Оның бул мийнетин белгили психологлар академик А.А.Смирнов, профессор П.И.Иванов, профессор Н.А.Менчинская ҳәм тағы басқада илимпазлар жоқары баҳалады. Буннан соң көп жыллар даўамында сол қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институттың психология муғаллими, педагогика ҳәм психология кафедрасының баслығы, педагогика факуль-тетиниң деканы болып иследи.

1976 жылы Республикамыз турмысында үлкен ўақыя болды. Педагогикалық институт базасында Нөкис мәмлекетлик университети ашылды. Университеттиң илимий ислери бойынша проректоры болып Алғазы Бекбасов белгиленди. Ол бул жумыста да өзин көрсетип, университеттиң Республикамыздағы илим орайына айналыўына, илимий кадрларды көплеп өсириўине бар күшин жумсады.

Алгазы аға илим изертлеў жумысларынан қол үзген емес. Ол бир неше китапшалар ҳәм илимий мақалалардың авторы. А. Бекбасов көп жыллардан берли оқыўшы жасларға билим бериў ҳәм тәрбиялаўдың психологиялық тийкарлары бойынша изертлеўлер жүргизип келди.

А.Бекбасовтың илимий изертлеўлериниң нәтийжеси бойынша халықаралық ҳәм пүткил аўқамлық психологиялық, симпозиумларда ҳәм илимий теориялық конференцияларда баянатлар ислеп, көпқана алымлар менен дөретиўшилик байланыста болды.

## Рабиға Гиндуловна Тимашева



Тимашева Рабиға Гиндуловна 1905 жылы Башқурдстан АССРының Уфа қаласында хызметкер семьясында туўылған. 1919-1924 жылларда Башқурт педагогикалық техникумында билим алып, оны питкергеннен кейин 1924-1926 жыллар аралығында Урмагчин аўылындағы басланғыш мектебин басқарды. Соң 1926 жылдан 1927 жылға дейин усы аўылда 11-басқышлы мектепте Башқурт тили оқытыўшысы болып ислейди. 1927 жылдан 1929 жылға дейин Башкирияның Уфа кайтоны Чисима аўылындағы Таныш басланғыш мектебин басқарған. 1929 жылы орайлық комсомол комитети тәрепинен Герцен атындағы Ленинград педагогикалық инстутына оқыўға жоллама бериледи. Ол 1932 жылы désinstitutты табыслы питергеннен кейин усы институттың өзинде аспирантурада қалдырылады. Нәтийжеде 1932-1935 жыллар аралығында аспирантурада билим алады.

Рабиға апа 1935 жылы аспирантураны питкергеннен соң Қарақалпақстанға жумысқа жиберилди. 1935 жылдан 1938 жылға дейин Қарақалпақстанның областлық партия шөлкеминде мектеп бөлиминде инструктор болып ислейди ҳәм «Билим» жәмийетиниң белсенди лекторы болды. Ол лекторлық жумысқа белсене қатнасқаны ушын еки мәрте пүткил союзлық «Билим» жәмийетиниң мақтаў жарлығы менен сыйлықланады.

1935 жылы муғаллимлер институтындағы партия шөлкемин беккемлеў ушын областлық партия комитети тәрепинен муғаллимлер институтына жумысқа жибериледи ҳәм сол жердеги партия шөлкеминиң секретары болып сайланады. 1935 жылдан 1970 жылға шекем педагогика ҳәм психология кафедрасында кафедра баслығы ҳәм кафедра доценти лаўазымларында ислейди.

Ол 1951 жылы кандидатлық диссертация жақлап, педагогика илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыўға миясар болады.

Көп жыл даўамында Өзбекстан Республикасы Илимлер Академисы «Билим» жәмийетиниң педагогикалық секциясын басқарды. Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан ҳүкиметиниң ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды. Оған “Өзбекстанға мийнети сиңген муғаллим” атағы ҳәм көплеген медаллар берилди.

## Әнес Омаров



Омаров Әнес 1931 жылы Мойнақ районының Таллық аўылында жүк тасыўшы шаңарағында туўылған.

Орта мектепти 1949 жылы Мойнақ қаласында питкерип, 1949-1951 жыллары Уч Сай пристанындағы жүк мекемесинде жумыс ислеген. 1951 жылы Қарақалпақ мәмлектлик педагоги-

қалық иниститутының орыс тили ҳәм әдебияты факультетинде оқыўға кирип, оны 1955 жылы питкериўге еристи, ҳәм усы жылы пединститутта орыс тили муғаллими болып қалдырылды.

Әнес Омаров 1962 жылы Ташкент мәмлекетлик университетиниң аспирантурасына оқыўға түсти. 1966 жылы «Орыс ҳәм қарақалпақ тиллериндеги ўақыт бағыныңқы гәплер» атлы темада кандидатлық диссертация қорғап, усы еки тил бойынша салыстырмалы типологияның дәслепки қәнигелериниң бири болды. 1970 жылы доцент атағын алды. Ал 1980 жылдан баслап профессор көп жыллар орыс тили ҳәм әдебияты факультетиниң деканы, кафедра баслығы лаўазымларында иследи.

Әнес Омаровтың илимий мийнетлери педагогика менен орыс тилин қарақалпақ мектеплеринде оқытыў методикасы менен тиккелей байланыслы. Оның жәриялаған 800 ден аслам мийнети бар. Усының ишинде 30 дайы оқыўлықлар, методикалық көрсетпелер, оқыў сөзликлери ҳ.т. Әнес Омаров биринши болып оқыў сөзликлерин дүзди. Оның синонимлер, омонимлер, антонимлер, паронимлер, эпитетлер ҳ.б. сөзликлери мектеп муғаллимлери менен оқыўшыларға, студентлерге орыс ҳәм қарақалпақ тилин үйрениўге жақыннан жәрдем беретуғын методикалық қолланбалар есапланады.

Профессор Әнес Омаровтың "Орыс ҳәм қарақалпақ тиллериниң салыстырма синтаксиси" (Н., «Билим», 1981, 2001 ж.) монографиясы ҳәм басқада мийнетлеринде еки тилдеги өз-ара уқсаслық ҳәм өзгешеликлер конкрет мысаллар тийкарында көрсетилип, илимий изертлеў жасалынған.

Профессор Омаров Әнеске илимдеги жетискенликлери ушын 1982 жылы «Қарақалпақстан Республикасында хызмет көрсеткен илим ғайраткери», 1996 жылы «Қарақалпақстан Республикасының халық муғаллими» ҳүрметли атақлары берилди. 1994 жылы Финляндияда шыққан «Ҳәзирги русиси-стикада кимлер бар? » деген сөзлик китапта дүнья жүзиндеги орыс тили қәнигелериниң бири сыпатында профессор Әнес Омаровтың биографиясы да орын алған.

## Жумырбай Қайырбаев



Ж. Қайырбаев 1931 жылы 21-августта туўылған. 1939 жылы Хожелидеги Шевченко атындағы орта мектептиң биринши класына оқыўға барады. Урыс басланған жылы әкесиниң жумысы өзгериўине байланыслы Нөкис қаласына көшип келип, пайтахтымыздағы Пушкин мектебинде оқыўын даўам етеди. Жоқары класларда оның әдебиятқа қызығыўшылығына себепши болған мугаллим Бийбисара Қашқынбаеваның үлеси оғада үлкен болды.

1949 жылы мектепти алтын медаль менен питкерип шығып, соңынан Алма-Ата қаласындағы ҚазМУ дың филология факультетине имтихансыз оқыўға қабыл етиледи. Болажақ алым Алма-Атадағы бул оқыўын табыслы тамамлап, өз туўылып өскен елине қайтады.

Дәслепки мийнет жолын Қарақалпақ Мәмлекетлик пединститутында муғаллимшилик жумыстан баслады. Студентлерге билим ҳәм тәлим-тәрбия бериў ислери күтә қурамалы екенлигин, ол ушын көп оқыў,көп үйрениў ке-

реклигин жақсы түсинген жас устаз көп изленди. Ол дәслепки муғаллимшилик еткен жылларында тәжирийбели устаз алымлар: К. Бердимуратов, А. Есемуратов, С. Ахмедов, Ж. А. Орынбаев ҳәм т. басқалардан көп нәрселерди үйрениўине туўра келди.

Жас алым Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық институттың илимий кеңесинде «Қарақалпақ мектебиниң биринши класында саўат ашыў методикасы» деген темада кандидатлық диссертациясын (1970) жақлады. Устаз педагогика илимлериниң кандидаты деген илимий дәрежеге ийе болды.

Илим изертлеў саласында өзиниң биринши қәдемин Қарақалпақ әдебияты менен тили бойынша талабаларға арналған программалар, бақлаў жумыслары, сабақлықлар дүзиўден баслаған жас устаз 1961 жыл А. Есемуратов, П. Палўаниязовалар менен биргеликте 1-классқа арналған әлипбе сабақлығын жазды. Оның авторлығындағы «Әлипбе» 30 жыл даўамында үзликсиз шығарылып келинген, қарақалпақ оқыўшыларының мектеп босағасына биринши қадем атқанда қолындағы қуралы болды.

Ж. Қ. Қайырбаев Республикамыздағы қарақалпақ тилиниң методикасы бойынша тунғыш педогогика илимлериниң кандидаты еди.

Ол қарақалпақ мектеплериниң баслаўыш класс муғаллимлери ҳәм педогогикалық училищелердиң студентлери ушын оқыў бағдарламаларын дүзип, «Тил билимине кириспе», «Әдебияттаныў илимине кириспе» пәнлери бойынша бақлаў жумысларын алып барыў ушын методикалық көрсетпелер жазды.

Ж.Қ. Қайырбаев тек педогог-алым емес, ол жазыўшылық ислери менен де шуғылланды. Оның устазларға арналған очерклери, суўретлемелери Республикалқ баспа сөзлерде жийе-жийе жәрияланды. Кишкене мектеп жасындағы балаларға арнап жазған қызықлы жумбақлары, қосықлары газета журнал бетлеринде ҳәм өз алдына китапша түринде жәрияланды.

Узақ жыллар даўамында халық билимлендириўи, жоқары оқыў орынларында тынбастан хызмет етип келген Ж.Қайырбаев «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген муғаллим» ҳүрметли атағына миясар болды Нөкис мәмлекетлик пединститутының профессоры, (1991) илимий атағына ийе болған Ж.Қайырбаев пединститутта баслаўыш билим бериў методикасы кафедрасының баслығы, педагогика факультетиниң деканы т.б. лаўазымларды атқарды.

Республикамыздағы журнал ҳәм газеталардың көплеген санларында проф. Ж. Қайырбаев тәрепинен қарақалпақ филологиясы, педоғогика ҳәм ана тилин оқытыў методикасына арналған 200 ден аслам илимий методикалық, сын мақалалары жарялaнды.

Тәжирийбели педагог ҳәм алым Ж. Қайырбаев қарақалпақ балалар әдебияты тараўында көп жыллардан берли кәлем тербетип, киятырған шайырларымыздың бири. Ҳәр бир жазыўшы шайырлардың дөретиўшилик жолы болғанындай Жумырбай ағанында өзине тән жолы бар еди. Оның бул жолы балалардың ойлаў дүньясына сай жумбақ жанрынан басланып, үлкен гүзарға айналып барған еди. Оған шайырдың баспадан китап болып шыққан «Жумбақ-ақыл ойыны» (1975 ж), «Ойланайық, табайық» (1980 ж), «Ойлан, излен, тап» (1983 ж), «Қәне ким тапқыш» (1990 ж) деген топламлары дәлийл болады.

Шайырдың жумбақлары адамның әсиресе кишкене оқыўшы жаслардың ойын қыялы менен фантазиясын кеңейтиўде ҳәм билимин арттырыўда үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе.

Шайырдың қосықлары тили жеңил, оқыўшылардың тез түсинип оқыўына ҳәм ядлаўына қолайлы жазылған.

Педагогика илимлерининң кандидаты ҳәм балалар шайыры, проф. Ж.Қайырбаевтың илимий-педагогикалық хызмети усындай өзине тән өзгешеликлерге ийе болды.

## Пердебай Шылманов



Пердебай Шылманов Қараөзек районының ҳәзирги Аллаяр Досназаров атындағы хожалығына қараслы Султанбай аўылында 1943 жылы 15-сентябрде туўылған. 1949 жылы Жданов атындағы орта мектепке оқыўға барып, бул мектепти 1959 жылы питкерип шығады. Семьясы 1959 жылы Нөкис қаласына көшип келеди. Ол 1960 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының «дене тәрбиясы, адам анатомиясы ҳәм физиологиясы» қәнигелигине кирип, 1964 жылы табыслы питкерип шығады. Соң өзи оқыған дене тәрбиясы факультетине оқытыўшылық лаўазымына қалдырылады.

Пердебай Шылманов дене тәрбиясы факультетине оқытыўшы болып орналасқаннан-ақ ҳәрекетли миллий балалар ойынын жыйнаўда, оларды мектеп бағдарламасына

сәйкеслендирип, қайта ислеп шығыўда тыныўсыз мийнет етти. Қарақалпақ халқының миллий ҳәрекетли балалар ойынлары бойынша 200 ден аслам газета радио-телевидениеде мақалалар жәриялады, шығып сөйледи.

Болажақ илимпаз,миллий халық ойынларының келип шығыў тарийхын изертлеўде де мийнетлер дөретти. «Каракалпакские подвижные игры в школе» деген темада 1982 ж. Москва қаласында кандидатлық диссертациясын қорғады.

Пердебай Шылманов қарақалпақ халқының әййемги заманнан-ақ өзиниң миллий ойынларына бай халық екенлигин көрсете билди. Қарақалпақ халқының балалар ойынларының мазмуны, тәрбиялық әҳмийети, оларды жас өзгешелигине қарай бөлистириў исинде көп жумыслар алып барды. Ол «мектепке шекемги тәрбия орынларына ҳәм мектептиң, I-IV классларына арналған ҳәрекетли ойынлар,V-VIII класс оқыўшылары ушын пайдаланатуғын ойынлар» деп миллий ойынларды тайпаларға ажыратты. Проф.Пердебай Шылманов қарақалпақ халқының миллий балалар ойынларының 200 ден асламын жыйнап, қайта ислеп, мектеп бағдарламаларына қосымша сабақ ретинде енгизиўге миясар болды.

НМПИдиң спорт, ҳәрекетли ойынлар теориясы ҳәм методикасы кафедрасының баслығы педагогика илимлериниң кандидаты, профессор Пердебай Шылманов ҳәзирги ўақытта «Қарақалпақ халық ойынларының жасларды тәрбиялаўдағы әҳмийети» атлы темада докторлық диссертация үстинде жумыс алып бармақта.

Белгили устаз Пердебай Шылманов миллий ойынлардың халқымызға көп таралған түриниң бири «Қашарман топ» ойынының теориялық ҳәм әмелий қағыйдаларын,

мектеп оқыўшыларына,орта ҳәм жоқары оқыў орынлары студентлерине сәйкеслендирип ислеп шықты.

Ҳәзир профессор П.Шылманов Республикамыздың мектеплери ушын дене тәрбиясы сабақлығының биринши,екинши, үшинши, төртинши класс оқыўшыларына арналған китапларын ҳәм оқыў бағдарламаларын латын графикасында баспадан шығарды.

Пердебай Шылмановтың бул мийнетлери жоқары баҳаланып, 1996 жыл оған «Қарақалпақстан халық билимлендириў ағласы» атағы берилди ҳәм «Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң 10 жыллық нышаны» медалы менен сыйлықланды.

Пердебай Шылмановқа илимдеги табыслары ушын 2001 ж. НМПИдың илимий кеңеси қарары менен профессор атағы берилди. Республикамызда дене тәрбиясы ҳәм спорт тараўында биринши рет оның профессоры атағын алыўы үлкен қуўаныш болды.

Алымның ҳәзирги ўақыттқа шекем 50 ден аслам илимий жумыслары баспада жәрияланды.

Пердебай Шылманов 18 жылдан көбирек ўақыт кафедра баслығы лаўазымында тынымсыз жумыс ислеп келмекте.

## Шүкиржан Непесова



Ш. Непесова 1930 жылы Түркменстан Республикасы Ташаўыз ўәлиятының Ташаўыз районында туўылған. 1950 жылы Марыдағы муғаллимлер институтының түркмен тили ҳәм әдебияты факультетине түсип, оны 1952 жылы

тамамлайды. 1953 жылы Ашхабаттағы М.Горький атындағы университеттиң филология факультетине оқыўға түсип, оны 1956жылы питкерип шығады. 1956-58 жыллары Ташаўызда мектепте муғаллим болып ислейди. Соңынан Пионерлер сарайының директоры лаўазымына көтериледи.

Әкеси тарийх илимлериниң докторы Туркменстан ИА академиги Гайып Непесов Қарақалпақстанға жумысқа өзгериўине байланыслы Шүкиржан Непесовада ҚҚМПИна жумысқа өтеди.

Ол Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтында ислеп жүргенде Ташкенттеги Низами атындағы пединститутының аспирантурасына жоллама алды. Оның оқыўшыларды интернационализм руўхында тәрбиялаў ҳаққындағы илимий жумысына басшы болып проф. Жумек Орынбаев бекитилди. Ол өсип киятырған жас әўладларды интернационализм руўхында тәрбиялаўдың күн тәртибинде турған ең баслы машқалалардың бири екенлигин, бул ҳаққында шайыр-жазыўшылардың әжайып шығармалар дөреткенлигин көрди. Бул мәселелерди изертлеў кереклиги дурыс түсинди. Нәтийжеде Шүкиржан Непесова 1973 жылы Ташкенттеги Низамий атындағы пединституттың илимий кеңесинде «Қарақалпақ әдебияты сабағында ҳәм сабақтан тыс жумысларда IV-VIII класс оқыўшыларын интернационализм руўхында тәрбиялаў» деген темада кандидатлық дицертациясын жақлап шықты. Илимий кеңесте шығып сөйлеген илимпазлар илимий жумысларына жоқары баҳа берди ҳәм диссертациясын педагогикаға қосылған үлкен үлес деп есаплады.

Шүкиржан Непесова аспирантураны тамамлап, қайтадан устазлық кәсибин даўам етиў ушын Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының педагогика ҳәм

психология кафедрасына келди. Ол билимин көтериў үстинде тынымсыз ис жүргизди.

Ол көп жыллық тәжирийбеге ийе устазлары-өз әкеси академик Ғайып Непесовтан, илимий басшысы проф. Жумек Орынбаевтан, кафедра басшысы болып ислеген доц. Алғазы Бекбасов ҳәм тағы баска алымлардан көп нәрсени үйренди. Шүкиржан Непесованың 20 дан аслам илимий мийнетлери бар. Тийкарғы темасы халықлар дослығы, жасларды интернационализм руўхында тәрбиялаў мәселелерине бағышланды.

Шүкиржан Непесованың мийнетлерин Республика ҳүкимети жоқары баҳалап, оны Қарақалпақстан Жоқары Кеңеси Президиумының «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйлықлады. Институт ректораты бирнеше мәртебе алғысламалар жәриялады.

## Ғайбулла Баймуратов



Баймуратов Ғайбулла 1936 жылы Шоманай районы, Ташкент совхозы аймағында туўылды. Ол 1944 жылы Молотов атындағы сегиз жыллық мектепте билим алып буны питкергеннен кейин Шоманай районы орайындағы Д.И.Менделеев атындағы мектепте оқыўын даўам еттиреди.

1954 жылы орта билимге ийе болған Ғ.Баймуратов Низами атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық ин-

ститутының химия-биология факультетине кирип, оны 1959 жылы питкерген. Усы жылы Нөкистеги Шевченко атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының химия-биология факультетине муғаллим болып жумысқа орналасады.

Соң 1962 жылы Республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтының химия кабинетиниң баслығы болып жумысқа өтеди.

Илимге қызықсынған Ғ.Баймуратов 1964 жылы Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының химия институтына аспирантураға киреди. Нәтийжеде 1968 жылы «Оқыўшылардың билиў уқыплылығын арттырыўдың әҳмийетли мәселелери» деген темада кандидатлық диссертация қорғап, педагогика илимлериниң кандидаты дәрежесин алыўға еристи.

Ол көп жыл даўамында Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтының Ж.Орынбаев атындағы Қарақалпақстан филиалының химия ҳәм биология секторының баслығы болып иследи, 60 дан аслам илимий жумыслары бар.

## Хван Раида Павловна



Хван Р.П. 1939 жылы Хожели районында муғаллимлер семьясында туўылады. 1942 жылы семья ағзалары Қазақстанның Талдықор-ған областына көшип барады. Ол усы жерде орта мектепти алтын медаль менен

питкерип, 1956 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтына оқыўға киреди. Growing Пединститутқа 1962 жылы питкерип, Талдықоргандағы Гагарин атындағы орта мектепте рус тили муғаллими болып иследи. Бир жылдан кейин Нөкиске қайтып келип, Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм сырт еллер әдебияты кафедрасына жумысқа орналасқан.

1967 жылдан баслап Өз.ПИИИның ҚҚ филиалында рус тилин оқытыў методикасы секторының баслығы болып ислейди.

1975 жылы Фрунзедеги Қыргыз ПИИИда «Развитие русской речи учащихся IV-VIII классов каракалпакской школы в связи с изучением предложных глагольных словосочитаний с именами существительными» деген темада кандидатлық диссертация қорғап, педагогика илимлеринин кандидаты дәрежесин алады. Ол онлаған мектеп сабақлығы методикалық қолланбалардың авторы. Соңғы гезлерде илимпаз Қарақалпақ мәм-лекетлик педагогикалық инниститутында жумысын даўам еттирип, 1977 жылдан баслап Рус тили ҳәм сырт еллер әдебияты кафедрасында кафедра баслығы болып ислейди. 1986 жылы семьясы менен Қырғызстанға көшип кетеди.

## Бердимурат Султамуратов



Бердимурат Султамуратовтың бала-лық жыллары заманласлары сыяқлы урыс жылларына туўра келди. Ол 1932 жылы 23-февралда Қараөзек районының Пионер колхозында дийхан шаңарағында туўылған. 1939 жылы мектепке оқыўға барды. 4-7–классқа шекем (1941-45) оқыў менен қатар колхоздың жумысларына жәрдем берди. Ол гезде урысқа кеткен аталары менен ағаларының орнына колхозда жумыс ислеў аўыл балалары менен ҳаял қызлардың мойнына жүкленген еди. Ол 8 жыллық мектепти питкергеннен соң өзи өскен аўылда пахташылық жумысына араласып мийнет ете баслады. Соң 1948 жылы Шымбайдағы педагоғикалық училищеге оқыўға кирип, оны 1952 жылы питкерип шықты.

Бердимурат Султамуратов 1952 жылы Қараөзек районындағы Калинин атындағы 7 жыллық мектепте муғаллимшилик хызметин баслады. Бирақ арадан көп ўақыт өтпей 1953 жылы билимин жетилистириў мақсетинде Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх факультетине оқыўға кирип, оны 1957 жылы ‘айрықша’ баҳалар менен тамамлады. Ал 1957-1960 жыллар аралығы Қара-өзек районындағы Крупская мектебинде директор лаўазымында иследи. 1960 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутына оқытыўшылыққа таңлаў жәрияланып, педагогика ҳәм психология кафедрасына оқытыўшы болып жумысқа өтеди. Ал 1964 жылдан баслап аға оқытыўшы лаўазымында ислеўге ериседи.

Устаз Б. Султамуратов 1967 жылы Ташкенттеги Низами атындағы педагогикалық пединститутқа аспирант болып оқыўға түседи ҳәм 1970 жылы оқыўын тамамлап өзи ислеген ҚҚМПИ да педагогика кафедрасында жумысын даўам еттиреди. 1973 жылы Ташкент қаласында Низамий атындағы педагогикалық институттың Илимий кеңесинде «Урыстан кейинги дәўирде Қарақалпақстандағы мектеп билимлендириўиниң раўажланыўы» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлап, педагогика илимлериниң кандидаты деген дәрежеге ийе болады.

Ол 1979-1984 жыллар аралығында Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң педагогика ҳәм психология кафедрасының баслығы лаўазымында, ал 1984 жылдан баслап 1990 жылға дейин сол кафедрада аға оқытыўшы болып ислеген.

Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институты қайта ашылыўына байланыслы 1990 жылы НМПИ дағы педагогика ҳәм психология кафедрасына басшы болып сайланады. Илимпаз Б. Султамуратов газета журналларда педагогика илими бойынша тез-тез мақалалар жәриялады. Базы мақалалары университеттиң Илимий методикалық топламлар жыйнағында басылып шықты.

СССР педагогика Илимлер Академиясы жанындағы педагог оқытыўшылардың кәнийгелигин жоқарылатыў институтында (Москва) билимин жетилистириўге еристи. Педагогика Илимлер Академиясы қасындағы кафедра баслықларының семинарларына қатнасты.

Б. Султамуратовтың бундай дәрежеге жетисиўинде педагогика илимлериниң докторы, профессор (Қарақалпақстанда биринши, ал Өзбекистанда екинши илим докторы) Жумек Орынбаевтың хызмети көп болды. Ол

Б.Султамуратовты СССР Педагогика Илимлер Академиясының академиги, Өзбекстанда биринши педагоғика илимлериниң докторы, Сыдық Ражабов пенен таныстырып (1967-70) Б.Султамуратовқа илимий басшы болыўды усыныс еткен еди.

Бердимурат Султамуратов ярым әсирге жақын Республикамызда билимлендириўди раўажландырыўға, педагог қәнигелерди таярлап шығарыўға өзиниң салмақлы үлесин қосты. Оның көп жыллық педагогикалық хызмети ҳүкиметимиз тәрепинен баҳаланып, 1982 жылы 4-майда ҚҚАССР Жоқарғы Совети Президиумының «Ҳүрмет жарлығы», ал 1995 жылы 11-августа «Өзбекстан халық билимлендириўиниң ағласы» көкирек нышаны менен сыйлықланды. 2001 жылы 30-августта «Қарақалпақстанға мийнети сиңген халық билимлендириў хызметкери» деген атаққа миясар болды.

## Рейим Жуманиязов



Жуманиязов Рейим 1934 жылы 5-январьда Қарақалпақстанда Қоңырат районлық 8-аўыл советиниң «Қызыл қала» аўылында туўылган.

1942 жылы сол Қызыл қаладағы Н.В. Гоголь атындағы мектепке оқыўға барып. сегиз жыллық билимге ийе болғаннан соң Крупская мектебинде оқып 1952 жылы бул мектепти табыслы тамамлайды. Сол жылы Қаракалпақ мәмлекетлик педагогикалық

институтының тәбият таныў факультетине оқыўға түседи. 1956ж. химия ҳәм биология муғаллими деген қәнигеликти алып, Мойнақ районындағы «Шеге» аўылына муғаллим болып барады.

Соң илимге қызыққан Р.Жуманиязов 1958 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының «Ботаника ҳәм аўыл хожалығы» кафедрасына муғаллим болып жумысқа орналасады. Биологияны оқытыў методикасы бойынша сабақ береди. 1963-66 жыллары кафедрада үлкен лаборант лаўазымында жумыс ислеп жүрип Москвадағы Педагогика Илимлер Академиясына қараслы Улыўма ҳәм политехникалық илим изертлеў институтына «Биологияны оқытыў методикасы» қәнигелигине сырттан аспирантураға оқыўға түседи. 1970 жылы Москвада өзи аспирантурада оқыған институтта «Қарақалпақстан автономия Республикасы мектеплеринде ботаниканы оқытыўдағы үлке таныў мәселеси» атлы темада кандидатлық диссертациясын жақлайды.

1970 жылдан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын топырақ таныў ҳәм агрохимия кафедрасында биология оқытыў методикасы пәнинен аға оқытыўшы болып жумыс ислейди. Ал 1975 жылдан баслап Қарақалпақстан Республикасы педагогика жәмийетинде жуўаплы хаткер болады. 1976 жылдан баслап Өзбекстан педагогикалық илим изертлеў институтының Қарақалпақстандағы филиалына үлкен илимий хызметкер ўазыйпасына өтеди.

Педагогика илимлериниң кандидаты Өзбекстан педагогика илим изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалының илимий хызметкери Рейим Жуманиязов «Республикамыздың мектеплеринде үлке өсимликлерин үйре-

ниў ис тәжирийбелери» деген китабын жазыўға ериседи. Оның баспа сөзде жәриялаған 20 дан аслам илимий мийнетлери бар.

## Балмағамбет Жоламанов



Балмағамбет Жоламанов 1930 жылдың 25-декабринде ҳәзирги Мойнақ қаласында туўылды. Ол мийнет жолын 14 жасынан баслады. Дәслебинде ҳәр түрли мекемеде секретарь, соң бухгалтерлик жумысларда иследи.

Оның педагогикалық хызмети 1948 жылдан басланды. Сол жылы ол Шымбайдағы педагогикалық училищени тамамлап, күш-жигерин балаларды оқытыў ҳәм тәрбиялаў исине арнады. Ол 1948 жылдан 1969 жылдың март айына шекем Мойнақ ҳәм Қараөзек районларының аўыллық мектеплеринде муғаллим болып иследи. Мектеп директоры сыпатында педагогикалық коллективке басшылық етти. Усының менен бирге Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын сырттан оқып тамамлаўға еристи.

Балмағамбет Жоламанов оқыўшылардың ҳәр тәреплеме раўажланыўына, олардың ақыл-ойының өсиўине, ой-пикири, көз қарасы, әдеп-икрамлық ҳәрекетиниң қәлиплесиўине қызығатуғын еди. Бул жағдай оны илим изертлеў иси менен шуғылланыўға,ӨЗПИИИ Қарақалпақстан филиалына алып келди. 1970 жылы илимий хизметкер болып жумысқа өтип, баслаўыш класс оқыўшыларына эстетика-

лық тәрбия бериў мәселесин изертлеў иси менен шуғылланды. Ол 1970-74 жыллары педагогика теориясы ҳәм тарыйхы секторын басқарды. 1974 жылы Фрунзе қаласында «I-III класс оқыўшыларына оқыў сабағында қарақалпақ әдебий шығармалары арқалы эстетикалық тәрбия бериў» деген темада кандидатлық диссертация қорғады.

Б.Жоламанов Өз. ПИИИниң Қарақалпақстан филиалында «Оқыўшыларға эстетикалық тәрбия бериў» (1969-1980ж), «оқыўшыларға әдеп-икрамлық тәрбия бериў» (1981-1983ж) машқалалары үстинде илимий изертлеў ислерин алып барды.

Б. Жоламанов 40 тан аслам мақалалар жәриялады. Илимпаз көплеген илимий практикалық конференциялардың, Республикалық педагогикалық оқыўлардың актив қатнасыўшысы болды. Оған сапалы илимий жумыслары мектеп оқыўшыларын оқытыў ҳәм тәрбиялаў ислерине қосқан үлеслери ушын Өзбекстан Билимлендириў министрлигиниң, ҳәм Өзбекстан Педагогика жәмийетиниң ҳүрмет жарлықлары берилди.

## Қошқарбай Данияров



Данияров Қошқарбай 1935 жылы 15-мартта Хожели қаласында туўылады. 1948 жылы 7-классты питкерип, сол жылы Хожели қаласындағы педагогикалық училишеге оқыўға киреди.1952 жылы бул педагогикалық оқыў орнын питкерип шығып, Шоманай районыныдағы Ленин атындағы мектепте мугал-

лим болып жумысқа орналасады. Көп узамай Қ.Данияров билимин жетилистириўди мақсет етип 1953 жылы Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық институтқа кирип, оны табыслы тамамлайды. Соң 1957-1958 жыллары Ленин атындағы орта мектепте муғаллим болып ислейди, 1958 жылы Хожели районындағы райком комсомолға хызметке өтип, соңынан Хожели педагогикалық училещесине муғаллим болып жумысқа барады.

Ол 1959 жылдан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтындағы педагогика ҳәм психология кафедрасына муғаллим болып жумысқа киреди.1965 жылдан баслап 1968 жылға дейин Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық институтының «Педагогика» кафедрасына аспирантураға оқыўға кирип, проф. З.Ф.Миртурсиновқа шәкирт болады.

1969 жылы 14-февралда «Атеистическое воспитание младших школьников» деген темада кандидатлық дессертация жақлаўға ериседи.

1971 жылдан баслап, Тахиаташ қаласындағы Н.Островский атындағы орта мектепте директор, 1973-1984 жыллар аралығында ӨЗПИИИ ҚҚ филиалында бөлим баслығы болып жумыс ислейди. Оның 50 ден аслам илимий мийнетлери баспа сөзден жарық көрди.

## Аминбай Қурбанбаев



Қурбанбаев Аминбай 1940 жылы Қарақалпақстан Республикасы Төрткул районының Тазабағяб аўыллық кеңеси қура-мындағы Намуна колхозында туўылды. 1947 жылы усы аўылдағы баслаўыш мектептиң биринши класына оқыўға барып, аўылда орта билим беретуғын мектеп болмағанлықтан Гүлдирсин аўыллық кеңеси территориясындағы мектепке қатнап оқып, оны 1957 жылы тамамлады. Екинши дүнья жүзлик урыстың бастан аяғына дейин қатнасқан әкеси Қурбанбай 1956 жылы қайтыс болады.

Аминбай Қурбанбай улы семьясының үлкени болғанлықтан, мектепти питкерген соң бирнеше жыллар даўамында усы колхозда табельчик болып ислейди. 1960 жылы Ташкенттеги шет тиллер педагогикалық институтының немис тили факультетине оқыўға кирип, 1965 жылы оны қызыл диплом менен тамамлаған Қурбанбаев Аминбай Нөкис педагогикалық институтына жумысқа жибериледи.

Аминбай Қурбанбаевтың илимге қызығыўшылығы студентлик дәўирден басланды. Илимий әнжуманларға қатнасып турды. 4-курста оқып жүрген ўақытларында «Совет мактеби» журналында илимий мақаласы жәрияланды.

Ол бәрҳәма педагогикалық хызметин илимий жумыс пенен қоса алып барды. 1972 жылы Баку қаласындағы Шет тиллер педагогикалық институтының шет тиллерин оқытыў методикасы кафедрасына 2 жыллық стажировкада

болды. 1975 жылы Киев қаласындағы Шет тиллер педагогикалық институтының илимий кеңесинде «Қарақалпақ студентлерине немис тилин оқытыў методикасы» деген темада диссертация жақлайды. Ол өзиниң 40 жылдан аслам өмирин немис тилин үйрениўге, оқытыўға оны Республикамыз жаслары арасында ен жайдырыўға, оқытыўды жақсылаўға арнады.

Ол бирнеше жыл даўамында Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниц немис тили кафедрасының меңгериўшиси, доценти, сондай-ақ шеттиллер факультетиниң деканы лаўазымларында иследи.

Оның «Немис тили фонетикасы»1980, «Немис тили граматикасы морфология»1988, «Сопостовительная грамматика немецкого и каракалпакского языков (морфология)»1989, «Немис тили грамматикасы»1990, «Синтаксис»1991, «Немис тили грамматикасынан шынығыўлар топламы»1992, «Немис тили ҳәм қарақалпақ тиллериниң салыстырмалы граматикас» (2002) «Атлықтың граматикалық категориялары» (немис тилинде) сыяқлы китаплары баспадан шықты. Ол Республикамыздағы немис тилиниң жанкүйери. Оның баспа сөзден шет тиллерине арналған көплеген мақалалры басылып шықты.

А.Курбанбаевтың тәрбиялық харектерге ийе болған «Бир аўыз сөз», «Бир түп терек», «Шын қәлиптен», «Ерси ис елеспесиз қалмасын» «Сәлемлесиў әдеп-икрамлықтың басы», «Әдилсизлик қәўипли иллет» сыяқлы илимий харектерге ийе болған «Германиялы алым қарақалпақ фольклорының изертлеўшиси», «Ҳәр нәрсени өз аты менен», Бонн университетинде еки ай болып, көп тәжрийбелер үйренип қайтты.

Алым Республикамыз ҳәм қоңсы мәмлекетлердиң жоқары оқыў орынларында өткерилген көплеген конфе-

ренцияларды҇ң қатнасыўшысы.

Аминбай Қурбанбаев Қарақалпақ мәмлекетлик университети менен Бонн (Германия) университетлери арасындағы байланысқа тийкар салыўшы. Германиядағы ДААД (Академиялық илимий хызметкерлер менен ислесиў) тың Қарақалпақстандағы бирден-бир степиндианты есапланып ол жерде еки ай илимий сапарда болып қайтты. Бонн университети студентлерине «Қарақалпақстанның кешеги күни, бүгин ҳәм келешеги» темасында лекция оқыды. «Түрк тили халықлары дәстанларының музыкасы» атлы дүнья жүзлик конференция қатнасыўшысы болып, Германиялы алымлар менен биргеликте илимий жумыслар алып барды.

Оның баспадан шыққан 60 тан аслам илимий, илимий-методикалық мийнетлери бар.

2001 жыл оған «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген халық билимлендириў хызметкери» атағы берилди. 1994 жылы ҚРЖК «Ҳүрмет грамотасы» менен сыйлықланды.

## Энажон Янгибаева



Янгибаева Енежан 1946 жылы Қарақалпақстан Республикасының Беруний районында туўылды. 1968 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының физика-математика факультетин питкерди. 1963-68 жылларда Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтында оқыды. 1968-1970 жыллар даўамында Беруний районын-

дағы орта мектептиң физика-математика оқытыўшысы болып иследи.

1973 жылы Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан Педагогикалық илимий-изертлеў институтының күндизги бөлим аспирантурасын тамамлап, кейин ала кандидатлық диссертациясын жақлаўға еристи. Буннан кейин сол институтта 1997 жылға шекем киши илимий хызметкер, соңынан үлкен илимий хызметкер, бас илимий хызметкер, сектор ҳәм бөлим баслығы лаўазымларында иследи. Соның менен бирге ол институт кәсиплик аўқамының баслығы ўазыйпасында атқарады.

Педагогика илимлериниң кандидаты, доцент Янгибаева Енежан илим жолында жас әўладларды тәрбиялаўда 30 жылдан аслам халқымызға хызмет етип келмекте.

Сондай-ақ Енежан Янгибаева 1-9 класслар ушын математика пәнинен ҳәр қыйлы оқыў қолланбаларын, мәмлекетлик тәлим стандартын, сабақлықлар, методикалық қолланбалар жазды. Оның 200 ге шамалас илимий мақалалары бар.

Алымның авторлығында жазылған 1-4 класслар ушын «Математика» сабақлығы Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан мектеплеринде кеңнен қолланылып келмекте. Сондай-ақ бул сабақлықлар 7 тилде басылып шығып, ҳәзирги ўақытта Республикамыздың улыўма билим бериў мектеплеринде оқытылмақта. Оның авторлығында 4-класс ушын «Математика» китабы» 1998 жылдың ең жақсы сабақлығы деп танылып, мәмлекетимиз тәрепинен II дәрежели диплом менен сыйлықланды. Ал 3-класс «Математика» китабы 2003-жылы жылдың ең жақсы сабақлығы деп аталды.

..л 1997 жылдан баслап Т.Н. Қары-Ниязий атындағы

Ол 1997 жылдан баслап Т.Н. Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илимий-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалы директоры лаўазымында ислеп келмекте.

Янғибаева Енежан илимий-изертлеў жумысларын тынымсыз даўам еттирмекте. Өзбекстанда киши жастағы балаларға математиканы үйретиўдиң теориясы ҳәм әмелияты деген темада докторлық диссертациясын қорғап, педагоғика илимлериниң докторы деген илимий дәрежеге ийе болды.

Оның коп жыллық мийнетлери ҳүкиметимиз тәрепинен есапқа алынып, жоқары баҳаланды. Ол «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық билимлендириў ағласы», «Қарақалпақстан Республикасында хызмет көрсеткен халық билимлендириў хызметкери» атақлары менен сыйлықланды.

**Корсеев Олег Борисович**



Корсеев Олеғ Борис улы 1947 жылы 17-мартта Қарақалпақстан Республиканың Тахтакөпир районында туўылады.

1954 жылы Тахтакөпир районындағы В.И.Ленин атындағы орта мектепте, соң Нөкис қаласындағы Терешкова атындағы орта мектепте оқыйды. 1964 жылы Т.Г.Шевченко атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутындағы дене-тәрбия факультетине оқыўға

кирип, оны 1968 жылы табыслы тамамлаўға еристи. Усы (1968) жылдан баслап ол Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институттағы дене-тәрбиясы кафедрасында теория ҳәм методикадан муғаллим болып жумысқа орналасады.

1969-1970 жыллары даўамында армия қатарында хызметте болып қайтады ҳәм өз кәсибин даўам еттиреди. 1975 жылы дене тәрбия факультетиниң дене тәрбиясы теориясы ҳәм методикасы кафедрасының басшысы болады.

1978 жылы проф. Михаил Львовичтиң илимий басшылығында «Исследование эффективности формирования предворительных двигательных представлений у гимнастов путем применения методов самообучения» деген темада кандидатлық диссертациясын қорғап, педагогика илиминиң кандидаты дәрежесин алыўға ериседи.Оған 1982 жылы доцент илимий атағы берилген.

## Нөкисбай Жумабаев



Жумабаев Нөкисбай 1951 жылы 21-июльде Нөкис қаласында зыялы шаңарағында туўылған. Әкеси Оразбаев Жумабай жоқары мағлыуматлы, мектепте директоры, директор орынбасары, муғаллим болып ислеген. Анасы Оразбаева Райхан үй бийкеси болған.

1958 жылы Тахтакөпир районын-дағы 1-санлы орта мектептиң 1-классына оқыўға қабылланып. 1968 жылы

мектепти питкерген. Усы жылы Нөкис қаласындағы Т.Г.Шевченко атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының физика-математика факультетине оқыўға кирип, 1972 жылы усы факультеттиң «математика» бөлимин питкереди.

1972 жылдың сентябрь айынан баслап Тахтакөпир районындағы 1-санлы орта мектепте муғаллим болыпислейди. 1972-1973 жыллары армияда хызметте болады. 1973-1978 жыллары Тахтакөпир районындағы 1-санлы орта мектепте муғаллим, 1978-1979 жылларда Нөкис қаласындағы 8-санлы орта мектепте муғаллим. 1979-1981 жыллары Нөкис педагогикалық училищесинде оқытыўшы, 1981-1982 жылы Нөкис индустриаль-педагогикалық техникумында оқытыўшы 1982 жылы усы техникумның «Аўыл хожалығын механизацияластырыў» бөлиминиң баслығы ҳәм усы жылдың июнь айынан техникумның оқыў ислери бойынша директорын орынбасары болып ислейди. 1988-1989 жыллары Нөкис қаласындағы 33-санлы орта мектептиң директоры, 1989-1991 жылларда Республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў иниститутында математика кабинетиниң баслығы, 1991-1996 жылларда Республикалық көп тармақлы педагогикалық лицей интернаттың директоры лаўазымында ислейди.

1996-1999 жылларда Н.Орынбаев атындағы Нөкис педагогикалық училищесиниң директоры, 1999-2000 жылларда Республикалық 7-санлы лицейдиң оқытыўшысы, 2000-2001 жылларда Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы академиялық лицейдиң оқытыўшысы, 2001 жыл август айынан баслап Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының улыўма математика кафедрасының аға оқытыўышысы лаўазымында ислеп келмекте.

1997 жылы «Билим» баспасынан «Математикадан олимпиядаға таярланыў ушын берилген мысаллар ҳәм мәселелер», 1999 жылы «Билим» баспасынан «Математикадан жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларына кириў ушын тест мысал-мәселелерин шешиў усыллары», 2000 жылы «Геометрияда дәлийллеўди үйрениўде компьютрден пайдаланыў методикасы» атлы китаплары басылып шықты, соның менен бирликте «Математика в школе», «Халқ таълими», «Қарақалпақстан муғаллими» журналларында 20 ға жақын математиканы оқытыў методикасы бойынша илимий мақалалары басылып шықты.

2001 жыл 21-июнде Ташкент қаласындағы Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық университети қасындағы Қәнигелескен илимий кеңесте «Геометрия да исботлашни урганишта компьютердан фойдаланиш методикасы (планиметрия курси мисолида)» темасында кандидатлық диссертация қорғап, педагогика илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыўға миясар болады.

Билимлендириў тараўында көп жыллық педагогикалық мийнетлерин баҳалап, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық билимлендириў министрликлери оны «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық билим-лендириў агласы» нышанлары менен сыйлықлады.



**Арзы Пазылов**

Педагогика илимлериниң канндидаты, доцент Арзы Кенжебаевич Пазылов 1952 жылы 4-январда Қарақалпақстан Республикасындағы Хожели қаласында туўылған.

Орта мектепти 1968 жылы

питкергеннен кейин Шымбай районы Майжап совхозында бухгалтер, МТС тиң слесары болып иследи. Оның оқытыўшылық кәсипке болған қызығыўшылығы 1970 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының баслаўыш тәлим методикасы факультетине оқыўға алып келди.

А.Пазылов студентлик жылларында-ақ өзиниң оқыўға деген ықласы, илимий-изертлеў жумысларына болған қызығыўшылығы нәтийжесинде ҳәр жылы дәстүрге айланған студентлердиң илимий-теориялық конференцияларында баянатларыменен қатнасып жүрди.

1974 жылы институтты табыслы тамамлап жоллама бойынша Шымбай районлық халық билмлендириў бөлимине қараслы Майжап совхозы орайындағы мектепке жиберилди. Ол бул мектепте тез арада өзиниң шөлкемлестириўшилик уқыплылығы менен көзге түсти.

Арадан көп ўақыт өтпей ол (1975) Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтына жумысқа өтип, муғаллим болып ислей баслады. Кафедра басшылары оны Ташкент Мәмлекетлик университетиниң педагогика кафедрасына дәслебинде стажер-излениўши сыпатында оқыўға жибереди. Соңлығында ол усы кафедраға аспирант болып қабылланып, педагогика илимлериниң кандидаты, доцент Ю.Умаровтың илимий басшылығында изертлеў жумысларын алып барды. Аспирантураны тамалағаннан кейин Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының педагогика ҳәм психология кафедрасында лаборант, басланғыш комсомол комитетлеринде жумыс иследи.

1980 жылдың сентябрь айынан баслап Нөкис педагогикалық училищесинде оқытыўшы, педагогикалық әмелият баслығы, директордың оқыў-өндирислик жумыслары

бойынша орынбасары ўазыйпаларын атқарады. Ол педучилищеде ислеп жүргенинде де илимий-изертлеў жумысларын алып барыўды даўам етти. Нәтийжеде 1989 жылы Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық институтындағы Қәнигелестирилген илимий кеңесте кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шықты. Диссертация жумысына педағогика илимлериниң докторы,пофессор М. Ачилов, педагогика илимлериниң кандидаты,доцент С.Нурматовлар оппонентлик етти.

А.К.Пазылов 1990 жылы сентябрь айынан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде оқытыўшы, Нөкис мәмлекетлик growинститутында кафедра баслығы, баслаўыш тәлим факультетиниң деканы, оқыў бөлиминиң баслығы лаўазымларында жумыс иследи.

Оның жәриялаған 100 ге шамалас илимий мийнетлери 20 ға жақын оқыў-методикалық китаплары жарық көрди.

А.К.Пазыловтың оқыў-методикалық, илим-изертлеўшилик ҳәм шөлкемлестириўшилик жумыслары ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланды. Ол 1994 жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы, 2000 жылы «Шухрат» медалы менен сыйлықланды.

## Оразымбет Маткурбанов



Маткурбанов Оразымбет Юсуп улы 1943 жылы 13-февралда ҳәзирги Туркменстан Республикасы Ташаўыз ўәлиятының гөне Ургениш районында туўылды. Ол усы қа-ладағы 1-санлы мектепти

1959 жылы питкерип, 1960 жылы Т.Г.Шевченко атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының орыс тили ҳәм әдебияты факультетине оқыўға киреди ҳәм оны 1965 жылы айрықша баҳалар менен питкерип, усы факультеттиң орыс ҳәм шет еллери әдебияты кафедрасына муғаллим болып қалады.

1966-1967 жыллар аралығында армия қатарында хызмет етип, соң өзиниң кафедрасында жумысын даўам етеди.

1968-1971 жыллары Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагоғикалық институтының орыс әдебияты кафедрасында аспирантурада оқыйды.

1972 жылы рус әдебияты методикасы қәнигелиги бойынша «Изучение теоретико-литературных понятий в 5-8 классах каракалпакской школы» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлап, педагогика илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыўға еристи.

1971-1976 жыллар аралығында Қарақалпақ мәмлекетлик techinstitутының орыс ҳәм шет еллер әдебияты кафедрасының аға оқытыўшысы болып жумыс алып барды.

1976 жылы пединституттың Қарақалпақ мәмлекетлик университетине айланыўына байланыслы Оразымбет Матқурбанов 1976-1986 жыллары университеттеги усы кафедрада өз жумысын даўам еттиреди, оған, 1986 жылы доцент атағы бериледи.

1990-1991 оқыў жылында Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қайтадан ашылыўына байланыслы усы институттың алдын орыс ҳәм шет еллер әдебияты кафедрасын, соңынан 1991-1995 жыллары, әдебият методикасы кафедрасын басқарады.

1995-1998 жыллары Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының оқыў ислери бойынша проректоры лаўазымында жумыс ислейди.

Илимпаз О.Маткурбанов НМПИда 1998 жылдан баслап ҳәзирги рус тили ҳәм әдебияты кафедрасының, 2001 жылдан баслап рус филологиясы кафедрасының доценти болды.

Оразымбет Маткурбанов 40 жылдан аслам ўақыт жоқарғы оқыў орнында жумыс исследи, сол ўақыт ишинде ол 100 ден аслам илимий мийнетлер жәриялады. Студентлер, муғаллимлер ҳәм Қарақалпақстан Республикасының жәмийетшилиги арасында үлкен абройға ийе. О. Матқурбановқа 1996 жылы Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў ағласы атағы берилди.

## Сабит Бабаев



Педағоғика илимлериниң кандидаты, доцент Бабаев С.Б. 1940 жылда туўылды. 1959 жылы Нөкис қаласындағы № 4 орта мектепти алтын медаль менен питкерип, 1959-64 жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетиниң студенти болды. Ол бул оқыў орнын да медаль менен питкериўге миясар болды.

1964 жылы Шоманай районының Менделеев атындағы орта мектебинде рус тили муғаллими болып ислей баслады ҳәм ол жерден қураллы күшлер қатарына шақырылды.

С.Бабаев өзиниң жоқары оқыў орнындағы педагогикалық хызметин 1965 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили кафедрасы оқытыўшысы болыўы менен баслады.

1969ж Москва қаласындағи СССР педагогикалық илимлер академиясында миллий мектеплерде рус тилин оқытыўды үйрениў институтының аспиранты болды. Оның кандидатлық диссертациясының темасы: «Рус тилиндеги қоспа бағыныўшы гәплерди 8 жыллық қарақалпақ мектеплеринде үйрениў усылы» еди. Усы диссертациясы ушын оған (1972) илимий изертлеў институтының ПРЯНШ илимий кеңеси педагогика илимлериниң кандидаты деген илимий атақ берди. 1973 жылдан баслап С.Бабаев ҚҚМПИда рус тили методикасы кафедрасының басшысы, ал 1979-жылдан ҳәзирги рус тили кафедрасының доценти болып жумыс иследи. Ол соңғы жыллары Туркстандагы Қазақ турк халық аралық университетинде кафедра баслығы,факультет деканы, университеттиң илимий хаткери т.б. басшы лаўазымларда хызмет иследи. Оның жоқарғы оқыў орны ушын жазған «Педагогика», «Психология» оқыў қураллары университетте кең үйренилиўде.



**Тамара Караматдинова**

Караматдинова Тамара 1949 жы-лы 8-октябрде Қараөзек районында туўылды. 1967 жылы Нөкис қаласындағы В.Терешкова атын-дағы орта мектепти питкерип, Ставропольдағы педагогикалық

институтқа оқыўға түседи ҳәм оны 1972 жылы қызыл диплом менен тамамлаўға ериседи.

Мийнет жолын 1972 жылы Нөкис қаласындағы № 12 орта мектепте рус тили ҳәм әдебияты муғаллими болып ислеўден баслайды.

1974 жылы Ташкент қаласы Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтына аспирантураға түседи.

1980 жылы «Формирование навыков построения простого предложения на уроках русского языка в начальных классах каракалпакской школы» деген темада Москва қаласындағы миллий мектеплер илимий-изертлеў институтында кандидатлық диссертация жақлап, педагогика илимлериниң кандидаты деген илимий дәрежеге ийе болады.

Т.Караматдинова 1978 жылдан баслап ҚМУ да ислейди. 1983-2002 жыллар аралығында факультетлер аралық рус тили кафедрасын басқарады. 1989 жылы оған доцент илимий атағы берилди.

Оның 40 тан аслам илимий мақалалар ҳәм қолланбалары жарық көрди. Әсиресе, «Қарақалпақстан» баспасынан шыққан «Формирование навыков русской речи у учащихся начальных классов каракалпакской школы» китабы мектеп муғаллимлери ушын оғада пайдалы мийнет есапланады. Сондай-ақ алым жоқары оқыў орны студентлерине арналған 12 методикалық қолланба жазып рус тилин қарақалпақ мектеплеринде үйрениў усылларын жетилистирди. Оның колледж оқытыўшыларына арналып дөретилген қоланбасы 2001 жылы «Қарақалпақстан» баспасынан шықты.

Т.Караматдинованың барлық илимий-методикалық мийнетлери Қарақалпақстан Республикасындағы мектеп,

лицей, колледжлерде ҳәм жоқары оқыў орынларында рус тилин үйрениўдиң теориялық ҳәм әмелий мәселелерине бағышланған.

Т.Караматдинова Республикамыздағы рус тилин оқытыў методикасы ҳәм педагогика илиминиң раўажланыўына айрықша үлес қосты.

Ол ”Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген билимлендириў хызметкери”деген ҳүрметли атақ пенен сыйлықланыўға миясар болды.

### Искендер Пирниязов



Қарақалпақстан Республикасы билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин жетилистириў институтының оқыў ҳәм илимий ислер бойынша проректоры, педагогика илимлериниң кандидаты, доцент Пирниязов Искендер Қудиярович, 1961 жылы 1-январда Қараөзек районында туўылды. Ол 1978 жылы Нөкис қаласындағы 9-санлы орта мектепти табыслы тамамлап шығып, сол жылы Россиядағы Тагонрог мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетине оқыўға киреди. 1983 жылы бул оқыў орнын табыслы тамамлап Нөкис қаласындағы педагогикалық училищеде рус тили ҳәм әдебияты оқытыўшысы болып ислей баслайды. 1983-85 жыллары армия қатарында болады. Соң училищедеги педагогикалық кәсибин даўам еттиреди.

Пирниязов Искендер өзиниң искерлиги менен көзге түсип, педагогикалық училищениң жаслар аўқамының баслығы лаўазымына сайланды.

Жас устаз өзиниң билимин жәнеде артырыў ушын 1990 жылы Россия билимлендириў Академиясының педагогика теориясы ҳәм тарийхы институтына аспирантурага оқыўға киреди. Оның илим-изертлеў жумысына педагогика илимлериниң докторы, профессор З.И Равкин басшылық етти ҳәм «Улыўма орта билим беретуғын мектеплердиң ҳәм педагогикалық оқыў орынларының муғаллимшилик кәсибине бағдарлаў жумысларының тарийхына байланысы» темада 1991 жылы кандидатлық диссертациясын жақлап шығады.

1994 жылдан баслап Бердақ атындағы ҚМУ университетиниң Педагогика ҳәм психология кафедрасының оқытыўшысы болып жумысқа орналасады. 1995 жылы Республикалық халық билимлендириў хызметкерлериниң қәнигелигин арттырыў ҳәм қайта таярлаў инистититутындағы «Мектепти басқарыўдың илимий тийкарлары» кафедрасының доценти болып хызметке өтеди.

1998 жылдан баслап Республикалық халық билимлендириў хызметкерлериниң қәнигелигин арттырыў ҳәм қайта таярлаў институтының педагогика ҳәм психология кафедрасы баслығы, соң 2001 жылдан баслап усы институттың оқыў ҳәм илимий ислер бойынша проректоры болып сайланады.

Искендер Пирниязов жигирмадан аслам илимий мийнетлердиң авторы. Оның халыққа ислеген хызметин есапқа алып "Өзбекстан халық билимлендириў ағласы" деген атақ берилди.

## Гулайда Қаллибекова



Қаллибекова Гулайда Абдулла қызы 1956 жылы Шымбай қаласында хызметкер шаңарағында туўылады. 1973 жылы орта мектепти тамамлап Таганрог мәмлекетлик пединститутының рус тили ҳәм әдебияты факультетине оқыўға киреди. 1978 жылы бул оқыў орнын питкерип, Шымбай қаласындағы Свердлов атындағы орта мектепке рус тили ҳәм әдебиятынан муғаллим болып ислейди.

1980 жылдан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң ҳәзирги рус тили кафедрасының муғаллими болып жумысқа өтеди. 1985 жылы Москва қаласындағы илимий изертлеў институтына аспирантураға кирип, 1987 жылы филология илиминиң докторы В.И.Заминниң басшылығында «Лингводидактические основы составления учебно-двуязычного словаря синонимов и использование его в учебном процессе» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлап, педагогика илимлерииниң кандидаты илимий дәрежесин алады.

Оның баспадан шығарған 20 дан аслам илимий мийнетлери бар. Усының ишинде «Оқыў лексикографикасы проблемалары» (Нөкис, 1992 ж.-48 б) атлы китабы ЖОО студентлери менен мектеп муғаллимлери ушын оғада керекли оқыў қуралы есапланады.

## Полат Серимбетов



Педагог алым ҳәм палўан Серимбетов Полат 1965 жылы 8-майда Кеғейли районының Қ.Ҳәбибуллаев колхозының бесинши аўылында туўылған.

Ол аўылындағы орта мектепти тамамлағаннан кейин балалықтағы әрманына умтылып, 1985 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик универси-тетиниң дене тәрбиясы факультетине оқыўға кирди. Студент ўақытларынан баслап-ақ миллий гүрес бойынша жарысларда, Қарақалпақстан биринщилиги ушын өткерилген жарысларда бәрқулла биринши орынды ийелеўге ерисги. Өзбекстан Республикасы бойынша өткерилген миллий гүрес бойынша Кәсиплик Аўқамның кубогинде 2-орынды жеңип алды.

1990 жылы университетти табыслы тамамлап шыққан жас палўан, педагогикалық жумысын даўам еттирди. 1991 жылы Моска қаласындағы Россия билимлендириў академиясының «Жас өспиримлердиң физиологиялық қәбилетлерин тәрбиялаў» институтының «Дене тәрбиясы теориясы ҳәм методикасы» лабороториясына аспирантураға оқыўға киреди. Жас, талапшаң жигит илим-изертлеў жумыслары үстинде тынымсыз жумыс алып барды.

1995 жылы 14-декабрьде өзи аспирантурада оқыған институттың илимий кеңесинде «13-14 жастағы балаларда гүрес элементлерин дене тәрбиясы сабағында пайдаланыў усыллары» деген темада кандидатлық диссертациясын қорғап, педагогика илимлериниң кандидаты дәрежесине ийе болды.

Жас алым сол жылдың өзинде-ақ Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық иниститутында жумысын даўам ете баслайды. Өзбекстан көлеминде «миллий гүрес» бойынша өткерилген жарысларға қатнасты. Ат-Термизий естелиги ушын Сурхандария ўалиятында өткерилген халықаралық турнирде ҳәм Хорезмде Жалаладдин Мангуберди естелигине өткерилген «самбо» гүресинде 3-орын-ды, сондай-ақ Сатыбалды Мылтықбаевтың атына өткерилген миллий гүрестиң халық аралық турниринде 2-орынды жеңип алды. 1997 жылы Қарақалпақстанның «Абсолют биринщилигинде» ҳәм Ғаний Есбергенов ҳүрметине өткерилген турнирде аўыр салмақ бойынша 1-орынды ийеледи. 2006 жылы 15-июннан 22-июнь аралығында Монғолия Республикасының орайы болған Улан Батырда дүнья жүзлик жоқарғы оқыў орынларының студентлери арасында миллий гүрес бойынша қатнасып қайтты.

П.Серимбетов ҳәзирги ўақытта Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң музыка ҳәм дене тәрбиясы факультетиниң деканы болып ислеп атыр. Ол бир неше шәкиртлер тәрбиялаган әдиўли устаз. Оның шәкиртлери арасында Мурат Балтаниязов, Сапар Жүсипбеков, Азамат Нуримов, Қанат Зарипбаев сыяқлы жаслар бар.

Педагогика илимлериниң кандидаты, белгили палўан доцент Полат Серимбетов жигирмадан аслам илимий мийнетлер жәриялады.

**Турсынбай Айтанов**



Педагогика илиминиң канди-даты, доцент Турсынбай Айтанов 1948 жылы 10-майда Кегейли районында зыялы шаңаракта дүньяға келеди. 1955 жылы Халқабад қаласындағы 2-санлы орта мектепке оқыўға барып, 1966 ж. оны табыслы тамамлаўға ериседи. 1968 жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх-филология факультетине оқыўға киреди.

Турсынбай Айтанов 1977 жылы бул оқыў орнын табыслы тамамлап, өзиниң педагоғикалық мийнетин 25-санлы орта мектептен баслайды (бурынғы Добролюбов атындағы мектеп). Бул жерде муғаллим ҳәм мектеп директоры орынбасары болып ислейди. Көп узамай шөлкемлестириўшилиги жумысты жақсы алып барыўы, мектеп оқыўшылары ҳәм муғаллимлери менен жақсы қатнаста болыўы нәтийжесинде мектеп директоры болып сайланады.

Турсынбай Айтанов 1979 жылы өзиниң билимин жәнеде тереңлетиў ушын Ташкент қаласындағы Низамий атындағы педагогикалық институтына аспирантураға кирип, 1981 жылы оны питкерип шығады.

1982 жылы февраль айынан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң педагогика ҳәм психология кафедрасына оқытыўшы болып жумысқа өтеди ҳәм өзиниң илимий жумысларын даўам еттирип барады.

Нәтийжеде илим-изертлеў жумысларының жуўмағы сыпатында «Оқыўшыларды патриотизм ҳәм интернационализм руўхында тәрбиялаў» атлы монографиясын (Нөкис

"Қарақалпақстан", 1988.) шығарды. Көп узамай 1990 жылы 25-декабрьде Низамий атындағы педагогикалық институтында өзиниң кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап педагогика илимлериниң кандидаты дәрежесин алыўға еристи.

1992 жылдан баслап Нөкис мәмлекетлик университетиниң Педагогика ҳәм псехология кафедрасына кафедра баслығы болып сайланады ҳәм сол лаўазымда өмириниң ақырына шекем ислейди.

Турсынбай Айтанов бергеннен берери көп искер, талапшаң, кишипейил устаз еди.

Турсынбай Айтановтың өмирлик жолдасы Шәригүл ана 2 бала, 7 қызды тәрбиялап атыр, солардың ишинде ата кәсибин таңлағанлары да аз емес 5 перзенти жоқары маглыуматлы, усының төртеўи муғаллим болып ислеп атыр. Улын шаңараклы етип, келин түсирип, қызларын хожалықлы етип, олардан ақлық сүйип отырған әдиўли ана.

## Гулнара Жумашева



Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтының Жумек Орынбаев атындағы Қарақалпақстан филиалының аға илимий хызметкери, педагогика илимлериниң кандидаты Жумашева Гулнара Ҳамидулла қызы 1964 жылы Нөкис қаласында дилмаш-алым, елге белгили педагог устаз Ҳамидулла Жумашевтың шаңарағында дүньяға келди.

1971 жылы Нөкистеги В.В.Маяковский атындағы орта мектептиң биринши классына оқыўға барады. Ол мектепте жақсы оқыды,өзиниң илимге қызығыўшылығы нәтийжесинде, әсиресе әкесиниң тәсири арқасында устазлық кәсипти таңлап, 1986 жылы Нөкис мәмлекетлик университетин табыслы тамамлағаннан соң, Нөкис қаласы мектеплеринде устазлық етти.

1990 жылы Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогика илим-изертлеў институтының Ж.Орынбаев атындағы Қарақалпақстан филиалының «мектепке шекемги тәрбия ҳәм баслаўыш тәлим» бөлимине илимий хызметкер болып жумысқа орналасты.

Талантлы жас қыз бул жумысқа өткеннен кейин, өзиниң теориялық билимин ҳәр тәреплеме тереңлестириў үстинде жеделли иске киристи.

Нәтийжеде 1995 жылы Жумашева Гулнара Ҳамидулла қызы «Сахналастырылған ойынлар арқалы мектепке шекемги жастағы балаларда мәдениятлы сөйлеў көнликпелерин қәлиплестириў» деген тақырыпта кандидатлық диссертациясын табыслы жақлады. Оның диссертациясы бойынша пикир билдирген илимпазлар жас алымның жоқары дәрежеде сапалы илимий мийнет дөреткенлигин атап өтти,

Гулнара Жумашева мектепке шекемги бала тәрбиясы бойынша туңғыш шыққан илимпаз қызларымыздың бири. Оның қәлеминде дөрелген бул мәселе бойынша илимий мақалалар менен методикалық қолланбалар, бағдарламалар Республикамыздағы мектепке шекемги бала тәрбиясы менен шуғылланатуғын мәкеме хызметкерлерине, тәрбияшыларына улыўма ата-аналарға жақыннан жәрдем беретуғын қунлы материаллар болып табылады.

Гулнара Жумашева Республикамызда ҳәр жылы өткерилетуғын «Жыл тәрбияшысы», «Тиллер көриги», «Көргизбели қураллар» ҳәм басқада Республикалық көрик таңлаўлар жарысларында жюри қурамының ағзасы болып, олардың табыслы өткерилиўинде де өз үлесин қосып отырды.

Гулнара 1995 жылы «Мактабгача тарбия» журналы өткерген ең жақсы мақалалар конкурсының лауреаты атанды.

Гулнара Ҳамидулла қызы көплеген сабақлықлардың, методикалық қолланбалардың, бағдарламалардың автөры. Ол Қарақалпақстан Республикасының мектепке шекемги тәрбия концепциясын ҳәм стандартын ислеп шығыўшылардың бири.

Жас алым ҳәзирги ўақытта Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтының Жумек Орынбаев атындагы Қарақалпақстан филиалының баслаўыш билим бериў теориясы менен методикасы бөлиминиң баслығы лаўазымында жемисли мийнет ислеп атыр. Оның елиўден аслам баспа сөзде жәриялаған илимий мийнетлери бар. Ҳәзирги ўақытта Г.Жумашева докторлық диссертациясы үстинде тынбастан излениў жумысын даўам еттирмекте.

**Марат Утепбергенов**



Қарақалпақстан Республикасы халық тәлими хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм қәнигелигиин жетилистириў институтының ректоры, психология илимлеринниң кандидаты, Өзбекстан Республикасы Халық

билимлендириў агласы Утепбергенов Марат Алланазар улы 1965 жылы 13-июнда Нөкис қаласында туўылды.

1972 жылы Нөкис қалалық ХБ бөлимине қараслы 17-санлы орта мектепке 1-классқа оқыўға барады. 1982 жылы усы мектепти табыслы тамамлап, сол жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң «Тарийх-география» факультетиниң география бөлимине оқыўға түседи. 1983-1985 жыллар аралығында Қураллы күшлер қатарында хызмет етип қайтады. 1990 жылы усы факультетти табыслы питкерип, 1990-1992 жыллар аралығында Нөкис қалалық 23-санлы орта мектепте география пәни муғаллими болып ислейди. 1992-1994 жылларда Нөкис мәмлекетлик педагогика институтының «Педагогика ҳәм психология» кафедрасында оқытыўшы болып жумысқа өтеди. 1994-1995 жылларда Ташкент қаласында Низами атындағы ТМПИ ның «Психология» кафедрасында бир жыллық стажировкада болады. 1995-1997 жыллар аралығында Ташкент қаласы А.Авлоний атындағы халық билимлендириў хызметкерлериниң қәнигелигин арттырыў Орайлық институтының «Психология» кафедрасында аспирантурада оқыйды. Психология илимлериниң докторы, профессор Ғ.Б. Шоумаратовтың илимий басшылығында «Қарақалпақ шаңарағының социаллық ҳәм психологиялық өзгешелиги» деген темада кандидатлық диссертация жумысын жақлап шығады.

М.Утепбергенов 1998-1999 жыллар аралығында Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Республикалық билимлендириў Орайында «Психология ҳәм экспертиза» бөлими баслығы, 1999-2001 жыллар аралығында Министрлер кеңесиниң социаллық комплекс мәселелери бойынша секрата-риатының жетекши қәнигеси болып ислейди.

1999 жылы Өзбекстан Республикасы Халық Демократиялық партиясына ағза болады. Усының менен бирге-ликте Әжинияз атындағы НМПИда «Психология тарийхы», «Социаллық психология» пәнлери бойынша студентлерге сабақ береди.

М.Утепбергенов илимий-педагогикалық тәжрийбеге, басқарыўшылық уқыпқа ҳәм шөлкемлестириўшилик қәбилетке ийе болғанлықтан 2001 жылы Қ.Убайдулллаев атындағы Республикалық педагогларды қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин арттырыў институтының ректоры лаўазымына таярланады. Бул оқыў дәргайында педагогикалық жәмәәтти басқарыў менен бирге-ликте, илимий-методикалық жумысларды жетилистириў, педагогикалық оқытыўшылық жумысларды жоқары сапаға жеткериў бағдарында бир қанша унамлы жумысларды әмелге асырады.

М.Утепбергенов басқарыўшылық уқыбын еледе жетилистириў мақсетинде 2002-2003 жыллары Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысы Академиясында оқып «Социология ҳәм басқарыў психологиясы» кафедрасында магистрлик дипломын алыў ушын «Жас басшыларда шөл-кемлестириўшилик қәбилетлерди қәлиплестириўде социоллық-психологиялық өзгешеликлер» темасында диссертациясын қорғайды.

Ол институт жәмәәтин басқарыў менен бирге-ликте педагогикалық илимий-дөретиўшилик жумысларын теңдей алып бармақта. Нәтийжеде Республикалық баспа сөз бетлеринде бирнешше илимий ҳәм илимий-методикалық мақалаларын жәриялады. Бирнешше илимий методикалық қолланбалардың ҳәм педагогларды қайта таярлаў, қәнигелигин арттырыў бойынша бағдарламалардың авторы болды.

Алым билимлендириў тараўындағы жемисли хызметлери ушын «Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў агласы» көкирек нышаны менен сыйлықланды.

## Улбосын Сейтжанова



Сейтжанова Улбосын Қудайберген қызы, 1963 жылы 1-декабрде Мойнақ районының Порлытаў посёлкасында туўылған.

1981 жылы Карл Маркс орта мектебин табыслы тамамлап, Ташкенттеги Республикалық орыс тили ҳәм әдебияты институтына оқыўға түседи. Пединститутты 1986 жылы тамамлап, келип 1990 жылға шекем Нөкис қаласындағы мектеп-лерде муғаллим болып жумыс ислейди.

1990 жылдан баслап Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтына жумыска орналасып, 1990-1991 жыллар аралығында иниституттың оқыў бөлиминиң аға инспекторы болып жумыс алып барады, 1991 жылы педагогика ҳәм психология кафедрасының ассистент оқытыўшысы, соның менен бирге мектепке шекемги тәрбия факультетиниң сыртқы бөлиминде декан орынбасары болып ислейди.

1992 жылы мектепке шекемги педагогика ҳәм психология кафедрасында ассистент оқытыўшы ҳәм сол факультетте күндизги бөлимде декан орынбасары ўазыйпасын атқарады.

1994-1996 жыллары НМПИ га аспирантураға кирип теориялық курсты тамамлайды. Соң мектепке шекемги педагогика кафедрасында ассистент оқытыўшы болып ислейди. Талапшаң, жас алым 1998 жылы 9-январда Ташкенттеги Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогика илим-изертлеў инииститутында қәнигелескен кеңесинде педагогика теориясы ҳәм тарийхы бойынша: «Ертедеги түрк халық педагогикасындағы жаслардың ақыл ҳәм әдеп-икрамлылық тәрбиясы» (Махмуд Кашгарийдың «Девону луғотит турк» шығармасы тийкарында) атлы кандидатлық диссертациясын жақлайды. Оған 2001 жылы доцент илимий лаўазымы берилди.

Усы жыллар даўамында ол 25 тен артық илимий мақалалар, бирнеше методикалық қолланбалар жәриялады. Ол 1999 жылдан баслап НМПИдағы "Педагогика" кафедрасының баслығы лаўазымында ислеп келмекте.

Доцент Улбосын Сейтжанова ҳәзирги ўақытта өз шәкиртлерине илимий басшылық ислеринде алып барып атыр. Оның халыққа ислеген хызметлери инабатқа алынып, бирнеше мәрте «Ҳүрмет жарлықлары» менен сыйлықланды.

## Айгүл Урумбаева



Урумбаева Айгүл Нағмет қызы 1960 жылы 10-февралда Нөкис қаласында атақлы педагог алым проф. Нағмет Орынбаевтың шаңарағында туўылған.

1967-1977 жыллары Нөкис қаласындағы 4-санлы орта мектепте оқыды, 1977-1982 жыллары Нөкис

мәмлекетлик университетиниң рус тили ҳәм әдебияты факультетинде билим алып, оны айрықша диплом менен питкереди.

1982-1987 жыллары университеттиң рус тили кафедрасында ассистент-оқытыўшы болып ислейды. 1987-1992 жыллары Москва қаласындағы Педагогика Илимлер Академиясына қараслы рус миллий еки тиллилик илим-изертлеў институтының аспирантурасында оқыйды. 1992 жылдың март айында оқытыў методикасы (13.00.02.) қәнийгелиги бойынша «Обучение устному деловому обшению на русском языке студентов национальных групп ВУЗов» атлы темада диссертациясын табыслы жақлайды ҳәм педагогика илимлериниң кандидаты дәрежесин алыўға миясар болады.

1992 жыл апрель айынан баслап Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында жумыс ислейди. Дәслеп рус филологиясы кафедрасының оқытыўшысы, доценти, соң институт илимий кеңесиниң хаткери лаўазымларында хызмет етеди.

Ол 1996 жылдан баслап усы күнге шекем «Психология» кафедрасының баслығы лаўазымында ислеп атыр. 1997 жыл доцент илимий атағы берилди.

1998 жылы Республикалық «Устаз» фондының конкурс жеңимпазы болып 1999 жылы Уллы Британияның Рединг университетинде тәжирийбе алмасыў бойынша илмий сапарда болыўға еристи.

А.Н.Урумбаева 60 тан аслам илимий мийнетлерин баспадан шығарды. Солардың ишинде мектеп сабақлықлары, жоқары оқыў орны студентлери ушын оқыў қолланбалары бар.

А.Н.Урумбаева өз баянатлары менен бир қанша халықаралық ҳәм Республикалық илимий конференцияларға қат-

насып Москва, Ташкент, Бухара, ҳ.б. қалаларда илимий баянатлар иследи.

Оған халыққа ислеген хызметлери ушын 1998 жылы «Өзекстан Республикасы халық билимлендириў ағласы» деген атақ берилди.

Ҳәзирги ўақытта ол Әженияз атындағы НМПИ да «Психолоғия» кафедрасының баслығы, рус тили методикасы бойынша докторлық диссертация үстинде жеделли жумыслар алып бармақта.

**Исмаил Алланиязов**



Қарақалпақстан Республикасы Халқабад қаласында 1956 жыл 25-мартта туўылған, 1973 жылы Ташкент қаласындағы Республика-лық Рус тили ҳәм әдебияты институтына оқыўға түсип, 1980 жылы табыслы питкерген. Өзиниң педагоғикалық хызмет жолын 1990 жылы Кегейли районы Бердақ атындағы №22 орта мектепте муғаллим сыпатында баслады. 1983 жылдан 1984 жыл аралығында НМУ оқыў бөлими хызметкери, 1984-1990 жыллар аралығында этика ҳәм эстетика кафедрасы оқытыўшысы болып иследи. 1990-1992 жыллар аралығында Ташкент мәмлекетлик университетиниң педағогика кафедрасында аспирантурада оқып, 1993 жылы «Қарақалпақ фольклоры ҳәм әдебиятындағы гума-

нистлик идеялар инсаный тәрбия қуралы сыпатында» деген темада доц. Л.П. Ждарниннниң илимий басшылығында кандидатлық диссертация қорғап, педагогика илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыўға мияссар болды.

1992 жылы ҚМУдың педагогика ҳәм психология кафедрасы оқытыўшысы болып иске өтеди. 1994 жылы усы кафедраның баслығы лаўазымында иследи. 1997-1999 жыллар аралығында Әжинияз атындағы НМПИ диң педагогика кафедрасының баслығы болып сайланады. Ол 1999 жылдан усы кафедраның доценти лаўазымында ислеп келмекте.

И.Б. Алланиязов усы жыллар ишинде 30 дан аслам илимий мийнетлер жәриялады, соның ишинде бир монография 10 лаған методикалық қолланбалары бар.

Ҳәзирги күнде ол «Қәнигелигин арттырыў ҳәм қайта таярлаў курсы тыңлаўшыларының педагогикалық дөретиўшилиги ҳәм оны жетилистириў де информациялық технологиялардың имканиятлары» бағдарында илимий изертлеў жумысларын алып бармақта.

## Парахат Абдимуратов



Парахат Абдимуратов 1956 жылы Кегейли районында туўылған. 1973 жылы Куйбышев совхозындағы Тимирязев атындағы орта мектепти тамамлап, Нөкис мәмлекетлик университетиниң тарийх факультетине оқыўға киреди. Бул оқыў орнын табыслы тамамлап 1978-80

жыллары өзи билим алған Тимирязев атындағы орта мектепте тарийх муғаллими 1980-1990 жыллары Нөкис қалалық № 6 кәсип-техникалық училищесинде тарийх ҳәм жәмийет таныў пәни оқытыўшысы болып ислейди. 1990 жылдан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик университети педагогика ҳәм психология кафедрасына оқытыўшы болып жумысқа өтеди. Педагогика илимлериниң докторы проф. У. Әлеуовтың жуўаплы редакторлығында «Қарақалпақ халқының үрип-әдетлери ҳәм оның жаслар тәрбиясындағы әҳмийети» атлы монографиясы жарық көрди (1996). Ал 1998 жылы проф. У.Алеўовтың илимий басшылыгында «Каракалпакские народные традиции в нравственном воспитаний старшекласников» деген темада кандидатлық диссертация жақлап педағогика илимлериниң кандидаты болды. 2003 жылы доцент илимий атағын алды.Оның «Педагогикалық технология» (2002ж.) методикалық қолланбасы ҳәм жигирмадан аслам илимий мақалалары бар. Ҳәзирги ўақытта «Қарақалпақ халық педагогикасындағы дәстүрлер ҳәм үрип-әдетлер» бойынша илимий жумыс алып бармақта. Шаңарағында бес перзенттиң атасы.

### Қалбай Сейтмуратов



Сейтмуратов Калбай Сейтмуратович 1954 жылы 15-июнда Қарақалпақстан Республикасы Шымбай районында Бахытлы аўыллық кеңеси аймағында дүньяға келди. 1970 жылы райондағы №30 орта мектепти питкерип. Нөкис аўыл хожалығы техникумының бух-

галтерия бөлимине оқыўға киреди. Бул оқыўын 1973 жылы табыслы тамамлап, 1974 жылы Низамий атындағы Ташкент Мәмлекетлик педагогикалық институтының улыўма техникалық пәнлер ҳәм мийнет факультетинде оқыўын даўам еттиреди. Кейин институт жолламасы менен 1979 жылы Нөкис районындағы Ақманғыт педагогикалық училищесине муғаллим болып жумысқа келеди. Ол жерде дәслеп муғаллим, бөлим баслығы, оқыў ислери бойынша директор орынбасары лаўазымларында жумыс ислейди. 1986-1989 жыллар аралығында Бердақ атындағы Нөкис мәмлекетлик университетинде илим-изертлеў секторында қәнийге, 1989-1990 жыллары Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинде тәрбия кабинети баслығы, 1990-1995 жыллар аралығында Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Республикалық оқыў-методикалық орайы (РУМЦ) директорының орынбасары лаўазымларында ислейди. Ол бул лаўазымларды атқарыў дәўиринде Республикамыздың мектеплери, мектепке шекемги ҳәм мектептен тыс тәрбия мекемелери ушын оқыў жобаларын, бағдарламаларын, сабақлықлар ҳәм оқыў қолланбаларын басып шығарыўда өзиниң шебер шөлкемлестириўшилиги менен үлкен үлес қосты.

1995-1996 жыллар ҚР ХБМ К.Убайдуллаев атындағы Республика халық билимлендириў хызметкерлериниң қәнийгелигин көтериў ҳәм қайта таярлаў институтында «Мектепти басқарыўдың илимий тийкарлары» кафедрасының баслығы болды. Ол бул лаўазымда Республикамыздың улыўма билим бериўши мектеп директорлары ҳәм олардың орынбасарларының билимин көтериўде, оларды билимлендириў тараўындағы ең соңғы педагогикалық тех-

нологиялар ҳәм мектепти басқарыўдың илимий тийкарлары менен таныстырыўда үлкен мийнет етти.

1996-1997 жыллары ҚР Халық билимлендириў министриниң орынбасары болып жумыс иследи. Ал 1997-1999 жылларда ҚР Министрлер Кеңесиниң социаллық мәселелер бойынша Секретариатының баслығы лаўазымында мийнет етти. Ол бул лаўазымларда жумыс ислеў дәўиринде Республикамызда жаңа мектеплерди, мектепке шекемги ҳәм мектептен тыс тәлим-тәрбия мекемелерин шөлкемлестириўде, жаңадан қурылатуғын академиялық лицейлер ҳәм кәсип-өнер колледжлерин анықлаў ҳәм оларды жайластырыўда, Республикадағы жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларының жумысларын шөлкемлестириўде аянбай хызмет қылды. Сондай-ақ Республикада денсаўлықты сақлаў, мәдeният ҳәм спортты раўажландырыўда, ғалаба хабар қураллары ҳәм баспа жумысларын шөлкемлестириўде, халықты социаллық қорғаў бағдарларында көплеген шөлкемлестириўшилик жумысларды әмелге асырды.

1999 жыл октябрь айынан баслап Нөкис педагогикалық колледжинде директор лаўазымында ислеп киятыр.

Қ.Сейтмуратов педагогикалық жумысы менен бир қатарда илим-изертлеў жумыслары менен де шуғылланды. Оның авторлығында «Нөкис педагогикалық колледжине 25 жыл» (Нөкис, «Билим» баспасы, 2002 жыл, 76 бет) ҳәм «Сейфулғабид Мажидовнинг маърифий-педагогик қарашлари узлуксиз таълим тизимида» (Тошкент, «Фан», 2006 жыл, 44 бет) китаплары жарық көрди. Оның «Халқ таълими», «Узлуксиз таълим», «Педагогик маҳорат», «ӨЗР ИА Қарақалпақстан бөлиминиң хабаршысы» ҳәм тағы басқа илимий басылымларда 20 дан аслам илимий мақалалары

жарық көрди. Ол Алматы (2002 ж. Аль-Фарабий атындағы Қазақ МУ) Ташкент (2004 ж. Улуғбек атындағы УзМУ) ҳәм Нөкис қалаларында (2005ж. Бердақ атындағы ҚМУ) халық аралық илимий-теориялық конференцияларға илимий баянатлары менен қатнасты.

Қ.Сейтмуратов 2007 жылы Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан Педагогика илим-изертлеў институты жанындағы Д.113.20.01 –Қәнигелестирилген кеңес мәжилисинде педагогика илимлериниң докторы, профессор Ө.Әлеўовтың илимий басшылығында «С.Мәжийтовтың ағартыўшылық-жәдидшилик хызмети ҳәм тәлим-тәрбиялық көз-караслары» атамасындағы кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шықты.

Илимдеги жақсы табыслары ушын оған 2006 жылы **Antique World** Халықаралық Илимлер Академиясының доценти ҳәм докторы ҳүрметли дипломлары берилди. Ол «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў ағласы» нышанлары менен сыйлықланған.

Семьялы, 5 перзенттиң әкеси.

## Айжан Наўрызбаева



Айжан Сәрсенбай қызы Наўрызбаева мектепте оқып жүрген гезлеринде-ақ басқа миллет балаларының, әсиресе рус балаларының қарақалпақша сөйлеўге талапланып, бирақ бул исте олардың қыйналып жүретуғынлығын көп көрди.

Усы жағдайлар жас Айжанды 1984 жылы Қарақалпақ мәм-

лекетлик университетиниң рус тили ҳәм әдебияты факультетине оқыўға түсиўге ийтермеледи.

Айжан Сәрсенбай қызы Наўрызбаева 1989 ж. Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалына, соң 1990 жылы Өзбекстан Педагогикалық илим-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалында илимий хызметкер болып жумыс иследи. Жас алым қыз бул жерде рус балаларына қарақалпақ тилин үйретиў мәселелери менен шуғылланып, бул тараўдағы алымлардан өз жумысы бойынша мәсләҳәтлер сорады, өзине керекли дегенлерин ҳәр тәреплеме үйренди. Усындай илим-изертлеў жумысларын жүргизиўи нәтийжесинде Ташкент мәмлекетлик педагогикалық университети жанындағы «тил ҳәм әдебитты оқытыў методикасы» бойынша қәнигелестирилген илимий кеңесте 2002 жылы «Баслаўыш рус классларындағы қарақалпақ тили сабағында оқыўшыларға гәп дүзиўди үйретиў» атлы темада кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап педагогика илимлериниң кандидаты деген илимий дәрежеге алыўға миясар болды.

Айжан Сәрсенбай қызы Наўрызбаева 1999 жылдан баслап Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтына жумысқа келди. Ҳәзир ол педагогика ҳәм баслаўыш тәлим методикасы кафедрасында доцент оқытыўшы лаўазымында ислеп атыр.

Жас алым жигирмадан аслам илимий мийнеттиң авторы. Онын мектеплерге арналган сабақлықлары, методикалық қолланбалары бар. Ол 5-6-рус классларына арналған «Қарақалпақ тили» сабақлықларының авторларының бири.

## Шынғыс Сапаров



Сапаров Шынғыс Бахийевич психология илимлериниң кандидаты, доцент, 1966 жылдың 2-февралында Қарақалпақстан Республикасы Қоңырат районының Чапаев аўыллық кеңеси аймағында муғаллим семьясында туўылған. Сапаров Шынғыс 1973 жылы Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 3-санлы Крупская атындағы орта мектепке оқыўға барады. Ол мектепте оқып жүрген дәўирде-ақ өзиниң уқыплылығы,шаққанлыгы менен көзге түседи, барлық классларды мақтаў жарлығы менен тамамлайды. 1983 жылы орта мектепти айрықша баҳаларга тамамлап, 1983-1984 жылларда Чапаев совхозында рабочий болып ислейди. 1984-1986 жыллар даўамында армия қатарында хызметте болады, 1986 жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң рус тили ҳәм әдебияты факультетине оқыўға киреди. Оқып жүрген гезлеринде өзиниң белсендилиги, билимлиги менен көзге түседи.

1991 жылы университетти табыслы тамамлап, Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының оқыў бөлиминде инспектор, оқыў бөлиминиң методисти лаўазмларында ислейди. 1992 жылдың сентябрь айында факультетлер аралық педагогика ҳәм психология кафедрасында стажер оқытыўшы болады. Кафедраға келген дәслепки күнлерден баслап-ақ өзи бурыннан қызығатуғын психология пәнинен лекциялық ҳәм әмелий сабақларға айрықша

қызығады. 1996 жылдың январ айында Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық универ-ситетиниң психология кафедрасында психология илимлериниң докторы, профессор Р.Г.Гайнутдиновтың илимий басшылығында аспирантурада оқыйды. Нәтийжеде ол «Орта арнаўлы кәсип өнер оқыў орынлары оқыўшыларының жеке ҳәм кәсиплик өзгешеликлери» темасында илимий изертлеў жумысын алып барып ТМПУ жанындағы психология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин бериўге Қәнигелестирилген Илимий Кеңесте кандидатлық диссертациясын жақлап шықты.

Ш.Сапаров 1999 жылдың февралнан баслап НМПИ диң психология кафедрасының аға оқытыўшысы усы жылдың сентябринен баслап мектепке шекемги тәрбия факультетиниң деканының оқыў ислери бойынша орынбасары, ал 2000 жылдың сентябринен баслап усы факультеттиң деканы лаўазымында иследи. Жас алым 2005 ж. баслап Республикалық ХБХҚБЖИда сабақ бермекте.

Ол 10 нан аслам илимий мақалалардың ҳәм 2 методикалық қолланбаның авторы. Семьялы,еки перзенттиң әкеси.

**Асқарбай Тилегенов**



Педагогика илимлериниң кандидаты, аға илимий хызметкер, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық билимлендириў ағласы. (2004 ж.) Тилегенов Асқарбай Төлеген улы 1970 жыл 24-декабрде Кегейли районы Куйбышев атындағы (ҳәзирги Б. Каримбердиев атындағы ширкетлер

бирлеспеси) совхозда туўылған. 1977ж. Кегейли районындағы 38-санлы орта мектептиң 1-класына оқыўға барып, соң оқыўын Нөкис қалалық 31 «Қарақалпақстанның 40 жыллығы» атындағы орта мектепте даўам еттирип, оны 1987 жылы табыслы тамамлап, Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң педагогика факультетине оқыўға түседи. Ол 1991 жылдан баслап Т.Н. Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалына киши илимий хызметкер лаўазымына жумысқа киреди.

Асқарбай Тилегеновтың студент ўақтынан баслап – ақ илимге деген қызығыўшылығы күшли болды. Нәтийжеде Т.Н. Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтына аспирантураға оқыўға киреди. Аспирантлық дәўиринде жас алым Республикалық журналларда өзиниң бирқанша илимий мақалаларын жәриялаўға еристи. Илим-изертлеў жумыслары бойынша Ташкент, Самарканд, Нөкис, Қаршы, Ургенч ҳ.т.б. қалаларда өткерилген илимий-әмелий конференцияларда баянатлар жасады.

1996 жылы аспирантураны тамамлап, бурын өзи ислеген Т.Н. Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалына илимий хызметкер болып жумысқа орналасады. 1997 жылы сентябрь айынан баслап филиал директоры, ўақтынша директор орынбасары лаўазымында ислейди.

Асқарбай Тилегенов педагогика илимлериниң докторы, профессор О.Мусурманованың илимий басшылығында 1998 жылы «Халық дәстанлары арқалы оқыўшыларды әдеп-икрамлық қәдириятлар руўхында тәрбиялаў ("Алпамыс" дәстаны мысалында')») деген темада кандидатлық диссертациясын қорғайды. Ол өзиниң диссертация-

сында дәстандағы әдеп-икрамлық қәдириятларды үйрениў ҳәм оның тәлим-тәрбия процесинде оқыўшылырға тәсирин, олардағы руўхыйлықтың қәлиплесиўинде үлкен орын тутатуғынлығын талқылаған. Оның «Достонлар тарбия манбаи», (Ташкент, «Маънавият», 1999.) «Студент-сен ўақтыңды үнемлеп билесеңбе? » атлы методикалық қолланбалары басылып (Нөкис, "Билим' баспасы. 2001.) шығарылды.

Асқарбай Тилегенов 1999 жылдан баслап К,Убайдуллаев атындағы Республикалық халық билим-лендириў хызметкерлеринң билимин жетилистириў ҳәм педагогларды қайта таярлаў институты ҳәм Ташкент медицина-педиатрия институты Нөкис филиалында, Әжинияз атындағы НМПИ диң магистратура бөлиминде турақлы түрде лекңиялар оқыйды. Ол қарақалпақ әдебияты пәни бойынша 5-6-класслары ушын мәмлекетлик билимлендириў стандарты ҳәм оқыў бағдарламаларының авторы.

Ҳәзирги ўақытта институт филиалында алып барып атырған илим-изертлеў жумысларына басшылық етиў менен бирге излениўшилик ислерин даўам еттирмекте. 2001 жылы оған «Үлкен илимий хызметкер» дипломы берилди.

Ол 1997 жылдан берли институт Илимий кеңеси ҳәм Республикалық оқыў-методикалық кеңесиниң ағзасы. Жас алымның 50 ден аслам илимий мийнетлери бар. Ол тәрепинен жаратылған қолланбалар оқыў стандарты ҳәм бағдарламалар билимлендириў процесинде Республикамыз мектеплеринде кеңнен қолланылмақта. А.Тилегенов зиялылар шаңарағы ийеси. Өмир жолдасы жас алым Амина Темирбекова менен биргеликте бир перзентти тәрбиялап кәмалға жеткизбекте. Зайыбы Амина Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында оқы-

тыўшы. Ол филология бойынша кандидатлық диссертациясын қорғаў алдында турыпты. Талантлы алым А.Тилегенов халық билимлендириўи тараўындағы түп реформаларды әмелге асырыўдағы қосқан үлеси ушын 2000 жылы «Өзбекстан халық билимлендириў ағласы» көкирек нышаны менен сыйлықланды.

## Гулайым Урумбаева



Урумбаева Гулайым Нағмет қызы 1972 жылы 15-февралда Нөкис қаласында Орайлық Әзиядағы атақлы методист алым Нағмет Асқарович Урумбаевтың шаңарағында туўыл-ган.

Ол 1979 жыл Нөкис қаласындағы 32-санлы орта мектепке оқыўға барады. 1989 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң рус филологиясы факультетине оқыўға киреди, 1994 жылы айрықша диплом менен питкерип шығады.

1994 жылы Нөкис қаласындағы 37-санлы мектеп-лицейинде рус тили ҳәм әдебияты муғаллими болып мийнет жолын баслайды. 1998 жылы Ташкенттеги Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан Педагогика илимлериниң илим-изертлеў институтының аспирантурасына оқыўға түседи.

Ол белгили алым профессор В.И. Андрияsecurityнаның илимий басшылығында «Лингводидактические основы обучения учащихся 7-9-классов сложному синтаксическому целому как базовой структуре русской монологической речи (на материале школ с каракалпакским языком обучения) » атлы темада кандидатлық диссертациясын жазып, 2001 жылы табыслы жақлап шығып педагогика илимлериниң кандидаты деген атаққа миясар болады.

Г.Н. Урумбаеваның 30 дан аслам илимий мийнетлери баспадан шықты. Солардың ишинде орта мектеп ушын сабақлықлар, оқыў методикалық қолланбалары, илимий топламларда ҳәм журналларда жәрияланған мақалалары бар.

Жас алым өз баянатлары менен бир қанша халық аралық ҳәм Республикалық илимий теориялық конференцияларға ҳәм семинарларға қатнасты.

Ол 2001-2005 жыллары Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында «Мектепки шекемги тәрбия педагогикасы» кафедрасының оқытыўшысы болды. Ал 2006 жылдан баслап ҚМУ дың рус тили кафедрасында үлкен оқытыўшы лаўазымында ислеп атыр.

**Лиза Бекниязова**



Психология илимлериниң кандидаты, доц. Бекниязова Л.Б. 1970 жыл 15-мартта Шымбай районы 1-май (ҳәзирги Таза жыл) совхозында туўылған. 1987 жылы Шымбай районы 12-санлы И.В. Мичурин атындағы орта

мектепти тамамлап, 1989 жылларға шекем пионервожатый болып жумыс ислейди.

1989 жылы Россиядағы Влади-мир мәмлекетлик педагогикалық университетине оқыўға кирип, оны 1994ж. питкерип шығады. Соң (1994ж) Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң факультетлер аралық педагогика ҳәм психолгия кафедрасына ассистент-оқытыўшы лаўазымында жумыс баслайды.

Илимге қызығыўшаң Лиза 1997 жылы Ташкент Мәмлекетлик университетиниң психология кафедрасына аспирантураға киреди.

Ол психология илимлериниң кандидаты, доцент Э.З.Усманованың илимий басшылығында «Психологические особенности адаптации у младших подростков (на примере переходного периода учащихся от начальной к средней школе) » деген темада илимий-изертлеў жумысын алып барды. Нәтийжеде 2003 жылы Өзбекстан миллий университетиниң Илимий Кеңесинде психология илимлери докторы Р.И.Суннатова ҳәм психология илимлери кандидаты А.А.Усмановалардың оппонентлигинде диссертациясын табыслы қорғап, психология илимлерининиң кандидаты дәрежесин алыўға еристи.

Алым өз үстинде тынбай шуғулланып, илимий изертлеў жумысларын даўам еттирмекте. Оның онбестен аслам илимий мақалалары жарық көрди. Ҳәзирги ўақытта жас алым өз жумысын ҚМУ дың педагогика ҳәм психология кафедрасында даўам еттирип атыр.

## Замира Қурбаниязова



Қурбаниязова Замира Қалбаевна 1972 жыл 1-майда Қарақалпақстан Республикасы Кегейли районы Халқабад каласында туўылған. 1989-жылы усы райондағы 20-санлы орта мектепти табыслы питкерип, Нөкис мәмлекетлик университетиниң рус тили хәм әдебияты факультетине оқыўға киреди. 1990 жылдан баслап Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында оқыўды даўам еттирген.

Ол педагогикалық ис тәжирийбесин Кегейли районындағы 20-санлы орта мектепте рус тили ҳәм әдебияты муғәллими болып ислеўден баслады. 1994 жылы Өзбекстан Республикасы Педагогика пәнлери илимий-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалының «Педагогика» бөлиминде киши илимий хызметкер болып жумысқа орналасады.

Усы ўақыттың өзинде илимий теориялық билимлерин әмелий байытыў мақсетинде Нөкис мәмлекетлик университети қасындағы зийрек балалар лицейинде оқытыўшылық етеди. 1995-1998 жылларда Ташкент қаласы Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан Педагогика илимий-изертлеў институтының «Педагогика теориясы ҳәм тарийхы» бөлиминде аспирантурада оқыды. 1998 жылы А.Авлоний атындағы Халық билимлендириў хызметкерлери кәнийгелигин жетилистириў Орайлық институтында педагогикалық ис тәжирийбесин даўам еттиреди. 1999-2004 жыллар арасында Өзбекстан Халық билимлендириў министрлиги, Республика тәлим орайының «Жоқары ҳәм

орта педагогикалық тәлим» бөлиминде, соң «Социал-гуманитар пәнлер инновациясы» бөлиминде бас методист ҳәм бөлим баслығы лаўазымларында жумыс иследи. Бүгинги күнде ол усы Орайдың «Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық» бөлими баслығы лаўазымында хызмет ислеп атыр.

Ол профессор Ҳ. Ҳамидовтың илимий басшылығында «Тарбиявий ишлар жараёнида ўқувчиларда миллий узликни англашни шакллантиришнинг педагогик асослари» темасында 13.00.06 - Тәрбия теориясы ҳәм методикасы қәнийгелиги бойынша профессор О.Мусурмонова хам доцент М.Лафасов оппонентлигинде өзиниң кандидатлық жумысын табыслы қорғаўға еристи. Бул мийнетинде ол қарақалпақ халқының миллий мийраслары ҳәм үрип-әдетлери тийкарында жаслардың миллий өзлигин аңлаўға тәрбиялаўға тийисли өз идеяларын көтерип шыққан. Бүгинги күнде З.Қурбаниязова педагогика илимлериниң докторы М.Қуроновтың басшылығында «Ўзбекистонда фуқаролик жамияти асосларини шакллантиришнинг ижтимоий педагогик тизими» темасында докторлық илимий исин алып бармақта. Бул илимий-изертлеўлер жуўмағы сыпатында З.Қурбаниязованың «Бола онги ва тарбия масалалари», «Ижтимоий тарбия масалалари» сыяқлы жигирмадан аслам мақалалары, меҳрибанлық үйлери ҳәм жетим балалар, сондай-ақ кем тәмийнленген шаңарақлар балаларына арналған мектеп интернатлары ушын «Биз ўз уйимиздамиз», «Мехрибонлик уйлари тарбияланувчилари билан олиб бориладиган ижтимий-педагогик методик фаолият» атлы китапшалары, сондай-ақ педагогикалық институт муғаллим ҳәм студентлери ушын «Ижтимоий педагогика» атлы китаплары әмелде кең пайдаланылмақта.

Замира Курбаниязова еки перзенттиң анасы. Онын өмир жолдасы Жеткер Утепбергенов Нөкис мамлекетлик педагогикалык институтында мийнет етпекте.

## Фархад Бабашев



Бабашев Фархад Айтмурат улы Қарақалпақстан Республикасы Хожели районында 1970-жылы 10-сентябрьде туўылады.

1977 жылы Хожели районының Хамза атындағы 30-санлы мектебине оқыўға барады ҳәм сол мектепти 1987 жылы питкерип шығады. 1987-1992 жыллары Россия Федерациясының Ростов областының Тагонроғ қаласында Педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетинде оқыйды.

1992-1994 жыллар аралығында Хожели райынына келип 22-санлы мектепте оқытыўшы болып ислейди.

1994-1995-жылларда Ажинияз атындағы Педагогикалық институттың «Педагогика ҳәм психология» кафедрасында стажер-оқытыўшысы болып жумысқа орналасады. Соң 1995-1998 жыллар аралығында Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан Педагогика пәнлер илим-изертлеў институтында аспирантурада оқыйды. Сол дәўирде ол А Зуннунов, И.Турсунов, Х.Тиллашев, Х.Ҳамидов, Д.Шодиев, С.Аннамуратова ҳәм басқада алымлар менен биргеликте жумыс алып барады.

2000 жылда профессор И.Турсунов басшылығында "Хоразм Маъмун академияси алломаларининг маърифий-

ахлоқий қарашлари" деген темада диссертациясын қорғап, педагогика илимлериниң кандидаты деген дәрежеге жетиседи.

Ол 1999-2001 жылларда Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан Педагогика илим-изертлеў институтының илмий хызметкери ҳәм илимий хаткери, аспирантура ҳәм докторантура бөлими баслығы болып жумыс ислейди. Соның менен бир қатарда педагогикалық хызметин даўам еттирип, жоқары оқыў орынларында сабақ берди.

2001 жыл Ташкент Финанс институтына жумысқа шақырылып «Ўзбекистонда демократик жамият қуриш назарияси ва амалиёти» (2001-2002), «Ўзбекистон тарихи» (2002-2004) кафедраларында аға оқытыўшы, доцент лаўызымларында ислеген. Соның менен бирге «Янги демократик жамият қуриш назарияси ва амалиётини ўрганиш» орай баслығы, кредит-иқтисод факультетинде маънавий-маърифий ислери бойынша декан орынбасары болып жумыс ислейди. 2003-2004 жылларда оқыў бөлими баслығының орынбасары жумысларын атқарады.

Ол 2004-жыл июнь айынан баслап Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы тәлим ўәзирлигинде Ҳайъат котиби лаўазымында ислеп келмекте.

## Нигара Бекниязова



Бекниязова Нигара 1972 жылы Кегейли районында туўылған, 1979 жылы Кегейли районына қараслы 34-санлы орта мектепке оқыўға барып, 1989 жылы табыслы тамамлайды. Усы жылы Т.Г.Шевченко атындағы

Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң баслаўыш тәлим факультетине оқыўға кирип, буны 1993 жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында табыслы тамамлайды.

Ол педагогикалық хызметин 1993 жылы Нөкистеги 15-санлы орта мектепте баслаўыш муғаллими болып жумыс ислеўден баслайды. 1994 жылы Өзбекстан педагогика пәнлери илим изертлеў институтына аспирантураға кирип, оны 1997 жылы тамамлаўға ериседи. 1998 жылы филология илимлериниң докторы,профессор Низаматдин Махмудовтың басшылығында «Тәлим қарақалпақ тилинде алып барылатуғын мектеплердиң баслаўыш классларында оқыўшылардың сөз байлығын өсириў» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлайды.

Нигара Бекниязова бир қанша ўақыт Ташкент қаласындағы муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтында сабақ береди. Өзбекстан Халық билимлендириў министрлигинде жуўапкерли жумысларда ислейди. Оның 20 дан аслам илимий мийнетлери «Баслаўыш класларда ана тилин оқытыўда избе-излик ҳәм үзликсизликти тәмийинлеў жоллары» деген методикалық қолланбасы бар.

Ҳәзирги ўақытта Н.Бекниязова профессор Н. Маҳмудовтың басшылығында «Пикир предметин терең аңлаўға үйретиў тийкарында баслаўыш класс оқыўшыларының сөз байлығын раўажландырыў методикасы» деген темада докторлық диссертациясы үстинде жумыс алып бармақта.

Н.Бекниязова бүгинги күнде Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты «Педагогика ҳәм баслаўыш тәлим методикасы» кафедрасының доценти. Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министрлигин-

де ислеўши зайыбы Батыр Баўетдинов пенен биргеликте (биреўи Илим тараўында, екиншиси ҳуқуқ қорғаў саласында) тынымсыз халықтың ийгилиги ушын мийнет ислемекте.

**Периўза Берданова**



Берданова Периўза Узақбаевна 1973 жылы Нөкис қаласында туўылды. 1990 жылы Нөкис қаласындағы 9-санлы орта мектепти, ал 1995 жылы Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетин табыслы тамамлады. Соң институттың тарийх-ғеография-биология факультетинде хаткер, 1997-1999 жыллар аралығында "Психология" кафедрасында үлкен лаборант ўазыйпаларын атқарды. 1999 жылдан усы кафедраға стажер-оқытыўшы болып жумысқа өтти.

1999 жылы Низамий атындағы Ташкент мәмлекетлик педагогикалық университетининң «Педагогика» кафедрасына аспирантураға 13.00.01 «педагогика теориясы ҳәм тарийхы» қәнийгелиги бойынша кирип, 2002 жылы питкерип шықты. 2003 жылдан НМПИ диң «Педагогика» кафедрасында ассистент оқытыўшы лаўазымында өз жумысын даўам еттирди.

Берданова Перуза усы дәўирде өзинин илимге қызығыўшылығы, излениўшилиги ҳәм дөретиўшилик ислерге уқыплылығы менен көзге түсти. Ол қысқа ўақыт ишинде «Халық аўыз еки дөретиўшилигинде экологиялық мәдени-

ят», «Қарақалпақ шаңарақларында балаларда экологиялық мәдениятты қәлиплестириў» деген мақалаларын «Халық тәлими» журналында (2001, №2, 2004, №2) ал «Шаңарақта балалардың экологиялық түсиниклерин кеңейтиў ҳәм тәрбиясын жетилистириў қураллары», «Қарақалпақ шаңарақларында балалардың экологиялық мәдениятын тәрбиялаў машқалалары» атлы мақалаларын «Қарақалпақстан муғаллими журналында (2001, №3-4, 2002, №1-2) » жәриялады.

Талантлы алым қыз 2005 жылы Ташкенттеги Қары-Ниязий атындагы Өзбекстан пелагогикалық илимий изертлеў институтының Илимий Кеңесинде «Қарақалпақ шаңарақларында балалардың экологиялық мәдениятын қәлиплестириўдиң педагогикалық тийкарлары (өспиримлер мысалында) » темасында диссертация жақлап, педагогика илимлериниң кандидаты дәрежесин алыўға еристи. Оның баспа сөзде жәриялаған 15тен аслам илимий мийнетлери бар. Ҳәзирги ўақытта НМПИ ның Педагогика кафедрасының баслығы лаўазымында ислеп келмекте. Шаңарағында 5 баланы тәрбиялап атыр.

## Санобар Романова



Романова Санобар 1975 жылы 11-февралда Хожели қаласында муғаллимлер шаңарагында дүньяға келеди. Орта мектепте 1981-1991 жыллар аралығында тәлим алады ҳәм Хожелидеги 1-санлы музыка мектебинде оқыйды. 1992 жылы Өжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық ин-

ститутының музыка бөлимине оқыўға кирип, оны 1997 жылы табыслы питкерип шығады.

Ол өзиниң мийнет жолын 1997ж. институттың «Хор дирижерлиги, вокал ҳәм музыка теориясы» кафедрасында оқытыўшылық кәсибинен баслайды.

1999 жылы Ташкент мәмлекетлик педагогика университети, Улыўма педагогика кафедрасына аспирантураға оқыўға түседи. Илимий жумысын педагогика илимлериниң докторы М.Қурановтың басшылығында «Қарақалпоқ миллий мусиқий анъаналари асосида бўлажак мусиқа ўқитувчиларни маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари» деген темада баслайды.

Аспирантура дәўиринде бирнеше илимий мақалалар, методикалық қолланбалар шығарды. Аспирантураны 2002 жылы жуўмақлап, НМПИ ға келип «Чолғу асбоблари» кафедрасында ассистент оқытыўшы лаўазымында өз мийнет жолын даўам еттиреди. 2005 жылы кандидатлық диссертациясын жақлап, педагогика илимлериниң кандидаты дәрежесин алыўға еристи. Ҳәзир С.Романова НМПИ диң «музика асбаплары» кафедрасы доценти лаўазымында өз жумысын даўам еттирип атыр.

## Түркменбай Жийемуратов



Түркменбай Садықович Жийемуратов 1953 жылы Шымбай районында улама шаңарағында дүньяға келеди. Әкеси Муҳаммедсадық Жийемурат улы Қарақум ийшан медресесинде тәлим алган талыб илим адам болған.

Түркменбай Жийемуратов 1970 жылы Шымбай районы Шахаман аўылындағы орта мектепти айрықша баҳаларға питкереди. 1975 жылы Өзбекстан миллий университети физика факультетине оқыўға кирип, оны 1980 жылы тамамлайды. Университетти питкергеннен соң Нөкис қаласындағы Ғабдулла Тоқай атындағы орта мектепте физика пәни муғаллими болып, кейнинен усы мектеп директорының оқыў-тәрбия ислери бойынша орынбасары, мектеп директоры (1982-1989) лаўазымларында ислейди. Соң Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Оқыў-методикалық орайына 1990 жылы жумысқа өтеди. Ол бул жерде аға методист, 1-категориялы қәнийге-методист лаўазымларында жумыс ислейди.

Белгили дәрежеде жәмийетшиликке танылған Түркменбай Жийемуратов 1994 жылы Әжинияз атындагы Нөкис Мәмлекетлик педагогикалық институтының «Педоғогика» кафедрасына оқытыўшы болып жумысқа орналасады. Ол педоғогикалық институтқа келгеннен кейин устазлық етиўден тысқары илимий излениўши сыпатында Қарақалпақстан Республикасында хызмет көрсеткен илим ғайраткери, педагогика илимлериниң докторы, профессор Өсербай Әлеўовтың илимий басшылығында «Қарақалпақстанда мектептен тысқары билим бериў мекемелериниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы» темасында илимий-изертлеў жумысын алып барады. Нәтийжеде 2006 жылдың 7-сентябринде Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан Педагоғика илимлери илимий изертлеў институты жанындағы Қәнийгелестирилген кеңесте «Қарақалпақстанда мектептен тысқары билим бериў мекемелериниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы» темасында 13.00.01-Педагогика теориясы ҳәм тарийхы қәнийгелиги бойынша кандидатлық

диссертациясын табыслы жақлап шығады. Бул илимий изертлеў жумысы Қарақалпақстан педагогикасы илими тарийхына қосқан елеўли жаңалық болып, онда туңғыш ирет Қарақалпақстан Республикасында 1920-2004 жыллардағы мектептен тысқары билим бериў мекемелери раўажланыўының тийкарғы багдары ҳәм нызамлықлары педагогикалық көз қарастан анализ етилип, ғәрезсизлик жылларында мектептен тысқары тәлимниң раўажланыўын тәмийнлеўши педагогикалық шараятлар илимий тийкарда баянланып берилген ҳәм олардың тәлим-тарбия тарийхында услаған орны анализ етилген.

Туркменбай Жийемуратовтың баспа сөзде жәрияланған илимий-педагоғикалық, методикалық мақалаларының тематикасы жүдә кең. Оларда көбинесе ҳәммени ойландырып жүрген проблемалы мәселелер ҳаққында сөз болады. Мәселен: «Қарақалпақ алфавити қандай болыўы керек?, «Экологиялық тәлим-тәрбияның пәнлер аралық байланысы», «Қарақалпақ миллий мектеби қандай болыўы керек?, «Сулайман Бақырғаний ҳәм оның ағартыўшылық ой-пикирлери», «Сабаққа талқылаў қалай апарылады?», «Ибн Сино ҳәм оның тәлим-тарбиялық ойлары», «Шебер муғаллим қандай болыўы тийис?», «Ҳәзирги педагогикалық машқалалар», «Оқыўшылардың билимин оптимал қадағалаў», «Жадидшиликтиң Түркстанда тарқалыўы», «Педагогикалық диагностика тәрбия процессиндеги зәрүрлик» т.б. мақалаларында тек педагогикалық проблемалар ғана емес, философия, тил ҳәм әдебият, тарийх, этика мәселелери де сөз етиледи.

Түркменбай Жийемуратовтың усы күнге дейин баспа сөзде 60 тан аслам илимий-педагогикалық, методикалық мақалалары, мийнетлери басылып шықты. Сондай-ақ оның «Физика терминлериниң түсиндирме сөзлиги» (Нөкис,

1996ж.), «Қорақалпоғистонда мактабдан ташҚары таълим муассасаларининг шаклланиши ва ривожланиши» (Тошкент,2006.) атлы китаплары басылып шықты.

Түркменбай Жийемуратовтың илимий-педогогикалық хызметлери есапқа алынып халықаралық «Antique World» Илимлер Академиясының 2006 жыл 14-июльдеги № Р-48 қарары менен оған усы академияның доценти атағы берилди. Педагог алым Түркменбай Жийемуратов ҳәзирги күнде тәлим-тәрбия проблемаларын изертлеў жумыслары менен шуғылланыўын даўам етип атыр.

## Райхан Әлеўова



Әлеўова Райхан Шарибаевна 1978 жыл 2 январда Москва қаласында шыпакер шаңарағында туўылды. Ол ўақытты әкеси медицина илимлериниң кандидаты, невропатолог врач Шарибай Әлеўов шаңарағы менен Москвада жасап, Боткин атындағы клиникалық больницада жумыс ислеп атыр еди.

1994 жылы Хожели қалалық № 18 орта мектепти табыслы питкерген Райхан сол жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Мектепке шекемғи тәрбия» факультетине оқыўға кирип, 1998 жылы усы факультетти айрықша диплом менен тамамлады.

1998 жыл сентябрь айынан баслап Хожели педагогикалық колледжине педагогика пәни оқытыўшысы болып жумысқа өтеди.

Илимге қызықсынған Райхан 2001-2003 жыллары Ташкенттеги Низамий атындағы ТМПУдың «Педагогика» кафедрасына кундизги бөлимде аспирантурада билим алады. Аспирантурада оқыган дәўиринде «Жыл аспиранты» конкурсына қатнасып, университет бойынша биринши орынды ийелейди.

Жас алым бул жыллар «Амир Темурнинг маърифийтарбиявий карашлари» атлы темада белгили илимпаз, пед. илими. доктори. проф. С. Нишанованың басшылығында илимий-изертлеў жумысларын алып барып, “Халық тәлими” журналында (2002, №3, 2003 №1.) “Амир Темур жасларда ғурур сезимин тәрбиялаў ҳаққында”, “Амир Темур ҳәм илим-пән раўажланыўы”, сондай-ақ “Қарақалпақстан муғаллими” журналында (2002, № 1-2.) “Әмир Темур инсаннын ақыл искерлиги ҳаққында” ҳәм басқада онлаған илимий мақалаларын жәриялады. Оның 2006 ж. Ташкенттеги “Фан” баспасынан “Амир Темурнинг маърифий тарбиявий қарашлари” атлы методикалық қолланбасының шығыўы жас алымның үлкен жетискенлиги болды.

Райхан аспирантураны тамамлағаннан кейин 2004 жылдан баслап Хожели педағогикалық колледжинде бурынғы өз жумысын оқытыўшы сыпатында даўам еттиреди. Соң 2004 жыл сентябрде НМПИ дың «Мектеп ҳәм мектепке шекемги тәрбия педағогикасы» кафедрасына оқытыўшы болып жумысқа орналасады. Педагогикалық жумыс пенен бирге ол илимий жумысларында жетилистирип отырды.

Нәтийжеде 2006 жылы Қары – Ниязий атындағы Өзбекистан Педагогика илим изертлеў институтының Қәнийгелестирилген илимий кеңесинде "Амир Темурнинг маърифий-тарбиявий қарашлари" темасында кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шықты.

Жас алым Р.Әлеўова ҳәзир Өзбекстандағы XIV-XVI әсирлердеги мектеп ҳәм педагогикалық ой пикирлер деген машқала бойынша илимий жумысларын даўам еттирип атыр.

### Райхан Нуржанова



Нуржанова Райхан Уразбаевна 1978 жыл 10 июнда Амудария районының «Ақ алтын» колхозында туўылды. 1992 жылы Амудария қалалық № 41-санлы орта мектепти табыслы питкерген. 1994 жылы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Мектепке шекемги тәрбия» факультетине оқыўға кирип, 1998 жылы усы факультетти табыслы тамамлайды.

1998 жыл сентябрь айынан баслап Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Руўхыйлық ҳәм агартыўшылық» бөлими методисти болады. 2002 жылы усы институттың «Педагогика» кафедрасына ассистент оқытыўшы болип жумысқа өтеди.

Илимге қызыққан Райхан 2002-2004 жыллары Ташкенттеги Қары – Ниязий атындағы Өзбекстан Педагогикалық илимий-изертлеў институтының кундузги бөлимине

аспирантураға киреди. Педагогика илимлериның докторы, профессор Р.Сафарованың илимий басшылығында «Бошланғич таълим мазмунини прогнозтика қилишнинг педагогик омиллари» атлы темада илим-изерлеў жумысларын алып барып, «Халқ таълими», «Узлуксиз таълим», «Педагогик махорат», «Вестник» журналларында 10 нан аслам мақалаларын жариялады. Оның 2005 жылы Ташкенттеги «ФАН» баспасынан «Ўзбекистон Республикасида умумий ўрта таълим стратегияси муаммолари ва таълим мазмунининг янги моделлари, уларни татбиқ этиш йўллари» атлы монографиясының шығыўы жас алымның улкен жетискенлиги болды.

Р.Нуржанова 2006 жылы Қары – Ниязий атындағы Өзбекстан Педагогикалық илим-изертлеў институтының Қәнийгелестирилген Илимий Кеңесинде «Бошланғич таълим мазмунини прогнозтика қилишнинг педагогик омиллари» темасында кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шықты. Ол ҳәзирги даўирде Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Педагогика» кафедрасында жумысын даўам еттирип атыр.

# МАЗМУНЫ

Қарақалпақстанда педагогика илиминиң илим сыпатында қәлиплесе баслаўы (1920-1930.жж.) ..................... 3
Жумек Орынбаев ..................... 28
Нағмет Орынбаев ..................... 33
Өсербай Әлеўов ..................... 37
Алғазы Бекбасов ..................... 47
Рабиға Гиндуловна Тимашева ..................... 49
Әнес Омаров ..................... 51
Жумырбай Қайырбаев ..................... 52
Пердебай Шылманов ..................... 55
Шүкиржан Непесова ..................... 58
Ғайбулла Баймуратов ..................... 60
Хван Раида Павловна ..................... 61
Бердимурат Султамуратов ..................... 62
Рейим Жуманиязов ..................... 64
Балмағамбет Жоламанов ..................... 66
Қошқарбай Данияров ..................... 67
Аминбай Қурбанбаев ..................... 69
Энажон Янгибаева ..................... 71
Корсеев Олег Борисович ..................... 73
Нөкисбай Жумабаев ..................... 74
Арзы Пазылов ..................... 76
Оразымбет Маткурбанов ..................... 78
Сабит Бабаев ..................... 80
Тамара Караматдинова ..................... 81
Искендер Пирниязов ..................... 83
Гулайда Қаллибекова ..................... 85
Полат Серимбетов ..................... 86

Турсынбай Айтанов ........................................ 88
Гулнара Жумашева ........................................ 89
Марат Утепбергенов ........................................ 92
Улбосын Сейтжанова ........................................ 94
Айгүл Урумбаева ........................................ 96
Исмаил Алланиязов ........................................ 97
Парахат Абдимуратов ........................................ 99
Қалбай Сейтмуратов ........................................ 100
Айжан Наўрызбаева ........................................ 103
Шынғыс Сапаров ........................................ 104
Аскарбай Тилегенов ........................................ 106
Гулайым Урумбаева ........................................ 108
Лиза Бекниязова ........................................ 110
Замира Қурбаниязова ........................................ 111
Фарҳад Бабашев ........................................ 113
Нигара Бекниязова ........................................ 115
Периўза Берданова ........................................ 116
Санобар Романова ........................................ 118
Түркменбай Жийемуратов ........................................ 119
Райхан Әлеўова ........................................ 122
Райхан Нуржанова ........................................ 124

Усербай Әлеўов, Тажибай Утебаев

# Қарақалпақстанда педагогика илиминиң кәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы

Тошкент – «Fan va texnologiya» – 2007

**Муҳаррир:** Қ.Авазбаев
**Тех. муҳаррир:** А.Мойдинов
**Мусаҳҳиҳ:** А.Абдураимова
**Компьютерда саҳифаловчи:** Ш.Мирқосимова

Босишга рухсат этилди 30.03.07. Бичими 60х84 $^1/_{16}$. «Timez New Roman» гарнитураси. Офсет босма усулида босилди. Шартли босма табоғи 8,25. Нашриёт ҳисоб табоғи 8,0. Адади 500. Буюртма №30

«Fan va texnologiyalar Markazining bosmaxonasi»да чоп этилди. 700003, Тошкент шаҳри, Олмазор кўчаси, 171-уй.

ISBN 978-9943-10-042-8
9 789943 100428